


SUMUNAR

*ANTOLOGI CRITA CEKAK
BENGKEL SASTRA JAWA 2006*



**BALAI BAHASA YOGYAKARTA
2006**

SUMUNAR

ANTOLOGI CRITA CEKAK

BALAI BAHASA YOGYAKARTA
2006

SUMUNAR

Antologi Crita Cekak

cithakan kapisan

Agustus 2006

edhitor

Imam Budi Utomo

Sri Haryatmo

dhesain samak

Vivin Fitriya Buditama

panerbit

Balai Bahasa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta 55224

Telepon (0274) 562070, Faksimile (0274) 580667

***Email:* balaibahasayk@plasa.com**

***Website:* www.balaibahasa.com**

ISBN

979-8477-11-1

ATUR SAPALA

Puji syukur *Alhamdulillah* tansah korjuk ing ngarsaning Gusti Kang Amurbeng Jagad awit antologi crita cekak *Sumunar* iki bisa kababar lan katur ing ngarsaning para sutresna basa lan susastra Jawa. Antologi iki mujudake kumpulan crita cekak asil karyane para pasarta Bengkel Sastra Jawa 2006.

Bengkel Sastra Jawa 2006 kang diadani kaping lima saben dina Minggu, wiwit tanggal 16 Juli nganti tanggal 6 Agustus lan kapungkas-an tanggal 27 Agustus 2006, nggladhi babagan proses kreatif nyerat crita cekak. Dene tutor ing Bengkel Sastra Jawa 2006 yaiku Kakangmas A.Y. Suharyono lan Kakangmas Krishna Mihardja kang wus kaloka ing jagading kasusastran Jawa modheren.

Pasarta Bengkel Sastra Jawa 2006 iki para kadang guru SLTP sa-DIY kang mung cacah 25, iya awit biaya kang sarwa cumpen. Ananging semangat makantar-kantar saka para pasarta ndadekake Bengkel Sastra Jawa 2006 lumaku kanthi gayeng lan regeng. Kepara 75% pasarta kang melu gladhen banjur ngripta crita cekak kang wujud bisa kawaos ana ing antologi iki.

Antologi crita cekak iki bisa kababar awit pambiyantu Panjenengan. Mula, panitya atur paruwun marang Drs. Syamsul Arifin, M.Hum. minangka Kepala Balai Bahasa Yogyakarta, Drs. Darno, M.A. minangka Kepala Dinas Pendidikan dan Pengajaran Kota Yogyakarta, para koordinator subbidang ing Balai Bahasa, Kakangmas A.Y. Suharyono lan Kakangmas Krishna Mihardja, uga para kadang kang tansah biyantu bot-repote panitya mbabar antologi iki. Nuwun.

Imam B. Utomo

DHAFTAR ISI

ATUR SAPALA	v
DHAFTAR ISI	vi
TINTINGAN	ix
<i>Senthir</i>	
Siti Atibah	1
<i>Komputer</i>	
Siti Kisdiyantini	7
<i>Panas</i>	
Siti Kisdiyantini	14
<i>Guling</i>	
Ris Hartini	19
<i>Pinter, Minteri</i>	
Ris Hartini	21
<i>Anak Kuwalon</i>	
Sofwan	24
<i>Klambi Abang Nengsemake</i>	
Sofwan	30
<i>Kegedhen Empyak Kurang Cagak</i>	
Siti Nurul Chayati	37
<i>Bingung</i>	
Subinah	44
<i>Rondha</i>	
Sumirah	47
<i>Calon</i>	
Siti Shobariyah	52

<i>Sri Panggung</i> Ki Bancak	57
<i>Eling</i> Christina Sukini	63
<i>Wayuh</i> Wasi Riyanto	66
<i>Grahana</i> Wiwik Indriyani	70
<i>Sri Pamulatsih</i> Slamet Nugroho	75
<i>Endi kang Kudu Dipilih</i> Slamet Nugroho	82
<i>Malem Tirakatan</i> Iriyanti	90
<i>Bandha Titipan Anak Gadhuhan</i> C. Sri Hartuti	94
<i>Wirang</i> Ki Wahyudi Purnama	98
<i>Mendhung Katresnan</i> Ki Wahyudi Purnama	103
<i>Kecelik</i> Wahyono	107
<i>Bingunge Wong Tuwa</i> Ponidi	112
<i>Undangan Sembako</i> Sri Widiastuti	116
<i>Tresna kang Culika</i> Nining Siswoyo	119

MAKALAH	124
<i>Sakeplasan Bab Cita Cekak</i> A.Y. Suharoyono	124
<i>Membangun Sebuah Cerita</i> Krishna Mihardja	126
BIODHATA PENGARANG LAN TUTOR	131

TINTINGAN

PENGAREP-AREP SING (MUGA-MUGA) BISA NETES Cathetan Alit Saka Tutor

Salaras karo jenenge, bengkel mono mujudake sawijining srana kanggo ndandani barang, embuh kuwi barang kang rusak utawa mbenakake barang sing kurang pener. Mung wae ing bengkel sastra iki penulis luwih sreg yen migunakake bab sing kapindho, yakuwi mbenakake sing kurang pener. Tegese, nalika sepisanan penulis kang dipercaya minangka tutor mawas yen para peserta kang dumadi para guru SMP kuwi genah manawa dudu barang rusak. Bab mau kabukten, sepisanan kumpul langsung "digebrag" supaya nulis crita cekak.

Sekawit pancen padha sambat lan protes yen ora bisa nulis, kanthi sawernaning alesan sing tinemu nalar. Sing babar pisan durung tau nulis crita cekak rumangsa bingung. Olehe teka ing Bengkel Sastra Jawa iki saperlu ajar kok langsung dikon gawe crita cekak? Lan sapanunggalane alesan kang wose padha, yakuwi ora bisa! Mung wae, penulis tetep meksa, embuh kepriye dadine sing penting gawe. Perkara asile apik apa elek, kurang apa luwih, tiba mburi. Rehne rumangsa dipepet, kanthi kepeksa, wusanane ya banjur padha gawe. Maneka warna solah, ana sing serius, santai, malah ora sefithik sing ndadak lungguh ndhewe utawa golek papan sepi. Jarene, luwih kepenak anggone golek inspirasi, tur ya ora krasa keganggu ing liyan. Kabeh disekarep utawa dibebasake. Sing penting gelem lan bisa gawe crita cekak.

Ing wektu sing wis katemtokake, gladhen di-stop lan asile dikumpulake dening tutor lan panitya. Asil reiptan mau banjur ditliti, ditusur, lan ditlesih mungguh becik lan kurange naskah. Pranyata pancen nyolong pethek. Meh kabeh peserta sejatine duwe bakat gawe karya crita cekak. Anggone milih tema, gawe alur, lan ejaan wis pener. Yen ana kekurangane kuwi wajar. Awit sanajan racak-racak guru basa Jawa, ananging jejibahane winates ngiling ilmu basa Jawa marang muride. Dene ngenani nulis cerkak, pancen akeh sing durung tau. Malah siji loro lagi ngalami nulis cerkak nalika metu Bengkel Sastra Jawa 2006 iki.

Mbaka siji naskah-naskah sing ana banjur ditintingi. Ing kene tegese bengkel temen-temen wiwit dipigunakake. Ironing wektu candhake, saben patemonan kang diadani dina Minggu, karya-karya mau dibedhah. Srana

pribadhi, mbaka siji dikandhani lan didunungake mungguh kekurangan lan keluwihane. Sawise iku, ing sidhang pleno uga diterangake mungguh karya sastra Jawa sing bener lan pener. Sawise kuwi naskah dibalekake marang peserta kanthi pangajab amrih dibenakake salaras karo arahan saka tutor lan paritaya sing ora kendhat nuntun peserta. Minggu candhake asil karya mau digawa maneh. Banjur dipriksakake marang tutor. Mesthi wae sawise dibenakake.

Mangkono sakeplasan lakune Bengkel Sastra Jawa 2006. Wektu kang dicawisake pancen mepet lan winates banget. Mula kudu bisa anggone ngatur wektu supaya kabeh program kang dirancang bisa lumaku kanthi rancang. Tujune ana timbal-balik. Tegese, peserta bisa proaktif lan nindakake tugas-tugas sing digarisake tutor. Ing pungkasaning patemonan, lan sawise diwawas padha mumpuni, diandharake teknik-teknik kepriye carane nembus medhia basa Jawa. Iki penting. Awit diajab mengkone para guru ora mung mulang basa Jawa. Ananging uga bisa ngarang. Lan sing paling penting, asil karyane bisa kaamot ing medhia cetak lan elektronik. Kanthi mangkono, rong bab mengkone bisa karegem, yakuwi minangka guru lan pengarang sastra Jawa.

Balai Bahasa Yogyakarta wus nyepakake papan lan fasilitas. Tutor uga menehi sangu. Lan asile uga bisa dipriksani ing antologi kang kababar iki. Diajab, kreativitas para peserta ora mung tekan semono, nanging ing tembe bisaa mencungul sastrawan Jawa saka Bengkel Sastra Jawa 2006 iki. Sawijining pepinginan sing ora muluk-muluk. Kuncine mung siji: tansah nulis, nulis, lan nulis!

Salam kreatif,

A.Y. Suharyono
Krishna Mihardja

SENTHIR

Siti Atibah

Mulih sekolah Satriyo gegancangan nyelehake tas gedhe kang katon kebak buku. Wedang putih ing gelas plastik diombe nganti entek. Krongkongan sing maune garing saiki wis teles. Seger. Nanging praupane Satriyo isih katon suntrut. Dheweke tansah kepikiran Bapake sing wis patang dina iki ora bisa tangi. Mula kanthi rerikatan Satriyo tumuju ing kamar Bapake sinambi nyangking tas kresak isi bungkusane bubur.

"Kados pundi, Pak? Taksih mumet?" pitakone Satriyo lirih ing sacedhake kupinge Bapake.

Pak Widodo isih merem ngampet lara. Nanging bareng kupinge krungu swarane anake sing lagi kelas nem SD, Pak Widodo kriyip-kriyip ngelekake mripate.

"Iya ...Le. Bapak ...isih krasa ... mumet," wangsulane Bapake kanthi swara grothal-grathul.

Satriyo enggal-enggal mijeti sikile Bapake. Bocah umur rolasan taun iku panosen ngeman banget marang Bapake. Sawise Ibune seda, ya kari Bapake iki siji-sijine wong ing donya iki kang diduweni dening Satriyo.

"Dhahar bubur rumiyin, nggih Pak?" pitakone Satriyo sinambi mbukak bungkusane isi bubur. Sabubare sekolah Satriyo ora lali tuku bubur rong wungkus ana ing warunge Yu Jum.

Katon luh kumembeng ana ing pojok mripate Pak Widodo. Atine trenyuh banget weruh pangabektine anake lanang kang semono gedhene. Pikirane uga banjur kelingan marang bojone kang wus mulih ndhisik ing pangayunaning Pangeran.

Sanajan ilat krasa pait, Pak Widodo nurut marang anake lanang. Bubur sawungkus wis pindhah ana ing wetenge Pak Widodo.

"Malih, Pak?"

"Ora, Le. Bapak ... wis krasa ... wareg ...," wangsulane Pak Widodo.

"Ggih syukur, Pak. Mugi-mugi kekiyatan Bapak enggal pulih. Mangga, ngurjuk rumiyin."

Sabubare ngladeni Bapake, Satriyo banjur mbukak wungkusane siji maneh. Ora nganti samentit, bubur sawungkus wis ludhes tanpa sisa.

"Wis, Le. Turua ... ndhisik. Mengko bengi ... kareben bisa sinau," kandhane Pak Widodo kanthi swara kang isih grothal-grathul.

"Sampun, Bapak rumiyin ingkang kedah sare. Kersanipun enggal dhangar," wangsulane Satriyo. Tangane age-age mijeti sikile Bapake. Pak Widodo katon krasa kepenak dipijeti. Ora let suwe Pak Widodo wis lumebu ing alam impen.

Kain jarit sing wis pantes diarani gombal dikrukutake ing sikile Bapake. Satriyo katon unjal ambegan landhung. Atine banget welas ndeleng Bapake sing awake sangsaya kuru.

"Aku kudu bisa golek dhit kanggo tuku obat," grenenge Satriyo. Dhuwit celelangane Bapake sing ora sepiroa wis meh ludhes. Yen ora bisa golek dhuwit, banjur apa sing arep dipangan? pikire Satriyo. Apa maneh kudu tuku obat kanggo Bapake.

Kanthi alon-alon, lawang kamar ditutup. Satriyo banjur nyandhak tase lan ngetokake tumpukan koran.

"Humm, muga-muga Gusti Allah paring rejeki," kandhane Satriyo ing sajroning ati. Satriyo mesem. Sajak optimis.

Awan kuwi Satriyo nyoba dodolan koran ing prapatan dalan gedhe sing adoh saka omahe. Satriyo pancen wegah golek dhuwit kanthi cara ngamen sanajan ya halal. Lurwih becik dodolan koran, mangkono pikire Satriyo.

Awan kuwi prapatan bangjo katon rame. Mobil mewah lan motor padha mandheg ngenteni lampu sumunar ijo. Satriyo kang lagi teka age-age tumuju ing prapatan. Kringet kang dleweran ing gulu ora direwes.

"Koran, Oom?" Satriyo nawakake koran marang sawijine priya lemu ing sajroning mobil Mercy.

"Humm," wangsulane priya lemu karo nuding koran sing dikarepake.

Satriyo rerikatan ngulungake koran. Bareng koran ditampa dening priya mau, lampu abang gumanti ijo. Durung nganti Satriyo nampa dhuwit, mobil Mercy ngglanyir ninggalake Satriyo sing njenger, mlongo.

Satriyo ngelus dhadha. Unjal ambegan landhung. Pikirane katon nelangsa. Ora entuk bathi, malah kapitunan!

"Ah, sajake Gusti arep paring rejeki kang lurwih gedhe," grenenge Satriyo.

Alhamdulillah, ora nganti rong jam, rong puluh koran wis payu kabeh. Sanajan siji sing ora dibayar, ananging Satriyo isih bisa bathi wolulas ewu rupiah. Tumrape Satriyo, dhuwit samono wis aji banget. Bisa kanggo tuku obat lan tuku sega saklawuhe. Sisane ditabung kanggo tuku buku utawa kebutuhan sekolah liyane.

Sore kuwi Satriyo ngrumat Bapake. Sakojur awake Bapake dilap nganggo kain teles. Sawise ndulang lan menehi obat, Satriyo banjur mangan.

Sega kucing anggone tuku ing warung angkringan katon wis enak lan nikmat kanggone Satriyo.

“Le, apuranen Bapakmu.”

Satriyo katon jenggirat keprungu swarane Bapak. Mula Satriyo banjur pitakon, “Wonten menapa, Pak?”

“Kudune Bapakmu sing ngrumat kowe, Le. Golek sandhang pangan lan dhuwit kanggo sekolahmu.”

“Ah, Bapak sampun gadhah penggalihan ingkang kados makaten. Kula rumaos remen nglampahi sedaya menika.”

“Ya kuwi Le sing ndadekake Bapakmu trenyuh. Dudu Bapak sing golek dhuwit, nanging kowe, Le.”

Katon eluh kumembeng ing sapinggire mripate Pak Widodo. Atine banget keranta-ranta ngerti yen Satriyo sing lagi umur 12 taun wis kedhungangan golek dhuwit saperlu kanggo nyukupi kabutuhan keluarga. Pak Widodo banjur kelingan marang garwane sing wis seda. Saumpama ibune Satriyo isih ana lan dheweke waras, Satriyo temtu bisa sekolah kanthi becik. Dhuh Gusti, mugi Panjenengan tarsah paring kekiyatan dhumateng kula sakulawarga, pandongane Pak Widodo ing sajroning batin.

“Bapak istirahat kemawon. Sampun nggalih ingkang boten-boten. Mangke gerahipun sangsaya nemen. Kula saestu bingah saged biyantu ngenthengaken sangganipun Bapak.”

“Muga-muga Gusti ngijabahi panjangkamu, Le.”

“Amin Ya Robbal”

Durung nganti Satriyo nerusake tembung “Alamir”, dumadakan kori diithothok kaping telu.

“Thok ... thok ... thok”

“Assalamu’alaikum ...”

Keprungu swara serak tur abot saka jabaning lawang.

“Wa’alaikum salam ...” sumau Satriyo saka jero kamar. Age-age Satriyo metu saka kamar, tumuju ing lawang ngarep.

Bareng lawang dibukak, saiba kagete Satriyo weruh tamu sing lagi teka. Mobil Mercy mewah diparkir sacedhake wit pelem.

“Apa kowe bocah sing dodol koran awan mau?” pitakone wong lemu iku karo mesem.

“Nggih, kula piyambak,” sumau Satriyo.

“Ayo, Bapak kudu nyuwun ngapura marang Mas ... Mas sapa?” pitakone bocah wadon cilik umur sepuluh taunan.

“Satriyo.” Satriyo sumaur alon.

"Bapak kudu nyuwun ngapura marang Mas Satriyo," ujare si bocah wadon cilik iku karo mrengut nanging nggemesake. Astone Bapak sing lemu ditarik-tarik supaya nyalami Satriyo.

"Sumangga, lenggah rumiyin." Satriyo mbagekake tamune.

Tamu loro padha mlebu ngetut saburine Satriyo. Banjur lungguh ing kursi sing wis reyot kabeh. Priyayi lemu iku katon milang-miling ngingeti kursi sing wis banget turwane. Sajake kuwatir yen awake sing lemu iku bakal katut ambruk glanggaran bebarengan karo kursi. Dene bocah wadon cilik tanpa wigah-wigih banjur lungguh kursi. Praupane isih besengut.

"Sejatosipun wonten menapa, Pak?" ujare Satriyo marang priyayi lemu sing kanthi ngati-ati lungguh ing kursi.

"Ngene, Satriyo. Dhek awan mau Bapak durung nganti mbayar koran, nanging lampu ijo wis murub. Mula Bapak njaluk pangapuramu wae. Tujune ana putriku si Sinta sing manis iki. Yen ora, bokmanawa aku ya ora bakal bisa dolan mreng," ujare priyayi lemu sing asma Pak Bambang Sastroatmodjo.

Sinta katon gumuyu renyah weruh Bapak njaluk ngapura marang Satriyo. Atine katon marem. Praupane sing besengut wis ilang tanpa tlacak. Dhasar bocah aleman!

"Yen nyuwun ngapura thok, ya kecut, Pak."

"Ya ... ya ... ya, Bapak uga arep mbayar korane," sumature Pak Bambang karo mesem. Dhompet sing kandel banget wis metu saka sak clana. Pak Bambang banjur ndudut dhuwit salembar warna abang gambar Bung Karno lan Bung Hatta.

"Iki dhuwit minangka gantine anggonku mbayar koran, Satriyo."

Pak Bambang ngulungake dhuwit atusan ewu marang Satriyo. Nanging Satriyo mung njenger. Ora gelem nampani dhuwit sing lagi iki dingerteni dening Satriyo.

"Ayo Satriyo, kuwi dhuwit halal saka Bapak. Tampanana wae," sambunge Sinta serius.

"Boten, Pak. Kula sampun ikhlas, kok."

"Wis ta. Dhuwit iki rak bisa kanggo kebutuhanmu sekolah."

"Matur nuwun, Pak. Kula taksih gadhah arta inggih sarajan namung sekedhik"

"Huk ... huk ... huk ...," swarane Pak Widodo watuk-watuk saka njero kamar, "Ana sapa ta, Le?"

"Menika, Pak. Wonten tamu agung. Asmanipun Pak Bambang kaliyan Putrinipun."

"Hmmm, bener kandhane tangga-tangga ing kene. Bapakmu gerah, ya?" pandangune Pak Bambang.

"Inggih, Pak. Nanging namung gerah watuk, kok."

"Lara ya lara. Sanajan mung watuk, nanging yen kebanjur-banjur rak iya bisa bilai. Bapak bisa ketemu karo Bapakmu?"

"Sumangga, Pak. Ning nyuwun pangapunten, panggenanipun awon sanget"

Pak Bambang sajak ora ngrungokake kandhane Satriyo. Dheweke menyang saka kursi banjur mlebu kamar. Weruh Pak Widodo kang turon ana amben, Pak Bambang nyedhaki.

"Nyuwun pangapunten, Pak. Kula lancang kumawantun mlebet kamar Panjenengan."

Pak Bambang banjur lungguh sacedhake Pak Widodo kang kembang-kembang luh.

"Sampun priksa dhokter utawi tindak griya sakit, Pak?"

"De ... reng, Pak," sumau Pak Widodo apa anane.

"Manawi makaten, sumangga kula dherekaken wonten griya sakit."

"Matur sewu nuwun, Pak. Mangke rak mantun piyambak."

"Manawi boten dipun priksa, kados pundi badhe mantun? Mangke sangsaya nemen!"

Pak Widodo unjal ambegan landhung. Priksa nang rumah sakit? Ah, ragade njur pira? Kamangka dheweke ora duwe dhuwit. Mangan wae sing golek anake, Satriyo. Mangkono pangudasane Pak Widodo sajroning ati.

"Pripun, Pak? Mangke kula sedaya ingkang badhe mbayar," sambunge Pak Bambang sajak ngerti apa kang dadi pengalihane Pak Widodo.

Pak Widodo ora bisa sumaur. Pasrah. Apa priyayi lemu iki diutus dening Gusti murih biyantu dheweke?

"Dhuh Gusti, matur nuwun awit kanugrahan Panjenengan," ujare Pak Widodo lirih.

"Sumangga, Pak. Kula tuntun wonten ngajengan."

Pak Bambang klakon nuntun Pak Widodo mudhun saka amben. Alon-alon metu saka kamar. Satriyo lan Sinta sing wis katon raket age-age mbiyantu nuntun Pak Widodo tumuju ing Mercy .

Letsedhela, swarane mobil kang alus ninggalake papan kono. Tumuju ing rumah sakit. Ya ing rumah sakit kuwi Pak Widodo opname sepuluh dina. Dene sakabehe biaya ditanggung dening Pak Bambang.

Wis seminggu Pak Widodo ngayahi jejibahane maneh minangka tukang becak. Sanajan wis dirayu Pak Bambang murih gelem dadi pegawe ing

perusahane, Pak Widodo tetep ora gelem nampa. Dheweke wis rumangsa kepotangan budi kang ora bisa diukur marang Pak Bambang.

"Kula rumaos remen narik bercak, Pak. Inggih kanthi menika kula kepengin supados anak kula saged dados tiyang. Dados tiyang ingkang kawiwitan saking gesang ngrekaos," mangkono ngendikane Pak Widodo.

Dene Pak Bambang ya ora bisa meksa marang kekarepane Pak Widodo. Pak Bambang kepara salut marang Pak Widodo kang ora gelem nggantungake uripe marang liyan. Sabanjure Pak Bambang ngendika, "Inggih sumangga. Nanging menawi mbetahaken menapa kemawon, sampun sungkan-sungkan matur dhateng kula, Pak Widodo."

Ewadene Satriyo sing pancen bocah sregep, wulangan ing sekolahe moncer. Bola-bali dadi juwara ing sekolahe. Kepara dheweke entuk beasiswa. Satriyo bener-bener diajab dening wong turwane supaya dadi wong kang migunani tumrap bangsa lan negara. Mula dheweke ora oleh maneh dodolan koran. Wektune mung mligi kanggo sinau lan sinau. Sanajan yen sinau mung dipadhangi senthir.

Senthir kang wis madhangi kira-kira rong puluh taun kepungkur saiki tumata kanthi permati ing lemari kaca kagungane Pak Dhokter Satriyo. Dene Bu Dhokter Satriyo, ya Dhokter Sinta, sing ngrumat senthir "pusaka" mau.

"Bu, Andi mau lampu itu untuk mainan," ujure bocah lanang umur rong taun kanthi basa Indonesia.

"Ora pareng, iku lampu pusaka kagungane Bapak. Iya kanthi lampu kuwi Bapakmu bisa dadi priyayi kang hebat."

"Andi mau seperti Bapak. Andi mau belajal pake lampu itu."

"Iya, mengko Bapak karo Ibu mundhut senthir kanggo Andi, ya?"

"Holeee, Andi punya sentil. Andi punya sentil."

Bu Dhokter Sinta gumuyu kekel ndeleng putrane sing memper kakunge, mlayu karo sorak-sorak

—cuthel—

KOMPUTER

Siti Kisdiyantini

Kahanan laboratorium komputer ing papanku makarya saiki katon regeng. Ora amarga para murid lagi entuk wulangan Teknologi Informatika Komputer (TIK), nanging para bapak ibu guru wiwit minggu kepungkur diwajibake dening Kepala Sekolah kudu melu kursus pengenalan komputer supaya katut ombyaking jaman kang apa-apa saiki migunakake sistem komputerisasi.

"Mari Bapak-Bapak dan Ibu-Ibu Guru, kita mulai pengenalan komputer ini dengan belajar membuat *email* atau surat elektronik. Dengan *email* ini nantinya Bapak, dan Ibu Guru bisa berkirin berita dengan cepet tanpa harus menunggu beberapa hari, seperti kalau kita berkirin surat melalui pos. Marilah, pertama-tama"

Swarane tentor komputer padha digatekake kanca kabeh. Pranyata kabeh padha manut lan seneng kaya bocah cilik entuk dolanan anyar. Ya amarga rumangsa seneng bisa melu ngrasakake kamajoning teknologi migunakake komputer. Ing batin mbok menawa padha ngunandika, "Wah, aku ora bakal kalah karo cah-cah saiki. Amarga sithik-sithik wis bisa nggunakake komputer."

Aku dhewe rumangsa seneng entuk kalodhangan melu kursus iki. Saliyane gratis, uga bisa ngentheng-enthengi gawean administrasi guru ing mengkone. Upamane, gawe laporan biji murid-murid mung kari mbukak dhata sing wis disimpen. Arep gawe rangking mung kari mencet "klik". Arep gawe rata-rata biji ora sah ngetung mumet, mung kari nunul komputer kang ora gantalan suwe wis otomatis metu dhewe asile. Wah, jan kepenak teran yen aku bisa mahir migunakake komputer. Ora sah njaluk tulung ngetikke maneh. Kabeh wis bisa dak lakoni dhewe, tur mesthi cepete.

Kancaku kang asmane Pak Bambang iki pancen ora kalah semangate karo aku. Dhasar piyayine enerjik, mula ana kegiatan apa wae ing sekolahan mesthi dieloni. Kegiatan lintas alam, sepedha gembira, kemah, nganti kegiatan bhakti sosial. Sing asmane Pak Bambang mesthi ora tau kari.

Pancen, kegiatan kursus komputer kanggo para guru ing sekolahku padha disengkuyung kancaku kabeh, saengga ing saben jadwal kursus laboratorium komputer mesthi kebak. Iku kabeh amarga padha ngrasakake manawa komputer pranyata bisa nggampangake lan ngenthengake gaweyan administrasi guru. Sangsaya suwe meh kabeh kancaku wis lanyah anggone

ndemok komputer. Malah saiki ana sing wis bisa *chatting*, yaiku kirim-kiriman kabar utawa omong-omong karo wong liya sarana migunakake komputer.

Pak Bambang malah bisa diarani “keranjingan”. Saben-saben ana wektu lodhang mesthi digunakake *chatting*. Yen wis ngono, dheweke betah lingguh ing ngarep komputer nganti tekan sore. Aku dhewe sing biasane mung weruh, suwe-suwe malah ketarik kepingin bisa ngrasakake *chatting*. Tanpa wigah-wigih Pak Bambang malah ngajak lan ngajari aku supaya bisa melu-melu apa kang dadi karemane Pak Bambang: *chatting!*

“Weee, kadingaren. Njanur gunung tenan, Pak, njenengan dolan ing laboratorium komputer. Lagi ana jam kosong apa piye, Pak Joko?” pitakone Pak Bambang nalika weruh aku jumedhul saka lawang laboratorium komputer.

“Wah, sejatine aku dina iki pancen libur kelas, ora ana jam mulang, Pak. Tinimbang ing omah mung disambati bojo wae, tur marakake mumet, aluwung dolan ing laboratorium komputer, ngiras pantes nglanyahake anggonku nyinau komputer iki,” wangsulanku karo nyedhaki Pak Bambang kang katon asyik ketungkul mejat-mejat hurup-hurup ing *keyboard* komputer.

“Pak Bambang, njenengan ki lagi nggarap apa kok katon asyik banget?”

“Iki lho, Pak, sing jenenge *chatting*. Aku lagi entuk kenalan pirang-pirang cacahé liwat *chatting* iki. Malah ana sing wanodya, lho. Yen kepingin, tindaka mrene mengko dakajari.”

Pak Bambang iki pancen seneng sembranan wiwit isih dadi kancaku sekolah biyen. Dhasar rupane bagus lan dedege dhuwur. Mula ora nggumunake yen akeh wanita padha gandrung kayungyun. Emane, Pak Bambang kuwi seneng banget nyembranani wanita utawa malah kena diarani “buaya dharat”, kaya judhul lagune Ratu. Sifat mau pancen wis suda sakploke dheweke omah-omah karo Wati.

“Pak, aja mung ngematke! Ayo dakajari *chatting*, mengko rak njenengan terus bisa. Wah, nyenengke lho, Pak. Entuk tepungan karo wong akeh ing dunya maya. Mengko awake dhewe rak terus duwe kanca akeh sanajan ora tau gathuk ketemu. Iki aku malah entuk kenalan padha-padha guru matematika, jenenge Pak Bagya. Ayo dakkenalke.”

Aku kang wiwit mau mung ndelengke anggone Pak Bambang *chatting* suwe-suwe ketarik kepingin nyoba. Amarga wis rada kulina nyekel komputer, mula aku gampang wae nalika diajari *chatting*. Sedhela wae aku wis bisa nyapa pawongan-pawongan ing papan liya liwat komputer. Wah nyenengake tenan jebule. Aku bisa *refreshing* saka prakara-prakara sing marahi ruwet kanthi

chatting. Apa maneh ngingingi masalah ing bale somahku. Pikiranku banjur nglambrang tekan ngomah.

Sakjane wis sawetara wektu iki aku digawe bingung lan mumet amarga pokale Maryani, wanita kang wis sepuluh taun dadi bojoku. Dheweke kepingin kaya kanca-kanca sakantor sing padha duwe komputer. Mula dheweke banjur ngedrel njaluk ditukokake komputer. Alesane supaya gaweyan kantor bisa disambi ing ngomah lan ora perlu nglembur ing kantor. Nanging, sepira ta gajiku minangka guru golongan cendhek? Tur maneh, isih ketambahan tanggungan anak telu kang lagi kemragad-kemragade?

"Walah Bu, komputer mono rak regane ora murah lan anggone ngrawat ya kudu temenan? Tur maneh, sasi iki rak bocah-bocah mbutuhake ragat kang ora sethithik, ta? Yen pancen kudu ngrampungake tugas gaweyan, saiki rak akeh rental-rental komputer kang bisa disewa? Mengko dak rewangi yen aku ana wektu lodhang," mangkono kandhaku saben-saben bojoku njaluk ditukokake komputer.

Suwe-suwe Maryani bisa lilih panjaluke amarga yen dipikir kanthi temenan, pancen dhuwit gajiku sakloron saben sasine wis pas mlebu ing pospos kang wis mesthi.

"Thet-thet-thet...."

Bel tandha yen sekolah wis bubar nyadharake aku saka anggonku ngalamun. Aku uga banjur kelingan menawa aku lagi ana ing laboratorium komputer.

"Pak, aku bali sik wae. Dina iki aku wis kangsen karo bocah-bocah arep ngeterake golek buku," kandhaku marang Pak bambang.

"Wah, mbok mengko wae kondure. Iki aku lagi ketungkul omongan karo kanca *chatting*, je. Ning yen menawa njenengan wis ana acara liyane, ya ngaturi sugeng kondur. Aku mengko jam lima sore. Wong anak-anakku ya pinuju lagi ning omahe mbahne karo bojoku."

"Ya wis, Pak. Aku titip salam kenal wae karo kanca-kanca *chatting* ha ha" guyonku.

"Salam kenal, pa salam tempel, Pak?"

"We, aja sembrana! ana setan liwat mengko. Wis lho, Pak, aku nyuwun pamit dhisik. Selak ditunggu bocah-bocah."

Aku bajur nuntun montor tuwa sing wis pirang-pirang taun tansah setya ngetutake lakuku saka jaman aku isih kuliah tekan aku nyambut gawe, bebojoan, lan saiki malah wis anak-anak telu. Yen nuruti ati, sakjane ya kepingin ganti kendharaan. Nanging amarga kebutuhan liyane luwih wigati, pepinginan ganti kendharaan kudu dikalahake karo cicilan omah, ragat sekolah bocah-bocah, sarta kanggo urip saben dinane. Mendah kaya apa abote menawa

Maryani, sisihanku, ora melu nyambut gawe? Senajan mung dadi pegawai administrasi ing perusahaan swasta, nanging kabeh mau wis bisa melu njejgake ekonomi keluargaku.

Tekan sekolahane bocah-bocah pranyata anakku wis padha ngadhang ing gapura sekolah. Sing cilik karo sing mbarep mbonceng ing mburi, dene sing nomer loro mbonceng ing ngarep. Bocah-bocah langsung padha njujug ruwang makan lan langsung nyerbu masakan kang wis disedhiyakake rewangku.

"Ibune durung bali pa, Mbok?" pitakonku marang Mbok Nah nalika mlebu omah ora weruh glibete sisihanku.

"Dereng je, Pak. Mbok menawi lembur. Ning kala wau sampun kondur lajeng medal malih. Ngendikane badhe wonten rental ngetik laporan menapa napa ngaten, Pak."

"Ya wis yen ngono, Mbok. Tutung bocah-bocah kae diurusi dhisik, Mbok. Aku dak ngaso."

Aku banjur tumuju kamar salin klambi lan leyeh-leyeh karo mbatin bojoku kang wis sawetara iki seneng bali sore kanthi alesan nggarap laporan kantor ing rental. Kaya-kaya saiki wis nglirwakake jebibahan dadi ibune bocah-bocah. Nggarap tugas kantor ki kena-kena wae, nanging yen nganti nglalekake jebibahan minangka ibune bocah-bocah, lha rak malah mesakake anak-anakku? Kagawa saka keseling awak, suwe-suwe aku keturon.

"Pak, wis surup. Ayo wungu! Ora ilok surup-surup sare."

Ngerti-ngerti Maryani wis nggugah aku kanthi durung ganti klambi, mratandhani yen dheweke lagi wae mentas bali.

"Kok nganti tekan yah mene anggonmu metu, Bu? Mesakake bocah-bocah padha nakokake ibune terus."

"Lho, Pak. Aku metu rak merga ngrampungake tugas-tugas kantor. Yen mung daktulis tangan ngono wae ya bisa, ning rak ora praktis. Tur kesuwen! Mula aku banjur ngetik ing rental. Aku wingi-wingi rak wis usul mbok diusahakake golek komputer. Ya ra ketang seken ning angger isih apik rak ya ra papa, ta?"

"Dhuwit saka ngendi, Bu? Gene ngerti dhewe yen kebutuhane dhewe iki pancen pirang-pirang? Apa maneh bocah-bocah lagi mangsane kemragad."

"Lha merga saka iku, aku saiki kerep ning rental ngetik laporan-laporan gaweyan iki. Lha yen ing ngomah ra ana komputer, neng ngendi maneh yen ora neng rental?" saute Maryani emoh kalah. Mula aku bisane ya mung ngalih, terus mlebu kolah, adus!

Dina-dina cardhake kena dipesthekake menawa Maryani mesthi bali yen wis wayah surup. Aku dhewe wis makaping-kaping ngandhani yen

keterusan bocah-bocah lan keluwarga bakal kapiran. Nanging kaya sing uwis-uwis, malah banjur panas lan rame. Mula aku mung trima meneng.

"Thet... thet... thet"

Bel ing sekolahhanku wis muni. Mratandhani yen jam pelajaran arep diwiwiti. Aku banjur njujug laboratorium komputer. Aku mbatin, Pak Bambang mesthi lagi *stand by* siap-siap *chatting*. Pancen, dina iki aku lan Pak Bambang lagi ora ana jam mulang. Mung entuk tugas piket Nanging aku lan Pak Bambang malah ndhepis ing ngarep komputer. Sawise ngerti komputer lan bisa *chatting* mrana-mrene, Pak Bambang kaya wong nyidham. Saben-saben ana wektu kang lodhang mesthi *chatting* golek kenalan wanita-wanita kang gelem disapa lan diajak kenalan ing dunia maya kang katone asyik kanggone dheweke.

Eman tenan, teknologi modheren kang kudune bisa kanggo nyengkuyung tugas-tugase minangka guru, kepara malah dislewengake dening Pak Bambang. Wis telung minggu iki dheweke tetepungan karo wanita kang aran Yuning liwat *chatting*. Pisan pindho kekarone mung padha "*Say Hello*" wae menawa ketemu ing dunia maya mau. Nanging suwe-suwe kekarone tambah akrab lan malah kaya wong padha sir-siran. Wah, kancaku siji iki pancen edan tenan. Wis duwe bojo ayu kok ya isih kurang ta, ya? Wis makaping-kaping aku ngandhani bab tingkah polah Pak Bambang kang bisa mbebayani tumrap keluwargane, nanging dheweke ora tau nanggapi serius omonganku. Malah kaya-kaya semu ngece.

Mumet tenan aku saiki. Ing gaweyan ketemu Pak Bambang sing lagi "kasmaran" maneh karo Yuning kenalan *chatting*-e. Ana ing omah ngerteni Maryani sisihanku sing uga saben-saben bali telat amarga kerep mampir ngetik laporan tugas kantor ing rental.

Aku sengaja marani Pak Bambang ing laboratorium komputer kepingin ngerteni apa dheweke isih nerusake anggone *chatting* karo Yuning. Jebul tekan kono dheweke wis ngawe-awe ngajak aku supaya njejeri lungguhe karo maca ukara kang tinulis ing layar monitor. Ing kono genah aku bisa maca menawa dheweke karo Yuning arep nganakake patemon utawa "kopi dharat", istilaha ana ing *chatting*.

"Pak Bambang, njenengan aja dolanan geni lho, Pak. Kok wani-wanine kangsen karo piyayi putri. Eling yen Panjenengan iki wis kagungan keluwarga," aku nyoba nyadharake Pak Bambang kang sajak puber kaping pindho.

"Aku iki mung kepingin ngerti lan weruh wae, Pak. Ora bakal neka-neka, kok," panyaute Pak Bambang nyengenges.

Wah, pancen rada edan tenan kancaku siji iki. Kangsen malah ngajak-ajak bala. Sakjane aku wegah nanggapi ajak-ajake Pak Bambang. Nanging, aku kok malah melu penasaran kepingin ngerti sapa ta sejatine Yuning kuwi.

Mula nalika Pak Bambang *chatting* karo Yuning, aku uga melu nimbrung anggone omong-omongan liwat komputer. Pancen kena diarani Yuning kuwi carane ngomong genit lan mesthi gawe penasaran kanca *chatting*-e. Aja maneh kok Pak Bambang, aku wae sing mung melu-melu maca dadi penasaran.

"Piye Pak, njenengan wis kepingin ngerti lan tetepungan liwat kopi dharat karo Yuning, ta? Mula ayo melu aku wae patemon karo dheweke. Mengko jam telu, piye?"

"Wah piye, ya? Apa Njenengan ki ora rumangsa kuwatir yen bakal kadenangan Wati, sisihan Njenengan? Mengko yen nganti ana apa-apa, piye? Wis Pak, cukup kenal ning dunia maya wae. Aja dolanan geni, mengko kobong" kandhaku nyoba ngelekake lan ngandhani supaya Pak Bambang njugarake rencanane anggone arep patemon karo Yuning.

Embuh setan endi sing mbisiki kok kancaku siji iki tetep nekad ketemu karo Yuning. Malah meksa-meksa aku supaya gelem ngancani kareben katon samun yen kepethuk kanca gaweyan. Nanging aku bali kukuh nolak amarga wedi yen ana apa-apa. Ora wurung aku bakal katut-katut ing perkara sanajan yen jujur aku ya kepingin ngerti sapa ta si Yuning sing wis bisa gawe mobat-mabiting jantungge Pak Bambang. Wekasane, aku banjur pamit mulih mundhak selak kedawa-dawa anggonku ngobrol ngalor-ngidul ngenani Yuning.

"Tega tenan njenengan? Lagi jam samene wis pamit? Wis ta, mengko wae kondure. Ayo saiki ngancani aku *chatting* karo Yuning. Sapa ngerti mengko malah diajak kenalan karo dheweke."

"Wah, wis jam setengah loro, je. Aku kudu methuk bocah-bocah ing sekolahane amarga bojoku saiki kerep bali nganti tekan wayah surup."

"Ya wis, Pak. Ndherekake sugeng kondur. Aku dak nerusake *chatting*. Lagi rame-ramene, je," wangsulane Pak Bambang medhot paelathon.

Montor lawasku daktuntun metu pager sekolah. Banjur dakstater, nggeblas methuk bocah-bocah. Sadalan-dalan aku mikir ajak-ajake Pak Bambang kok kaya-kaya ndudut atiku supaya gelem ngancani sapatemon karo Yuning mengko jam papat sore. Nanging, aku isih ngelingi anak bojo.

"Pak ... Pak, kok suwe banget olehe methuk?" anakku mbarep takon karo sajak protes amarga anggonku methuk pancen rada telat.

"Iya Gus, Bapak mau ana perlu dhisik. Dadi rada telat anggone methuk," aku goroh karo Agus, anakku mbarep.

Ora rinasa wis tekan ngomah. Bocah-bocah banjur salin klambi padinan. Wisuh sikil terus padha maem sing wis disedhiyakake rewangku ing meja makan.

"Mbok Nah, ibune bocah-bocah meksa durung bali? pitakonku karo rada mangkel lan nesu.

"Dereng je, ... Pak," wangsulane Mbok Nah karo rada groyok. Mbok menawa wedi krungu swaraku sing rada nesu.

"Ya wis, Mbok. Mengko yen wis padha maem, bocah-bocah langsung dikon bubuk awan wae."

Ing kamar aku banjur leyehe-leyeh kanthi ati mangkel lan judheg ngelingi pokale bojoku saiki. Saben-saben bali kok mesthi wayah surup. Lha yen daktakoni uga mesthi wangsulan sengol.

Nyuṭ, aku banjur kelingan ajak-ajakane Pak Bambang supaya ngancani dheweke anggone arep patemon karo Yuning sore iki. Wah, yen saben-saben Maryani bali surup, kenapa aku ora bisa pisan-pisan ya bali telat? Sidane aku nyaguhni ajak-ajakane Pak Bambang. Ya amarga kadereng rasa mangkel karo sisihanku dhewe sing saiki katon sok sibuk kaya wanita karier, nganti lali anak bojo.

Jam setengah papat sore aku sida ngeterake Pak Bambang kang arep patemon karo Yuning. Yuning dhewe janjine arep nganggo klambi biru. Dene Pak Bambang nganggo klambi coklat kothak-kothak. Aneh, malah atiku sing was-was lan dheg-dhegan. Ewadene Pak Bambang malah katon tenang-tenang wae. Mbok menawa kagawa saking senenge ati.

Saka kadohan, lambat-lambat aku nyumurupi piyayi putri kang nganggo klambi biru. Wanita iku mesthi si Yuning, pangudarasaku.

Pak Bambang banjur marani piyayi putri mau kang wis menehi kodhe menawa dheweke sing aran Yuning. Dene aku mung namatake saka kadohan. Nanging suwening suwe, sangsaya cetha anggonku namatake wanita kuwi.

Sepira mumeting sirahku amarga pawongan kang aran Yuning mau jebul Maryani, ibune bocah-bocahku! Swasana sing dakrasakake sabanjure peteng. Mesthine sesuk ana kabar menawa aku, Pak Joko, semapat amarga ngeterake kancane kang lagi kencan karo garwane dhewe.

Jebul, anggone bojoku asring bali surup kuwi mung alesan wae. Amarga satemene dheweke lagi gandrung *chatting* ing rentale kancane. *Chatting* karo Pak Bambang, kanca akrabku dhewe. Sabubare kuwi aku wis ora kelingan apa-apa maneh lan rasane donya mung sarwa peteng.

Dhuh, Gusti

PANAS

Siti Kisdiantini

Wiwit pindhah saka omahe wong turwaku ana ing kompleks perumahan Warga Sejahtera, aku wis duwe angen-angen kang sarwa endah. Bakal nata urip bebarengan karo sisihanku pawestri kanthi mandhiri lan tenan-tenan bisa ngrasakake dadi Kepala Rumah Tangga tanpa ana campur tangane wong turwaku sakloron. Sing cetha, bisa ngrasakake swasana bebas. Yen arep mangan turu samangsa-mangsa ora perlu nikuh lan pakewuh amarga ora ana sapa-sapa maneh. Ya mung ana aku karo bojo lan anakku sing isih SD.

"Pak wungu, Pak. Wis esuk. Selak srengengene mlethek. Mengko mundhak telat anggone ngeterke Wawan sekolah," swarane pawestri mecah swasana sepining esuk.

"Wah isih ngantuk je rasane. Saiki jam pira ta, Bu?"

"Walah, ndadak takon jam barang! Genah wis awan ngene. Kae, galo, Wawan wis rampung anggone adus. Wis, kana ndang siram."

Aku banjur njanthal menyang kulah. Rampung adus, age-age dandan lan sarapan mbarengi Wawan. Jam 6.30 thet aku sakloron mangkat tumuju sekolahane Wawan lan banjur ngeblas mangkat nyambut gawe.

Minangka pegawe cilik-cilikan aku rumangsa mongkog amarga wis cukup saka segi ekonomi. Lan maneh wis bisa duwe omah dhewe senajan mbayare nyicil klawan mecicil. Lan sing paling wigati, aku rumangsa beja kemayangan amarga bisa nyandhing sisihanku kang pancen sulistya ing warna.

Sesasi rong sasi swasana tentrem sing dak rasakake durung ana owah-owahan apa-apa. Nanging bareng genep setengah taun wiwit ana rasa kang beda. Pawestri sing mbiyen ora kakehan tuntutan, saiki malik grembyang. Senengane ngukur lan ngetung bandhane tanggane sarta ora gelem kalah. Owah-owahan mau wiwit dak rasakake nalika dheweke aktif melu arisan mrana-mrene lan dadi pengurus PKK ing kampung. Anggere bali saka arisan mesthi ana palaporan anyar: endi sing Bu Amir duwe kulkas anyar, Bu Sita mentas tuku TV berwarna 29 inchi, Bu Eko duwe koleksi gelang kalung pirang-pirang cacahé, lan liya-liyane. Entek-entekane, bojoku kepengin tuku kaya kanca-kanca arisan mau. Kojur tenan!

"Pak, mbok TV-re iki diganti sing luwih gedhe supaya cetha! Bu Sita wingi mentas ganti TV gedhe banget lho, Pak. Wah, jan ketok mewah tenan!" panjaluke bojoku nalika aku sakloron lagi nonton sinetron.

"Wong wis ana TV kok ndadak tuku maneh ta, Bu? TV cilik menthik ngene rak ya cekli, ta? Ora ngebaki papan. Yen kegedhen, mripate malah lara!"

"Ya yen cilik ngene iki sing marakke mata lara. Mangka tangga-tanggane dhewe paling ora TV-ne 21 inchi. Kok awake dhewe mung trima duwe TV 14 inchi. Mengko yen padha mara tamu mrene rak ya ngisin-isini ta, Pak?"

"Walah, sing arep ngisin-isin ki ya sapa? Wong anggone tuku ya nganggo dhurwit-dhurwite dhewe. Malah aku luwih isin yen duwe TV 29 inchi nanging mung ditukokake wong tuwane utawa mung kridhitan. Awake dhewe ki rak kudune wis matur nuwun duwe omah, urip murwat, anake ya sehat lan bisa sekolah?"

"Ya bener kandhamu. Nanging wong ki rak ya butuh disawang ta, Pak? Piye panyawange uwong yen awake dhewe katon ketinggalan karo tangga-tanggane?"

"Sing ninggal ki ya sapa? Genah tangga-tanggane dhewe ki ora ana sing mlayu kok wedi ditinggal keru?" wangsulanku sinambi guyon, "Wis Bu, sing penting angger awake dhewe iki urip apa anane lan ora sah ngayawara sarta tetep anggone ngibadah. Perkara rejeki kurwi rak wis digariske dhewe-dhewe? Aja sak ndelokke ndhuwur terus, mundhak kesandhung!"

"Wah, Pak. Panjenengan pancen ora kena diajak maju. Apa-apa mung sarwa nrima! Mbok manut ombyaking jaman ta, Pak?! Aku rak ya pengin bisa ketok moncer kaya tangga-tanggane dhewe iki."

"Wo alah, Bu. Lha ya kowe ki klambi ya ora kurang. Penganggo ya wis ana. Butuh ketumrahan kanggo nyumbang-nyumbang ya syukur ora keru. Kok ya isih kurang, ta? Mbok eling karo wong-wong sing kesrakat kae kang ora duwe omah?"

"Pak, pokoke gajian sasi ngarep diusahakke golek ganti TV sing luwih gedhe. Titik!" aloke bojoku karo sledhat-sledhot mak klepat mlebu kamar.

Aku mung trima meneng. Yen wis ngono kurwi banjur dak tinggal udut ing plataran. Bengi iki cetha bakal ora entuk "jatah". Mumet!!!

Esuke, kaya adate aku mangkat nyambut gawe karo ngeterke Wawan sekolah. Tekan kantor jare arep ana rapat karo diselengi promosi saka perusahaan elektronik. Aku banjur kelingan bojoku anggone nyidham kepengin TV anyar sing gedhene 29 inchi.

"Wah, apa dak cicilke liwat kantorku wae pa, ya? mumpung lagi ana promosi." Aku ngangen-angen lan nimbang-nimbang. "Tinimbang ora entuk jatah maneh?"

Jam 10.30 petugas promosi wis cecawis anggone arep nawak-nawakake dagangane. Wiwit saka TV, VCD player, radhio, kipas angin, nganti

mesin cuci lan kulkas. Kabeh mau bisa dicicil nganti setaun. Sabanjure aku golek info rega TV 29 inchi.

Ing wayah sore, njero omahku kelakon ana TV berwarna 29 inchi. Anyar gres menges-menges. Methi wae bojoku katon mantep lan marem amarga saiki TV-ne ora kalah apik lan padha gedhene karo TV-ne Bu Sita. Aku dhewe rumangsa rada tentrem amarga wis ora dioyak-oyak maneh karo swarane bojo sing ora ana kendhate njaluk TV anyar 29 inchi. Lan sing wigati, jatahku bakal dak rapell!

Saiki saben ana tangga kiwa tengen mampir, bojoku tansah sumringah lan kalegan. Dheweke rumangsa mongkog amarga mesthi bakal padha nyumurupi TV anyar 29 inchi ing omahku. Ora ketang aku lan bojoku banjur kudu ngirit ekonomi amarga gajiku saiki kepotong kanggo nyicil TV.

Let nem sasi saka anggonku kridhit TV, aku rumangsa rada ayem amarga cicilan TV mung kari separone. Nanging rasa ayem mau jebul mung sedhela. Bali saka arisan, bojoku wis wiwit kumat maneh anggone ngetung barang-barange tanggane sekomplek.

"Mas, cicilan TV-ne rak mung kari separo, ta?"

"Njur?"

Saiki mbok golek kulkas supaya aku bisa nyimpen blanja sing arep dakmasak. Aku mengko rak bisa blanja kanggo tetung dina sisan amarga sayur-sayuran bisa disimpen ing kulkas. Dadi bisa ngirit tenaga lan becahan ta, Pak?"

"Kok ujug-ujug kowe kepengin kulkas? Awake dhewe rak ora patiya mbutuhake? Mbok uwis ta, Bu. Urip samadya wae."

"Walah, kok ora patiya mbutuhake kepriye, ta? Genah cetha yen kulkas kuwi penting. Penting! Coba Pak, yen awake dhewe ana tamu wayah awan, gek panas ngenthang-enthang ngene, rak ya mung kari mbukak kulkas, minuman dingin wis cumepak? Lan maneh, Pak. Blanja pasar rak bisa dak simpen lan awet ana ing kulkas?"

"Wis, wis, Bu. Cicilan TV wae wis marakake mumet! Eling lho, Bu. Awake dhewe isih nyicil omah, terus dhuwit kanggo tuku kulkas dijupukake dhuwit saka ngendi?" pitakonku rada anyel.

"Pak, lagi Bu Sita sing garwane ya sekantor karo Panjenengan wae bisa duwe barang-barang pepak, kok awake dhewe kulkas wae ora duwe. Ngis-inisini, Pak! Sesuk rak ana gaji ke-13 ta, Pak? Mbok ditanjakake dadi kulkas ngono."

Sepisan maneh aku mung bis meneng. Bojoku pancen pinter ngomong. Yen wis ngene, aku mesthi kalah. Apa maneh yen nganti nesu, ngerti dhewe! Kamangka aku tresna banget. Apa aku iki minangka wong lanang sing kalah dening wong wadon? Ah,!

Sewulan candhake omahku wis dileboni kulkas modhel paling anyar. Bojoku katon seneng lan kalegan, nanging aku dheleg-dheleg. Muga-muga sisihanku sing ayu iki enggal eling. Ora kemiren karo tangga-tanggane. Apa dongaku bakal dijabahi dening Gusti?

Saiki bojoku dadi pengurus PKK minangka sekretaris. Dheweke saiki uga cedhak banget karo Bu Sita sing njabat dadi ketua PKK. Kamangka sing asmane Bu Sita kuwi genah golongane priyayi turah. Lha wong daleme sak komplek gedhe dhewe tur katon moncer. Garasine kebak montor!

Mula ora nggumunake yen kabeh wong kepengin urip kaya keluwargane Bu Sita. Kalebu sisihanku. Nanging emane, bojoku ora nyawang ghitoke dhewe. Ora ngrumangsani dudu golongane wong sugih.

Aku sakjane gumun lan ngungun, saka ngendi anggone ndhuruwiti barang-barang ing daleme Bu Sita? Amarga garwane Bu Sita ki ya gajine ora adoh saka aku. Aku ngerti mangkono amarga garwane sekantor karo aku. Mbok menawa wae amarga wong tuwane Bu Sita kalebu wong sugih lan asring ngesoki bantuan, ngono batinku.

Wis rong minggu iki daleme Bu Sita katekan tamu-tamu kang ngendikane petugas saka bank. Nanging udakara telung minggu iki Bu Sita sakeluwarga tindakan lan ora ana tangga teparo kang dipamiti tindakake ana ing ngendi. Kabeh uga padha gumun. Adate Bu Sita yen tindakan sakeluwarga wara-wara dhisik. Arep tindakan neng Jakarta, Surabaya, utawa ing ngendi wae mesthi wis crita ngalor ngidul yen arep liburan sakeluwarga, arep *shopping*, lan liya-liyane.

Semono uga bojone, Pak Budi. Wis pirang-pirang dina ora ngantor. Kamangka, Pak Budi kalebu karyawan sing sregep.

Minggu candhake maneh, ana tamu kang ngakune uga saka bank. Nggoleki Pak Budi garwane Bu Sita kang wektu kuwi daleme uga katon suwung.

"Sejatosipun wonten perlu menapa ta, Pak? Ketingalipun kok wonten ingkang wigatos?" pitakonku kepengin ngerti nalika aku kapinujon mbubuti suket ing plataran omah.

"Inggih, Pak. Menika panci wigatos. Pak Budi menika kagungan kredit wonten bank lan samerika sampun jatuh tempo kedah nglunasi."

"Ooo ...," aku mlenggong. Mlongo! Sukur ora ana laker liwat.

Jebul Pak Budi lan garwane sakeluwarga kuwi anggone ngilang mung ngendhani tagihan utang?

Dina Setu jam 11.00 aku bali saka anggonku nyambut gawe. Kaget weruh daleme Pak Budi diparani priyayi akeh la ana petugas kepolisian sarta kejaksanaan barang.

Bareng aku takon tangga tengen omahku, pranyata daleme Pak Budi disita bank amarga utang ing bank wis numpuk lan nganti nunggak-nunggak. Kamangka ora mung utang sak bank, nanging ana rong bank.

“O ... Allah Pak Budi, Bu Sita. Dadi anggone moncer mrana-mrene kuwi mung semu, ta? Amarga kabeh saka utangan. Kok mesakke banget Pak Budi, nganti saiki kudu urusan karo sing berwajib amarga ora bisa mbayar utang. Njur kepriye anggone makarya?” pitakonku ing sajroning batin. Dheleg-dheleg.

Bojoku sing uga sajak gumun dakcedhaki, “Bu, piye kok ora komentar? Galo, kancamu lagi ngundhuh wohing pakarti. Mula Bu, aja sak ngukur apa-apa nganggo ukurane wong liya. Yen jebule kedadeyan kaya Bu Sita terus piye, Bu?” kandhaku sajak ngelehke.

Bojoku mung meneng. Mbokmenawa rumangsa salah. Aku banjur mlebu omah weruh kulkasku. Kelingan gaji ke-13 sing wis malik dadi barang elektronik siji kuwi. Sakjane dhuwit mau arep dak celengi kanggo jagan anakku mlebu SMP ing taun iki. Nanging saiki mung kari nota pembelian kulkas. Aku banjur tumuju ing ruang tamu. Ing kono weruh TV berwarna 29 inchi sing isih separo maneh cicilane Dhuh!

→ SMPN 1 Banguntapan

GULING

Ris Hartini

Unine jam sing tumempek ing tembok ruwangan tengah daleme Bu Hadi muni kaping sanga. Mratandhani yen Dodi, putra pambarepe Bu Hadi, lan adhine sing jenenge Andi, kudu wis mapan turu. Kanthi pangajab, esuke kekarone ora kawanan anggone mangkat sekolah. Ewadene Bu Hadi lenggahan ana ing ruwangan tengah. Kanggo oegah wungon, Bu Hadi sinambi dondom-dondom kaya kang katindakake ing rikalare sela.

Bengi kuwi beda karo adate. Dumadakan ana swara pating gedebug. Bocah loro padha mlayu rebut dhisik marani ibune karo bengok-bengok.

"Ibu, Ibu, ... iki lho Mas Dodi nakal. Gulingku direbut. Aku ora entuk nganggo guling. Gulinge dienggo Mas Dodi dhewe," ujare Andi marang ibune karo prembik-prembik arep nangis. Sikile gedruk-gedruk karo ngruket ibune.

"Ora dhing, Bu. Dodi mung nyilih sedhela wae kok. Mengko yen Dodi wis bubuk genten kareben dienggo Andi."

Krungu swarane Kangmase, Andi nggablogi Kangmase karo mbengok, "Yen ngono aku emoh. Andi dhisik sing nganggo gulinge. Ben cepet bubuk mengko lagi genten Mas Dodi sing nganggo. Pokoke Andi emoooh ... Kudu Andi dhisik sing nganggo gulinge."

Tangise Andi sangsaya ndadi. Bocah loro padha pating bengkereng udur rebutan guling. Bu Hadi rada judheg weruh anake padha rebutan guling. Kepriye anggone arep nengahi? Pancen, bocah loro iku anggone turu dadi sadhipan. Diyasani bantal loro. Nanging bengi kurwi Bu Hadi meneti guling siji. Karepe Bu Hadi, guling iku mung kanggo let wae supaya Dodi lan Andi anggone turu padha ora tumbukan kaya adat sebene. Nanging, jebul guling iku mau malah ndadekake memala. Padha kanggo rebutan! Sing gedhe kepengin turu karo nyikep guling. Dene adhine uga kepengin turu karo nyikep guling.

Bu Hadi ngudarasa, "Wis ngger, anakku si Dodi lan Andi. Mbok aja padha regejegan. Perkara guling wae kok ndadekake padha gendra, geger. Ngisin-isini yen nganti keprungu tangga-teparo. Dodi lan kowe Andi. Rungokna ya, Ibu arep ngendika dhisik. Dakkandhani ya cah bagus, wektu iki Ibu lagi bisa mundhutake guling siji. Kowe aja padha rebutan wae. Sesuk-sesuk yen Ibu entuk rejeki, Ibu bakal mundhutake hadhiah guling siji-siji. Nanging, saiki kowe nrimaa dhisik. Rasah padha rebutan guling. Yen saiki kowe padha kepengin nyikep guling siji-siji, dakkandhani carane."

Dodi dan Andi kepingin ngerti kepriye carane supaya kekarone bisa nyikep guling dhewe-dhewe. Kamangka gulinge mung siji.

"Guling iku rak dawa?" ngendikane Bu Hadi, "guling iku mengko selehna ana ing sisih ndhurwur supaya bisa kanggo bantalan kowe bocah loro. Banjur bantalmu Andi, bisa kok sikep kanggo gantine guling. Semono uga kowe Dodi, bantalmu uga bisa kok sikep dhewe, ora perlu rebutan. Wis kana, saiki padha mlebu kamar. Coba dijajal, bener apa ora ngendikane Ibu iki."

Andi lan Dodi anggone ngrungokake kanthi temenan. Mak brabat, bocah loro banjur padha mlayu mlebu kamar.

Bu Hadi weruh polah-tingkahe anake loro banjur mesem lan gedheg-gedheg. Ing batin Bu Hadi ngudarasa, "Apamaneh kowe, Le, bocah lagi wingi sore. Wong sing jenenge para pejabat, abdinings negara, sing kudune menehi patuladhan wae, ora beda karo kowe, bocah cilik sing durung ilang pupuk bawange. Para pejabat sing kandhane abdi negara, ya padha regejegan rebutan kursi utawa rebutan kedhudhukan. Malah nganti direwangi toh pati, ilanging nyawa, mung kanggo melik kadonyan sing ora bisa gawe tentreming ati."

Dodi lan Andi age-age kepingin mraktekake ngendikane Ibune. Guling dijupuk dening Dodi, banjur diseleh ing sisih ndhurwur supaya kena kanggo bantalan bocah loro. Dene bantal sing siji diwenehake adhine, sing siji maneh kanggo awake dhewe. Bocah loro dadi padha bisa nyikep bantal siji-siji minangka gantine guling.

"Ngendikane Ibu bener ya, Dhik? Awake dhewe bisa bantalan sanajan nganggo guling. Lan ya bisa nyikep guling sanajan gulinge iki sejatine bantal. Wah, Ibu iki pancen pinter tenan ya, Dhik?"

Bocah loro rumangsa marem lan bisa turu kanti bantalan guling lan nyikep guling sanajan sejatine gulinge iku bantal.

Ora nganti sejam, Andi wis turu nglese. Atine rumangsa seneng lan marem dene wis bisa turu kanthi nyikep guling. Nanging seje karo Dodi, dheweke klisikan. Ngenteni adhine anggone turu angler. Bareng ngerti yen adhine wis turu angler, alon-alon Dodi tangi. Guling sing ana ngisor sirahe adhine dilorot alon. Dene bantal sing maune disikep Dodi, diseleh ana ing ndhurwur, ing sangisore sirahe.

Karo mapan turu, guling disikep dhewe. Ing batin Dodi mesem.

"Lah, yen ngene aku rak ya marem," ujare Dodi ing batin. "Rasakna, Dhik. Mas Dodi iki luwih gedhe. Mesthine ya luwih pinter lan luwih julig."

Bocah loro padha turu angler. Sanajan padha mereme, pikirane bocah loro kuwi ngumbara ing papane dhewe-dhewe. Papan padhang lan papan peteng kang bakal diambah dhewe-dhewe ing urip sabanjure.

PINTER, MINTERI

Ris Hartini

"Ndhuik, kok pijer ngalamun ki ana apa, ta?" mangkono pitakone Bu Pardi marang anake wadon, Parti. "Dadi wong ki mbok ya sing sabar. Pasrah marang Pangeran sing paring urip. Jare wong sabar ki kekasihing Allah."

Krungu kandhane ibune mangkono iku, kanthi alon Parti mingerake lungguhe. Mripate nyawang wong turwane sing kari sesisih iku kanthi kebak rasa trenyuh.

"Ibu, awake dhewe iki dadi wong cilik, ya mesthi wae kudu sabar. Nanging Bu, terus piye awake dhewe iki? Turu wae ana tendha, nggelar klasa. Sing dakpikir ki masa dhepane Parta. Aja nganti Parta dadi wong bodho kaya awake dhewe iki."

Pancen, Bu Pardi iku mung kari urip ijen. Limang taun kepungkur Pak Pardi tilar donya. Ya wiwit iku kanggo nyampedi kebutuhan sadina-dinane, Bu Pardi reka-reka dodolan sega ana ing omahe. Sing rewang-rewang mung anake, si Parti lan Parta.

Nanging wiwit ana lindhu gedhe sing ngrontogake kutha Ngayogyakarta, Bu Pardi wis ora bisa dodolan maneh. Omah saisine rata karo lenah. Ora ana sing bisa dikukup. Ya amarga kedadeyan iku, Parti saben-saben tansah dheleg-dheleg ngalamun mikir nasib. Bandha sing pangaji ya mung omah, sanajan paribasane disundhul bangkong wae ambruk. Ewasemana gedhe banget mumpangate tumrap kulawargane Parti.

"Ndhuik, rungakna ta kae kok ana wara-wara saka posko."

Njenggirat Parti ngadeg karo ndelingake swara sing asale saka posko. Atine Parti dheg-dhegan. Ora antara suwe lambene katon obah. Esem jumedhul saka lathine.

"Matur nuwun, Gusti. Dene Paduka sampun paring rejeki dhumateng kawula sabrayat arupi tedha ing enjing punika."

Kanthi polatan sumringah kebak esem, Parti marani ibune.

"Bu, esuk iki awake dhewe bisa sarapan."

Sabubare kuwi, Parti mlaku tumuju dhapur umum saperlu njupuk jatah kanggo mangan esuk. Sabaline saka posko, Parti nggawa tas kresek isi sega telung wungkus.

"Bu, iki mau ana bantuan mangan saka kumpulan pembantu-pembantu ing sawijining perumahan elit ing wilayah Sleman."

Bu Pardi ngelus dhadha. Dene semono katresnane para sedulur, senajan dudu sanak dudu kadang kok padha melu ngrasakake kasusahan iki. Apa maneh sing tetulung iku dudu wong sugih utawa wong kang turah bandha.

"Ibu, Parta, ayo saiki padha sarapan dhisik," kandhane Parti marang Ibune lan Parta.

Wong telu padha mangan bebarengan. Katone enak banget. Mangan sega lawuhe oseng-oseng tempe lan endhog dimasak semur. Bubar sarapan wong telu banjur padha lungguhan sawetara. Sinambi omong-omongan apa sing bakal ditindakake sawise kahanan bali tentrem.

Lindhu gedhe kang ngobrak-abrik kutha Ngayogyakarta nalika tanggal 27 Mei 2006 pancen ninggalake kahanan kang nggegirisi. Ora sethithik wong kang kelangan anak, bojo, sedulur, dalah omah lan bandha. Begja dene Bu Pardi mung kelangan omah amarga anake loro pisan isih wutuh. Sanajan mung kari awak thok, Bu Pardi tansah ngaturake panuwun ing ngarsane Pangeran amarga pinaringan slamet.

Saka kabar gethok tular, Bu Pardi krungu manawa besuk arep oleh bantuwan saka pamarentah awujud beras lan dhuwit sing jenenge jadhup utawa jaminan hidup.

Wektu wis lumaku sesasi suwene urip ana tendha. Bantuwan jadhup wis ditampakake. Saliyane iku uga ana bantuwan saka pamarentah kanggo ngedegake omah maneh. Nanging kapan metune, Bu Pardi durung ngerti. Saliyane iku uga ana bantuwan sing asale saka perusahaan swasta lan perseorangan kang awujud sembako, sandhangan, lan uga dhuwit.

"Bu, pamarentah jarene arep menahi bantuwan kanggo ngedegake omah? Lha kok durung mudhun-mudhun ya, Bu?" mangkono kandhane Parti marang ibune.

Karepe Parti, yen wis duwe omah maneh rak bisa kanggo dodolan supaya ora nglangut lan bisa ngasilake dhuwit kanggo wragat sekolahe Parta.

"Ya sing sabar ta, Ndhuk. Omah sing ambruk ki rak omahe dhewe. Sing nganggo ya awake dhewe. Dene nganti ambruk ki rak amarga alangan. Dadi aja njur dibubuhake pamarentah. Pira akehe wragat sing dienggo mbangunan omah sing cacah ewon? Kowe rak ya kudu mikir ta, Ndhuk?"

"Bu, Ibu ki rak ora ngerti. Pamarentah ki rak dhuwite akeh lho, Bu. Bantuwan saka negara liya ya akeh. Karo maneh, pamarentah iku wis janji yen arep mbantu kanggo ngedegake omah sing rubuh. Saumpamane wong lara, awake dhewe ki wis klenger, wis semapat, Bu. Ora bisa disemayani maneh," kandhane Parti karo mripate kembuh luh, atine nelangsa.

Beda karo Parta, bocah sing umur-umrane limang taunan kuwi ora ngerti karibetaning mbakyu lan wong tuwane. Bu Pardi sejatine ya wis nate krungu bab pamarentah arep aweh banturwan marang masarakat sing kena korban lindhu.

"Ndhuk, kowe rak ngerti. Bu Pardal sing daleme kidul kana, ta?" pitakone Bu Pardi

"Ya genah ngerti ta, Bu. Ning, Bu Pardal ki rak wis ora ana nalika lindhu gedhe sing sepisan kae ta, Bu?"

"Sing dakkarepake ki kuwi lho. Jarene korban sing nganti tiwas iku oleh santunan sing akehe pira ta, Ndhuk? Rong yuta apa malah luwih? Ning, kandhane Pak Pardal kurwi mung oleh sayuta. Kandhane saka kacamatan, sing didhaftarake tiwas iku mung rongatus, jebul korban tiwas sanyatane ana patangatus punjul. Dadi nampane santunan ya mung sayuta."

"Lho, kok bisa ta, Bu? Benere ki piye? Santunan kok bisa dianyang. Bola-bali wong cilik, apa maneh bodho kaya awake dhewe iki, mung dadi pangane wong pinter."

"Dakkandhani ya, Ndhuk. Jan-jane jroning atiku ki rak ora seneng yen si Parta iku mbesuk sekolah dhuwur, njur dadi wong pinter."

"Lho, Ibu ki kok aneh, ta? Mosok duwe anak dadi wong pinter kok ora seneng? Apa maneh dadi wong pangkat?" Parti nyaut guneme ibune karo njengek.

"Kowe rak ngerti dhewe ta, Ndhuk. Yen dadi wong pinter ki njur dho nggo minteri wong liya. Padha reka-reka dadi marakake ala tumindake."

"Bu, Ibu. Ora kabeh wong pinter banjur kaya ngono. Akeh wong pinter sing jujur lan becik. Sing baku, kepriye anggone ndhidhik si Parta kuwi," mangkono kandhane Parti karo ngguyu ing batin.

Ibune mung mantihuk-mantihuk. Pancen bener, ora kabeh wong pinter kanggo minteri wong bodho. Isih akeh wong pinter luhur ing pambudi.

"Ya, muga-muga si Parta bisa dadi wong pinter sing ora minteri marang liyan," pandongane Bu Pardi.

Parti mesem keprungu pandongane ibune.

"Amin," panyaute ing sajroning ati.

—&—

ANAK KUWALON

Sofwan

"Kepriye, Er? Apa kowe gelem nimbang tresnaku tenan?" mangkono pitakone Pak Gatot marang Erna ing sawijining sore. Erna sing ditakoni biyasane mung tumungkul karo ngelapi eluhe sing dleweran ing pipine.

"Priye, Er? Aku janji ora bakal nindakake samubarang kang nerak angger-angger kaya biyen. Aku bakal tresna marang kowe. Manut marang kowe," tembung Pak Gatot ngrerepa. Tangane tansah trampil dolanan sinome Erna kang mrentel lan nggemesake.

"Mas Gatot, sakjane aku ora tresna marang Panjenengan. Luwih-luwih yen aku kelingan marang tumindak Panjenengan kang ora samesthine iku. Nanging aku ngerti menawa aku kudu duwe wong lanang. Luwih-luwih yen ngelingi anakku si Wulandari iku."

"Dadi ...?" pitakone Pak Gatot ora sabar.

"Akeh sanak sedulur kang menggak supaya aku adoh karo Panjenengan. Nanging embuh, aku ora bisa pisah karo Panjenengan," tembung Erna kanthi luwih tumungkul. Eluhe sangsaya deres metune.

Karena mangkono Pak Gatot bisa ngerti menawa akeh sithike Erna uga tresna marang dheweke.

Let seminggu, Pak Gatot sida omah-omah karo Erna, randha enom sing wis duwe anak siji wadon. Nalika semana anake kira-kira umur nem taun. Uripe katone kepenak. Sanajan sejatine Erna ora percaya marang sing lanang. Wong sing wis tau cacad, mangsaa bisa mari babar blas?

Sejatine anggone bebrayan iku kena diarani mung bebarengan urip. Lire, tirimbang ora duwe wong lanang. Kanggone Erna, yen diwawas saka bandha lan barang darbeke wis cukup. Dheweke duwe omah sapekarangane kang jembar. Duwe sawah rong hektar lan duwe samben warung klonthong. Kabeh mau mujudake pametu kang ora sethithik. Erna ora dadi mlarat. Nanging surwalike, bandhane malah sangsaya tambah akeh.

Anane dheweke gelem omah-omah karo Pak Gatot iku amarga dheweke wis tau kepleset. Kecemplung jurang pamisesaning iblis. Erna kalebu prawan ayu, digandrungi saben jaka. Akeh kang padha dibalekake, jalaran Erna wis duwe ukuran. Kang bakal ditampa yaiku jaka kang bagus, cekel gawe, pendhidhikane dhuwur, lan duwe bandha tinggalan. Nanging Gusti salawase ora bakal maringi panyuwune wong sing kegedhen panjangka. Luwih-luwih

marang wong sing atine gumedhe. Erna ora dilamar dening jaka sing dadi idham-idhamane, suwalike malah dilamar dening "panji klanthung".

Bener, jaka mau bagus. Ngakune weton akadhem, nyambut gawe ana ing jawatan penting lan ngaku putrane bupati. Nanging kabeh mau mung isapan jempol bae, ora ana bukti lan kasunyatan babarpisan. Buktime, bareng Erna gandrung kayungyun, jaka mau lunga kamangka wetenge Erna sangsaya mundhak gedhe!

Kocapa, bareng weruh marawa Erna wetenge sangsaya gedhe, ora ana jaka sing sudi maneh. Dalasan sing biyen ditulak mentah-mentah bae, saiki emoh diwenehi obralan. Sidane, jabang-bayi lair tanpa darbe bapa.

Wektu lumaku nganti limang taun. Dene wirange isih tetep nyolorengi raine. Nanging Erna tetep momong anake kanthi kebak tresna. Jalaran dheweke rumangsa ndarbeni bocah iku. Kulite kuning kaya dheweke. Lambene cumiwel kaya lambene. Lan irunge mbangir kaya irunge "bapakne", ya si Jaka Klanthung.

Wusanane ing desa kono ketekan wong anyar kang jenenge Gatot Supriyono. Ngakune saka Ngayogyakarta. Gatot, undang-undangane priya mau, wis rada tuwa. Nanging ngakune isih jaka thing-thing. Umure kira-kira telung puluh nem taun. Ing desa kono Gatot tansah nuduhake bektine marang masarakat. Sabarang tumindake katon andhap asor. Lan bareng dheweke weruh Erna, sajake "panah asmara" wis tumancep ing dhadhane.

Pak Gatot sida sawung karo Erna. Lan pungkasaning sawung, dheweke takon, apa Erna gelem nimbang tresnane?

Kanggone wong kang wis nate tatu, Erna ora kena diapusi. Ana ing ngarepe Pak Gatot, ora bisa selak maneh. Lelakone dibeber kabeh. Sithik wae ora ana kang keru.

Dene Pak Gatot, ana kanane wis nikah. Nanging ora piningan momongan. Amarga saka "kasepen", Pak Gatot nguja hawa nepsune. Prasadat saben dina dheweke lunga mulih, lan gandhenge solan-salin wong wadon, warna-warna modhel lan kabangsane.

Wiwitane Erna ora kengguh marang pangrepane Pak Gatot. Nanging suwering-suwe, dheweke pamupus, sepisan kena kanggo "lanang-lanangan" lan kaping pindhone dheweke ngelingi anake ing tembe mburine, kepriye yen takon bapakne?

Wektu dina tambah lumaku, Wulandari tambah gedhe lan sangsaya katon ayune. Ora kalah karo ibune nalika isih prawan. Ernawati dhewe wis wegah ngudi salira. Dadi iya katon olehe kuru lan mboseni. Pipine katon blentong-blentong ireng amarga panasing srengenge yen dhong nggarap sawah. Rambute akeh sing wis padha rontog. Semune dheweke ora mreduli

marang kahananing urip iki. Ora mreduli marang apa kang sedheng lan bakal tumindak. Dheweke tansah nyambut gawe abot, lan iku semune kanggo nglelipur ati. Mbokmenawa tresnane marang "panji klanthung" kang meneli Wulandari iku biyen isih nabet ing telenging ati.

Kaya dene Pak Gatot dhewe dadi wong mukti kaya biyen. Nyambut gawe ya mung yen gelen. Mangan tansah diladeni. Apa karemane mesthi keturutan. Malah asring dheweke mbaleni "sejarahé" biyen. "Mbanting gunung", ngombe arak, lan nyandhing wanita planyahan. Kabeh mau ditata kanthi patitis lan sesidheman. Nanging Erna iya meksa weruh. Mung bae Erna emoh ngelikake lan pancen dheweke wis wegah ngurusi.

Omah kurwi dadine katon sangsaya sepi lan tanpa praba. Katon pucet lan tanpa pangarep-arep. Dalasan Wulandari kang bakal dadi ratuning kasulistyan iku bae iya wis ora mreduli maneh marang kahanan. Dheweke uga ora ngreti apa lan endi kasulaning jagad iku kang utama lan bener dhewe. Ora amarga lupute, nanging amarga wong tuwane kang mangsa bodhoa iku.

Rikala Wulandari ngancik dhiwasa, ana lelakon kang gawe sedhah, yaiku embokne alias Erna mati ndadak. Sore jam nem masuk angin, jam wolu sida bablas. Wong sakampung kono padha melu prihatin. Melu kelangan warga kang sregep lan tawakal. Nanging ing sajroning prihatin iku ora ana kang padha pitakon, yagene Erna bisa mati ndadak kaya mangkono. Kasunyatané, anggone Erna ora ana iku ora liya iya saka pokal gawene Gatot, bojone dhewe.

Erna kakubur kanthi upacara, kakubur kanthi tentrem lan rahayu. Let rong taun saka kedadéyan iku, Pak Gatot ngedol barang darbeke. Omah pekarangan lan sawah dikon ngrumati ahli waris. Wulandari diajak urip ana kuthane, Ngayogyakarta.

Tekan Ngayogyakarta Pak Gatot dipapag dening sanak-kadange lawas. Saiki wis padha ketemu tuwa, umure wis seket taunan. Ewadene guyone isih kaya dhek isih enom, jalaran tunggal hobine.

Sadurunge mulih, Pak Gatot wis bisa "nebus" omahe biyen. Sing rada makewuhi, omah iku ana sing ngenggoni, Suradi! Priya iku isih jaka, isih sekolah ana ing perguruan tinggi. Suradi isih ngenggoni pavilyun jalaran dheweke iya rumangsa wis nyewa apa mesthine.

Wulandari tekan ing omah kono mung kari nemu bae. Apa-apane wis cumawis. Pandhapa wisepak meja, kursi, lan rerenggane. Kamar tengah wis jangkep piranti-piranti, kayata gelas, piring, lan saparunggalane. Lan pawone wis ana kompor, panci, lan bekasas liyane. Kang mangkono iku dadi lan dhemening atine Wulandari.

Sorene, mitra-mitrane Pak Gatot sok padha teka, padha jejagongan kaya wong selapanan. Regeng nganti tekan bangun esuk.

"Wah, ana urwong kok ora kaya Gatot," mangkono celathune sawenehing mitrane.

"Kepriye, ta?"

"Kepriye? Wong kaya Gatot kuwi rak kena kaewokake ladak kawarisan ngono kae. Nek kewane ngono kucing."

Wong-wong liyane padha ketarik dene gawe sanepa kok kucing, dudu kewan liyane kayata kebo, wedhus, utawa jaran.

"Kowe kuwi aja aneh-aneh, ta. Gawe sanepa kok kucing. Mbok wedhus mangan tandur ngono, apa kebo nusu gudel," sumambunge kanca liyane.

"O, kuwi sanepa lumrah. Angger wong wis padha ngerti. Coba rungokna kandhaku. Kowe rak wis ngerti kucing, ta? Sapa sing durung weruh kucing, hayo?"

"Wis, aja nggladrah. Rak ya kucing kewan kuwi ta? Dudu kucing kertu?"

"Dudu, kucing kewan, kuwi."

"Lha iya wis, ndak gelis!"

"Hara, kowe ngerti sipate kucing kuwi kaya kepriye?"

Kabeh padha mikir. Nanging panemune padha ora aneh. Rumangsane dudu sing dikarepake dening sing omong sepisanan mau.

"Sing kokarepake apa olehe seneng dhepipas-dhepipis iku?"

"Dudu, dudu kuwi!"

"Yen asu, ana cirine sing kebangeten. Arepa diingoni nganggo iwak kae mesthi golek kotoran."

"Dudu, dudu kuwi!"

"Apa sing matane plorak-plorok nek bengi kuwi?"

"Sangsaya dudu."

"Ya embuh yen ngono. Wis ndhang terangna!"

"Ngene ya. Kucing kae yen dikepleki piye?"

"Wis, kowe ki aja ketenta sing main bae. Mau kandha dudu kertu, saiki kandha ngono."

"Wis ta, yen ora ngerti aja nyela-nyela."

"Ya nyela-nyela pisan, wong edan dituruti."

"O, nggladrah ta, wong kene omong tenan, jare."

"Kucing dikepleki ya mung gumantung sing ngeplekke. Yen mlumah ya mlumah, yen mengkureb ya mengkureb."

"Rak ora niteri ta. Ngandel aku. Nek kucing kertu aku percaya."

"O ya, ya, saiki ngerti aku. Kucing kurwi mbok dibanting ngana-ngene kae mesthi ngadeg."

"Lha, ya kurwi sing dakkarepake."

"Lha, njur piye gegayutane?"

"Coba, Pak Gatot kurwi wong wis kesara-sara kaya ngana. Saiki kepriye? Rak ya meksa tiba kepenak, ta? Mulih bisa nebus omahe, malah nggawa maneh sing luwih ayu."

Kabeh padha manthuk-manthuk tandha nyetujoni teori mau. Dikapak-kapakna, Pak Gatot pancen tiba kepenak, durung tau cilaka. Yen main kerep menang, saiki mulih nggawa wong ayu.

"Mengko dhisik, ta. Aku takon," mangkono sawenehing pitakon, "Sing kogawa kurwi apamu, Pak Gatot? Bojomu apa anakmu?"

Durung nganti Pak Gatot mangsuli, kancane wis mbelani, "Ya gandhengane ngono! Kok sapa! Masa nek anake, weruh-weruh wis semoro gedhene? Lungane lagi pirang taun? Paling lagi wolulas taun."

"Ya, ora langka, ta? Anak kuwalon?"

"kuwalon apa? Pak Gatot kok nganti duwe kuwalon. Kelakona duwe ya dipek dhewe!"

Kabeh banjur padha ngguyu cekakakan. Pak Gatot dhewe mung klecam-klececm bae. Sarembuge mitra-mitrane mau mung tansah nyolong pikirane. Kok ya akeh penere!

Wengi iku padha ora lafi sambene. Padha nguja kasukan main lan minum. Pak Gatot katon luwih enom sepuluh taun maneh. Rumangsa keturunan karepe. Tanpa ana kang prelu diwedeni.

Ana ing sadhengah wektu, Wulandari ibut olah-olah ana pawon. Ora ana kang mbiyantu kejaba mung bocah mondhok iku. Wulandari durung ngreti ubeng-ingere kutha. Dadi yen butuh ika-iki isih kidung. Tujune ana bocah mondhok, dadi ya ora kerepotan.

Mesthi bae ing pasrawungan anyar iku kawetu pitakonan-pitakonan kang wose kepingin ngreti apa lan sapa, ngendi asale, lan saparunggalane.

"Asma sinten, Dhik?" pitakone Wulandari.

"Kula, Mbak? Sumardi."

"Wah, sae lho asmanipun. Kaya jenenge ponakanku!"

"Inggih ta, Mbak?"

"Inggih. Piyambakipun dados kondhektur bis jurusan ngetan."

Sumardi mung mesem bae. Sabanjure Sumiyati celathu maneh, "Ning anu kok, Dhik. Piyambakipun menika ambeg. Angger aku nurut mesthi dikon mbayar. O inggih, sekolahipun wonten pundi, Dhik? Wonten ing Gadjah Mada, menapa?"

“Gajah Mada menapa, Mbak? Gajah mungkur!” wangsulane Sumardi karo ngguyu nyekakak.

“Ah, ngenyek Dhik Mardi kuwi!”

“Boten kok, Mbak. Saestu.”

“Ngenyek ki ya ngenyek. Niyat omahku ya saka nggunung.”

“O, nyuwun pangapunten menawi makaten.”

Pasrawungane ing wengi iku kapetung katog. Kabeh para tamu ora ana kang migatekake, katungkul anggone padha kasukan main. Kanggone dheweke, Mardi terang yen ora ana apa-apa. Nanging kanggone Wulandari, kang mangkono iku mujudake barang anyar. Dheweke durung nate srawung karo bocah sing baguse kaya Mardi. Sing pendhidhikane kaya Mardi.

Esuke, rikala Wulandari nggodhog banyu, Pak Gatot nyedhaki karo celathu, “Wulan, mengko sore arep ana jagongan maneh. Mulane kowe lungaa menyang pasar, blanja sacukupe. Mengko bengi tamune kira-kira ana yen mung telung puluh.”

Sidane Wulandari blanja menyang pasar. Sing ngeterake ora wurung iya si Sumardi. Mangkat numpak becak mulih numpak becak. Wulandari pitakone mung tansah criwis, lan Sumardi tansah bisa ngladeni. Kang mangkono iku dadi lan kesenengane.

Anggone masak tetep dibiyantu dening Sumardi. Mangkono uga bengine. Nanging ana saprakara kang ora ndadekake senenging atine, yaiku rikala Pak Gatot melehake menawa Wulandari iku dudu anake kuwalon, nanging sisihane. Sing kaya mangkono mau terang yen mung awur-awuran. Wulandari nduwa banget. Nanging salawase Pak Gatot pancen seneng awur-awuran. Sabarang tumindake mesthi nyebal ing angger-angger. Pak Gatot salawase mbondhan tanpa ratu, sing digugu ya mung karepe pribadi.

Dina esuke, Sumardi dadi ngati-ati. Sabarang tumindake mesthi ngajeni. Jalaran dheweke ngerti manawa Wulandari iku wis dadi darbeking liyan. Lire, wis ora dhewe maneh. Nanging, kanggone Wulandari, sing kaya ngono mau terang ora dadi atine. Bola-bali dheweke nerangake manawa tembung Pak Gatot mau mung awur-awuran. Nanging Mardi tetep ora percaya kandhane Wulandari.

Mardi meneng. Wulandari meneng. Kekarone meneng. Nanging ing atine bocah loro kuwi padha kroncalan!

KLAMBI ABANG NENGSEMAKE

Sofwan

Wis telung dina aku ana ing Magelang kang uga diarani kutha gethuk saperlu jagong manten. Mantene kancaku tunggal kantor, Mas Sunarja, inspektur polisi saka Parakan. Dhaup karo Rara Susilowati, putrane Raden Bagus Burhan ing kampung Meteseh, Magelang.

Temuring manten diramekake nganggo nanggap wayang kulit. Tamune akeh, nganti tarube meh ora amot. Sing padha nonton akeh banget, mblabar tekan dalan gedhe. Dhasar dhalange pancen wis kondhang apike, mula ora nggumunake banget yen nganti semono akehe sing padha nonton. Aku dhewe nganti ngebyar. Lungguhku ana saburine kelir, dadi cetha menyang critane. Lakone Petruk dadi manten.

Wayang wis bubar aku nembe krasa ngantuk lan kesel. Mulane aku banjur mlebu ing kamarku, turu kepati. Jam papat awan aku nembe tangi, ya rumangsa katog banget.

Dina iku aku arep terus mulih menyang Kebumen, nanging banjur dicandhet dening mantene sekalian supaya bali bareng sesuk-esuk. Aku nuruti. Tekade wong enggonku nyuwun pamit isih rong dina maneh, dadi isih ana tempo.

Sorene Mas Sunarya sarimbit padha merlokake sowan menyang daleme para pamiline sing putri. Pertune pamitan. Nanging aku ora melu. Sengadi arep ana perlu liya saperlu nonton ramene pasar malem. Mula bareng Mas Sunarya sekalian wis tindak, aku banjur dandan, lunga menyang pasar malem. Ngiras ngirus karo tuku boneka kanggo ngoleh-olehi adhiku sing isih cilik dhewe, putrane Pak Cilik sing dakpondhoki. Bareng wis oleh, aku mbacutake mlaku-mlaku karo nyawang pasawangan kang rame.

Mula nyata pasar malem Magelang rame banget. Ing sadalan-dalan tansah kebak urwong. Mangkono uga untabing tetunggangan ora ana pedhote. Ngalar-ngidul pating sliri pirang-pirang: motor, andhong, becak, lan sepedha wis ora kena dietung. Tujune peraturan lalu-lintas wis becik, mula arang ana kacilakan.

Toko-toko padha katon padhet kebak wong sing lagi padha blanja, nganti ora kena dipiyak. Mangka ing wektu iku wis tanggal 13, teka ramene isih nganti kaya ngono. Mendah yen pinuju tanggal nom, mangsane para kaum buruh padha gajian, kaya ngapa ramene? Aku dhewe mung tansah

sumlengeren weruh untabing wong sing kaya ngono mau. Sarehning niyatku mung butuh mlaku-mlaku, mula aku terus ngidul.

Bareng lakuku tekan sangareping gedhong biyoskup Bayeman, aku mandheg. Awit aku gumun weruh untabing wong sing arep padha nonton biyoskup nganti semono akehe. Sangareping gedhong kebak, jejel riyel. Apa maneh sangareping loket, sing urut karcis dawa banget nganti mujudake leter S.

Ing wengi kuwi sing diputer film "Niagara". Sawijining karakter film *role* Yoseph Cotton lan Marilyn Monroe kang aksine pancen bisa gawe kepecuting sing nonton. Mula ora nggumunake yen untabing wong nganti semono akehe.

Apa maneh bareng weruh gambar reklamene sing dipasang ana ing sangareping lawang, mesthi akeh sing padha kepecut, awit gambare pancen rada "luar biasa". Mung kena kanggo umur 17 taun munggah. Aku dhewe sing niyate mung arep mlaku-mlaku, bareng weruh kaya mangkono atiku teka banjur melu kesengsem, kepengin nonton. Mulane aku banjur menggok, arep golek karcis. Nanging kepriye anggonku bakal bisa oleh karcis awit sing urut wis dawa banget. Mula niyatku yen ora oleh karcis ya arep trima nglenthung mulih, ketimbang tuku karcis cathutan kang regane wis tikel tekuk, tur nglanggar larangan.

Pancen ing wektu iku tukang cathut karcis akeh banget. Pating sliwer ngalor-ngidul, ngetan-ngulon, karo nawakake karcise kanthi dhedhelikan, kurwatir konangan pulisi. Ewadene meksa isih akeh sing gelem tuku, nganti tukang cathut karcis mau katon kendel lan enggone ngundhakake regane sakepenake dhewe. Ora trima mung mundhak, nanging malah tikel loro utawa telu saka reganing karcis sing resmi.

Sarehning sesak lan ora ana pangarep-arepe anggonku bisa nonton, aku banjur ndeleng gambar reklame kang dumunung ana etalase. Lagi enak-enak anggonku ndeleng, dumadakan pundhakku ana sing njawil. Bareng daktoleh jebul mitraku lawas, Mas Ngubaeni, kancaku sekolah polisi nalika ana Surakarta, kang saiki wis dadi inspektur polisi kaya aku. Dheweke dhines ana ing Kebumen, aku ana ing Magelang.

"Suwe ra jejamu, jamu pait ngombe setrup. Suwe ra ketemu, ketemu maneh ana ngarep biyoskup. Arep mirksani apa, Dhik Jono?" pitakone mitraku karo ngepuk-epuk gegerku.

"Ooo, tibane Mas Naryo. Sugeng, Mas?" wangsulanku karo gumuyu.

"Kuru-kuru, Dhik?"

"kuru-kuru? Kurugan daging ya?"

"Iya, Dhik. Arep nonton, apa piye?"

"He eh, niyate, yen oleh karcise."

"Yen ngono tiba begjane kowe, Dhik. Iki lho, aku durwe karcis."

"Tenan apa piye, Mas? Apa karcise turah?"

"Yen turah ngono ya ora. Wong mung siji thil iki. Niyatku mau ya arep nonton, ning banjur dadakan ana susulan saka Kebumen, aku dikon bali, awit ana perlu penting. Kebeneran banget aku bisa ketemu sliramu, Dhik!"

"Ooo, ngono ta. Yen ngono begjaku."

"Iya, Dhik. Lha sliramu karo sapa?"

"Ijen bae kok, Mas."

"Rak isih tetep ana Magelang ta, Dhik?"

"Isih, Mas."

"Yen ngono ayo mampir pisan. Wong wis cedhak ngene. Karo maneh Mbakyumu ya wis kangen."

"Matur nuwun, Mas. Liya dina bae mengko dakperlokake sowan mrana. Wong iki mau aku mentas jagong manten, je."

"Sapa sing dadi manten, Dhik?"

"Mas Sunaryo. Kanca inspektur saka Kebumen."

"O, apa Dhik Narya bocah Kebumen kae, sing awake lemu ginuk-ginuk?"

"Iya bener, Mas."

"O, ya sukur. Ya wis ya, Dhik, aku selak kesusu. Galo wis dienteri jip ana dalan kae."

"Ya wis, Mas. Ndherekke wae. Iki ijole dhuwit karcis," kandhaku karo ngulungake dhuwit rong puluhan ewu.

"Wis ora susah, Dhik. Mung kaya ngono bae teka arep diganti. Tur kaya karo sapa!"

"Ya, matur nuwun banget lho, Mas. Selamat berpisah dan selamat bertugas!"

Mas Sunarya mung gumuyu, banjur lunga marani jipe. Bareng aku wis nampani karcis—lan nomering kursi nomer 12 – aku banjur mlebu ing gedhong biyoskup kang wis kebak. Aku milang-milang, nggoleki pernahing kursiku. Nanging sepira kagetku bareng weruh kursi mau wis ana sing nglungguhi. Lan kiwa-tengene wis kebak priyayi putri thok. Aku rada rikuh lan isin, awit mundhak dikira sing ora-ora. Ananging kepriye maneh, wong bab iki wis dadi aturane gedhong biyoskup kono: saben penonton oleh nomer kursi, perlune ora rebutan lan kanggo njaga tata-tentreming njero gedhong kono. mulane aku banjur marani dununging kursiku mau. Kang wis dilenggahi priyayi putri rada sepuh. Saka pangiraku kleru enggone lenggah, awit sandhinge kursi nomor 13 kosong. Lan kursi nomor 14 dilungguhi sawijining kenya ndhuwurran klambi abang kang rupane sulistya banget.

Mak pyur. Panonku gliyer-gliyer bareng tempuk padha nyawange. Atiku trataban. Kanthi ngati-ati lan trapsila aku banjur pitakon karo priyayi putri mau.

"Bu, mbokmenawi Panjenengan klentu anggenipun lenggah. Awit kursi meruka, nomor 12, kursi kula."

Priyayi putri wau rada kaget. Banjur ngawasake aku. Kanthi mesem, banjur mangsuli.

"Ooo, inggih leres, Nak. Panjenengan boten klentu. Dados menika kursi Panjenengan, ta? Yen ngaten kelesan. Ijolan panggenan kemawon nggih, Nak? Awit kula ajih kaliyan nomering kursi kula menika, nomer 13. Rak kersa ta, Nak?" ngendikane karo nudingi kursi nomer 13. Weruh kaya mangkono aku mesem. Atiku gumuyu dene ana nomer bae teka diwedeni.

"Mekaten ta, Bu? Inggih kenging," wangsulanku karo sajak rikuh, awit weruh sing nglungguhi kursi nomer 14 mau putri. Mula aku durung wani lungguh. Mbokmenawa priyayi mau ngerti batinku. Buktine, banjur ngendika maneh.

"Sampun rikah-rikuh, Nak. Lare estri meruka anak kula piyambak. Mangga ta, enggal lenggah."

Krungu wangsulan kang kaya mangkono aku sangsaya gumun banget. Awit ora ngira yen kenya ndhuwurana abang mau putrine. Teko banjur tega temen dene putrine mau kok ditegakake dikon lungguh jejer karo aku. Wong sing durung nate diweruhi. Mung jalaran amarga wedi karo nomer 13 bae. Apa tumon?

Tambah sangsaya ora kepenak atiku. Rikuh, ya dheg-dhegan, awit kenya klambi abang mau banjur mbalang liring karo aku. Adhuh ... eseme gawe kurwuring panonku, gawe sir-siran atiku!

"Mangga ta, Nak. Lenggah kemawon. Sampun nggalih pakewed," mangkono ngendikane priyayi sepuh mau sepisan maneh bareng weruh aku isih ngadeg.

"Inggih, Bu," wangsulanku sajak isin.

Gelem ora gelem aku kepeksa banjur gelem lungguh ing jejer kenya klambi abang mau. Dadi anggonku lungguh mau diapit-apit ibu lan putrine.

Lungguhku tansah ora bisa jenjem. Atiku tansah goreng bae awit jiwaku kagodha dening kasulistiyane kenya klambi abang kang ayune pancen tanpa tandhing. Apa maneh bareng aku ketaman esene kenya mau kang diincrit-incrit, adhuh ... mati awakku! Awakku krasa lemes bules, dhadhaku geter terus, karo tumungkul. Ing sajroning aku tumungkul mripatku tansah ngilirik, nyawang kenya mau, mula aku banjur ngerti cetha wela-wela menyang citrane kenya mau, kang ayune nyata mulus temenan, ora ana cacade. Dedeg-piadege

pidaksa. Pawakane gilig wutuh, rada ramping, tur singset. Pakulitane kuning nemu giring. Rai bunder. Athi-athine ngudhup turi, nylekenthik. Alis njlirit ireng menges-menges. Mripate gilar-gilar, lindri-lindri. Irung ngrungih amerit. Lambe tipis ciyut angembang blimbing, maya-maya abang, kaya gambaran pinulas. Andheng-andhenge gedhe samrica, dumurung ana sacedhaking irung sisih kiwa, muwuhi pantese lan marise. Sangsaya maneh yen pinuju mesem, bisa gawe games. Sajak kaya nantang menyang sing lagi nyawang. Apa maneh bareng aku nglirik rerengganing dhadhane, kang ana gununge sakembaran, atiku sangsaya gonjing miring, angles, imanku kaya ora kuwat. Adhuh ... Maaaak!

Kenya klambi abang mau umur-umrane udakara 21 taunan. Kasulistyane nyata gawe gonjinging jiwaku. Dhadhaku tansah sirsiran ora leren-leren. Temenan! Salawase aku urip, ya nembe sepisan ji iki atiku ketaman ing rasa kang kaya mangkono mau. Atiku nandang wuyung, nandang brangta asmara.

"Ah, apa iki dayaning nomer 13 kang nyata gawe apes kaya pangandikane priyayi putri mau? Mula teka bener, akeh wong sing wedi karo nomer 13, awit jarene nomer sing siyal, sing apes. Apa aku iki ya bakal nemoni siyal? Kiraku teka bener. Buktime, aku banjur nandang kasmaran kaya ngene iki. Gek omahe ngendi kenya iki, ya?" mangkono gagasanku karo tumungkul.

Mbokmenawa ora mung aku dhewe kang ketaman rasa kaya mangkono. Kenya klambi abang sandhingku ya semono uga ayake. Awit lungguhe uga banjur ora bisa jenjem lan sedhela-sedhela tansah katon ambekane kang munggah mudhun. Karo tansah nglirik aku. Banjur tumungkul, sajak isin. Tujune bab iki ora ana sing weruh. Lan ora suwe biyoskup wiwit main. Ing njero gedhong malih dadi peteng. Sing katon mung soroting gambar kang tumuju menyang kelir.

Crita biyoskup anggabarake lelakone sawijining wong jejodhohan. Sing lanang tresnan banget karo sing wadon. Kosok-baline, sing wadon tresnane mung lamisan, dhemen laku sedheng karo wong liya. Wusanane nuwuhake lelakon kang nyedhihake banget. Sing wadon nganti diperjaya dering sing lanang, lan sing lanang uga banjur mati nunggang prau. Nalika praune rusak, wusanane banjur kagawa dering iliring banyu kang tekan grojogan Sewu kang jero banget.

Nona Marilyn Monroe sing dadi peran nyonyah Roos, bojone Tuwan Loomis utawa Joseph Cotton, aksine pancen "boleh" banget. Satindak-tanduke tansah digawe aksi. Ya lakune, ya tingkahe. Mula nganti akeh para penonton sing padha marem lan melu kesengsem. Nanging kosok-baline, kenya klambi abang sandhingku lungguh ora mangkono. Nalika weruh aksine Marilyn

Monroe malah banjur ora gelem ndelengake, sajak malah isin lan ewa. Mrantandhani yen kenya rok biru mau wanita sing luhur bebudene.

Weruh Nyonyah Roos arep diperjaya sing lanang ana puncaking menara kang dhuwur banget cedhak grojogan Sewu, kenya klambi abang mau ya ora mentala atine. Ora tahan ndeleng lelakon kang gawe ngeresing ati. Saking wedine lan sedhihe, nganti dheweke lali. Bareng-bareng karo gumlethaking awake Nyonyah Roos sing wis mati jalaran diperjaya sing lanang, dheweke nyekeli tanganku kenceng. Sajak wedi, tangane krasa gumeter. Aku kaget weruh tanganku dicekeli kenceng. Mbokmenawa kagetku gawe elinge kenya iku. Tandhane, banjur uwal panyekele lan sajak isin, tumungkul.

Lumering tangane kenya klambi abang mau tansah nggrantes ing atiku. Krasa alus, gawe getering awakku sakojur. Kedhering tangane krasa gumrining temenan, mahanani brangtaning jiwaku. Adhuh, aniaya temen ta, ya?!

Jam sanga kliwat seprapat biyoskup wis bubar. Aku weruh cetha wela-wela yen rupane kenya klambi abang mau dadi puoet banget, kaya wong mentas nandang lara. Dheweke bola-bali tansah mandeng aku kang ana saburine. Sarehning sing nonton akeh, mula metune ya rekasa. Kanggoku malah kebeneran awit bisa nyawang saka mburi kanthi mat banget. Apa maneh bareng metune ngrekasa, aku jejer rapet karo dheweke. Rasaning atiku saya les-lesan banget. Sinome mobat-mabit kena angin kiikiran. Rumangsaku kaya lagi awe-awe menyang jiwaku. Eman banget dene aku durung tepung. Rekane mono ya arep nepungake. Nanging atiku sing ora wani. Cangkem kaya dikunci. Satemah aku mung meneng bae. Karo ngelus-elus dhadhaku. Potonganing awake kang gilig ramping lan singset sangsaya gawe kepercuting atiku. Adhuh ... ana bocah ayu teka kaya ngono ta, ya?!

Bareng tekan njaba, wong loro mau terus mlaku bae. Batinku, tiwas kebeneran awit nedya arep daktutake nganti tekan omahe. Mulane lakuku ya dakrindhikake, kira-kira mung let limang meteran. Kenya mau wangune ya ngerti yen lakune tansah daktutake. Tandhane dheweke bola-bali banjur noleh, kang sangsaya gawe kumepyuring jiwaku.

Wong wadon loro mau terus ngidul lakune. Bareng tekan sangareping Hotel Garuda, terus mlebu mrono. Mak jegagik, aku mandheg. Ora wani ngetutake maneh. Kuwatir yen dikira arep nyembranani. Saiki aku nembe ngerti cetha yen kenya klambi abang mau dudu wong Magelang. Genah wong saka manca. Nanging saka ngendi pemahe, aku ora ngerti. Mung bae aku duwe pangira-ira yen wong mau wong Kebumen. Awit nalika padha guneman tansah dakrungokake. Dhialeke cara Banyumasan!

Nganti rada suwe anggonku ngadeg ana sangareping hotel kono. Atiku mandheg-mangu lan kuwur. Awit jiwaku kaya-kaya tansah ngetutake lakune kenya klambi abang kang mlebu menyang hotel. Benere aku arep ndeleng buku tamu. Nanging bareng dakrasa tumindakku kurang patut, mula aku banjur trima mulih nglenthung karo semplah atiku.

Tekan omah aku mapan turu. Kebeneran Mas Sunarya sekaliyan durung kondur. Bengi iku aku dikongkon mangan dening ibune Rara Wulandari, nanging aku ora gelem, sengadi yen mentas disuguh kanca. Mulane aku terus tutup kamar. Nganti bengi aku ora bisa turu. Atiku tansah merem-merem bae, awit tansah isih tom-tomen kenya klambi abang kang tansah gawe gandrunging jiwaku. Dilali-lali tansah sangsaya ngranuhi, gawe tambahing brangtaku. Wewayangane tansah cumithak ing panonku. Ora bisa ilang!

Adhuh ... jiwaku sambat-sambat. Nganti ora rinasa aku banjur ura-ura lirih, tembange pangkur, wewarahe Ibu Cilikku.

Wonten candraning wanodya,
kang susila angusap-raga ing krami,
epas lambehanipun,
renyah wicaranira,
rikma wenes amemek angembang bakung,
wimba ananggal sepisan,
netra njahit liyep alindri.

Iku prayoga ginarwa,
bukti laki mbangun turut sakapti,
aran Sendhang-Sanga yekti,
pantes kinarya garwa,
gung sihira lan agung rejeknipun,
awetan wanita ika,
tentrem lan ayeman ati.

Mangka yen ndulu menyang candrane, kenya rok biru mau teka ngepleki temen karo tembang mau. Gesehe ya mung sethithik banget. Yen nyata bener kaya mangkono, mesthi bakal begja kemayangan sing bakal mengku kenya mau. Adhuh ... awak, awak! Apa aku bisa kelakon mengku kenya klambi abang iku? Mangka krenal bae durung. Mangkono uga ora ngerti omahe pisan. Ah, teka ngelengkara temen pikirku iki, anggandrungi wong sing durung diweruhi ing sakabehane!

—&—

KEGEDHEN EMPYAK KURANG CAGAK

Siti Nurul Chayati

Bu Prapto kang pidalem ing sajroning perumahan Permata Graha Permai ora bisa ngampet wateke kang srej. Nalika weruh mobil boks kang ngemot barang-barang elektronika mandheg ana ing ngarep omahe, Bu Prapto metu ing teras omah.

"Mas, barang-barang niku badhe dipun kintun wonten pundi?" celathune Bu Prapto marang sales kang nggawa barang-barang mau.

"Wonten dalemipun Bu Diyono, Bu. Dalemipun rak leres menika, ta? Jalan Anggrek nomer 10?" wangsulane si Sales nuding omah nomer 10 ing sangarepe omahe Bu Prapto.

"O, injih. Leres."

"Matur nuwun, Bu."

Si Sales mesem. Dheweke banjur tumuju marang ing omah nomer 10. Lawang kang tutupan banjur dithothok.

"Thok ... thok ... thok"

Ora watara suwe, Yu Yem pembantune Bu Diyono mbukak lawang.

"Menapa menika leres dalemipun Bu Diyono?" pitakone si Sales.

"O, inggih. Leres."

Krungu wangsulan mangkono, si Sales banjur aba-aba marang sopir lan kerek. Barang-barang elektronika kang isih dibungkus kardhus diudhunake saka mobil boks. Barang-barang mau banjur dilebokake njero omah.

Sawise barang-barang dilebokake omah, si Sales marani Yu Yem.

"Mangga tapak asma wonten mriki, Bu."

"Wah, kula boten saged napa niku tandha tangan, je."

"Nggih, mpun. Cap jempol mawon," kandhane si Sales karo nyekeli jempol tangane Yu Yem. Jempol tangan kang wis diolesi mangsi banjur ditempelke nang kertas tandha bukti pananimane barang.

"Sampun nggih, nyuwun pamit."

"O, inggih. Matur nuwun," wangsulane Yu Yem.

Mobil boks banjur ninggalake papan kono. Sawise mobil boks wis ora ketok kebulu, Bu Prapto marani Yu Yem sing wis arep nutup lawang omah.

"Eeee ... Yu. Arep takon dhisik. Barang-barang kuwi apa wae, ta? Lan saka ngendi?"

"Waaah, Bu. Kula inggih boten ngertos menapa isinipun lan saking pundi asalipun. Nanging menawi nitik gambar kerdhusipun, kadosipun kok tipi, kumputer, lemantun es, kaliyan mesin ingkang kangge umbah-ubah niku, lho."

"Oooo ...," wangsulane Bu Prpto semu ndomblong.

"Nyuwun pangapunten, kula badhe nerasaken damelan malih, Bu. Taksih kathah ingkang dereng rampung."

"Ya wis, Yu. Mung takon wae kok."

Bu Prpto mbukak pager kanthi pasuryan kang njegadul. Atine rumangsa panas weruh Bu Diyono bisa tetuku barang-barang elektronik kang mesthine regane ora baen-baeni!

Esuke, Bu Prpto blanja menyang warunge Mbok Kusen ing pojok perumahan. Ing kono wis akeh ibu-ibu kang uga padha blanja. Bu Prpto kang kabotan bokong mlaku rerikatan sajak kepingin age-age bisa nggosip!

Kanthi ambegan ngos-ngosan, Bu Prpto nyedhaki Bu Joko, Bu Wardi, lan Bu Jono.

"Eh, kok sajak kesusu, ta Bu? Ana kabar apa?" pitakone Bu Joko weruh Bu Prpto kaya maling dioyak pulisi.

"Ibu-Ibu iki wis padha ngerti apa durung? Ana kabar anyar?"

"Kabar anyar? Kabar apa iku, Bu?" pitakone Bu Jono sajak gumun. Bu Prpto iki pancen kaya dene wartawati kang sregep golek pawarta, ngono ngendikane Bu Jono ing sajroning ati.

"Ngene lho, Bu. Iki ana kabar anyar sing heboh banget! Bu Diyono, kae lho sing omahe ngarep omahku, wingi esuk ana sing ngirimi barang-barang elektronik. Ana kulkas, mesin cuci, tipi, komputer, lan liya-liyane."

"We lah, Bu. Dakkira ki kabar apa? Ngono wae kok ya gumun, ta?" wangsulane Bu Wardi.

"Eee, ya nggumunake ta, Bu. Barang-barang mau rak gedhe pengajine. Coba saiki dipenggalih, saka ngendi maneh barang-barang mau yen ora saka asil korupsi? Wong bojone wae mung pegawe cilik. Apa maneh lagi wae olehe nyambut gawe," kandhane Bu Prpto kanthi lambe kang merat-merot. Dheweke banjur nerusake anggone celathu, "Bojoku wae sing wis puluhan taun ora dhal-dhel. Yen arep tetuku nganggo mikir-mikir. Mula saka ngendi bojone Bu Diyono bisa tetuku barang-barang sing larang regane? Mesthi dheweke korupsi. Mesthi kurwil!"

"Bener kandhamu, Bu. Bojone Bu Diyono mesthi korupsi. Saiki rak wis jamane pegawe padha korupsi. Rak iya ta, Bu?" kandhane Bu Joko marang Ibu-Ibu ing kono.

Esuk kuwi papan kono dadi sangsaya regeng. Ya regeng anggone para ibu blanja sinambi nyebar gosip alias ngrumpi kanthi tema: korupsi.

Bu Prapto esuk kuwi atine rumangsa mongkog. Gegarjelane ati bisa disokake. Lan entuk kawigaten kang gedhe! Mula sabubare blanja, Bu Prapto katon sumringah. Ora kaya dhek mau kang katon njegadul kaya kucing kelangan balung.

"Mas, dakcritani, ya?" kandhane Bu Prapto marang bojone nalika sore kuwi padha lelunguhan ana ing teras omah.

"Hmmm, crita apa?" Pak Prapto wangsulan sinambi nyruput teh panas, legi, tur kenthel kang kawentar sinebut teh nasgithel.

"Mau nggone Bu Diyono ngarep omah kuwi mborong barang-barang elektronika. Kayata: tipi, kulkas, komputer, lan liya-liyane."

"Ya wis ben. Karang wong lagi akeh rejekine. Ora sah kepingin lan meri, Bune."

"Ora le ngono, Mas. Aku ki gumun, wong le nyambut gawe wae lagi minyik-minyik lha kok wis bisa mborong-mborong barang sing larang. Kamangka Panjenengan sing nyambut gawe seprana-seprene wae mung cukup kanggo mangan lan nyekolahake bocah-bocah. Kuwi wae ndadak nganggo menggah-menggeh," ujure Bu Prapto nyoba ngobong atine bojone.

"Eee ... ya wis ra sah dirembug, Wong kuwi rejekine dhewe-dhewe."

Keprungu wangsulane bojone, Bu Prapto katon kemropok. Bojone ora bisa dipanas-panasi!

"Ya, yen Panjenengan ora ngerti apa sing dakkarepake, aku bisa tumindak dhewe," mangkono grenenge Bu Prapto ing sajroning ati. Dheweke banjur mlebu omah ninggalake bojone sing isih maca koran sore sinambi ngombe teh nasgithel.

Ing seje dina, Bu Prapto teka arisan ing panggonane tangga kompleks perumahan. Ing arisan kang diadani sewulan sepisan ana sales nawakake dagangan maneka warna elektronika kanthi kredhit.

Bu Prapto kelingan Bu Diyono kang mborong barang-barang elektronika. Dheweke emoh kalah. Mula banjur pesen maneka warna barang elektronika, kayata kulkas, *teve*, *rice cooler*, blender, komputer, lan mesin cuci. Bab rega lan kepriye anggone mbayar, ora dipikirake. Apa arep nganggo dhuwit blanja utawa njaluk tambah bojone, kuwi perkara mburi. Sing penting dheweke bisa madhani Bu Diyono sing wis mborong barang-barang elektronika.

Esuke, barang-barang elektronika klakon teka ing omahe Bu Prapto. Omah tipe 36 kuwi katon kebak barang-barang sing gedhe ukurane. Nanging

Bu Prapto ora merdui. Sangsaya kebak sangsaya apik, mangkono pikire Bu Prapto.

Watara jam loro awan Pak Prapto kondur saka kantor. Wis dadi pakulinane Bu Prapto menawa bojone teka dipethukake ana ing teras.

“Kok wis kondur, Mas? Ora lembur, pa?”

“Iki lagi sela ora ana lemburan, Bu. Dadine ya bisa mulih gasik.”

Nalika Pak Prapta mlebu omah, dheweke kaget amarga weruh barang-barang elektronika kang ngebaki omah.

“Lha, barang-barang iki saka ngendi, Bune?” pitakone Pak Prapto marang bojone.

“Ya saka toko elektronika, ta Mas? Mosok saka pasar?” sumature Bu Prapto guyon. Atine mongkog mbedhodhog saendhog menthog. Bojone mesthi bakal ngalambana apa kang wis ditindakake kuwi. “Iki mau aku kridhit nang toko PT Laxindo, Mas.”

Nanging saiba kagete nalika keprungu swara sengol bojone.

“Kredhit? Banjur kepriye anggone mbayar? Kowe ki karepmu piye ta, Bu?”

“Carane mbayar kridhitan ya dicicil ta, Mas!”

“Lha, olehmu mbayar kredhitan mau arep nganggo apa?”

“Ya mesthine nganggo dhuwit. Apa arep nganggo kreweng?”

Bu Prapto wiwit nesu. Nanging Pak Prapto uga muntap krungu wangsulane bojone kang ora kepenak dirungokake kuping.

“Pokoke aku ora ngerti arep kobayar nganggo dhuwit apa. Aku ora melu cawe-cawe. Sakarepmu! Wong tetuku barang-barang kang larang regane kok ora rembugan karo bojone?”

Pak Prapto mak klepat mlebu kamar. Lawang kamar ditutup kanthi swara jumedher. Atine kemropok mikir pokale bojo sing ora ngerti marang kahanan ekonomi keluwarga.

Bu Prapto mung menjep weruh tumindake bojone. “Mosok, ditukokake barang kok malah nesu!”

Bengi kuwi Pak Prapto meksa ora gelem metu saka kamar. Dheweke uga ora gelem ngincipi babar blas panganan sing wis dicepakake dening Bu Prapto.

Esuk umun-umun Pak Prapto wis menyang kantor. Ora kaya adat saben, mlebu kantor jam pitu esuk lan sarapan dhisik. Pak Prapto sajake ngambek, purik!

Weruh bojone nesu, Bu Prapto dadi bingung dhewe. Kamangka yen bojone nesu, angel dileremake. Dhuwit blanja uga bakal dadi seret. Njur,

barang-barang kredhitan arep dicicil nganggo apa? Bu Prapto wiwit krasa mumet!

Tenan, bengi kuwi bojone sida ora bali. Embuh nginep nang endi. Bu Prapto klimpungan. Kamangka hawane adhem banget!

"Wah, yen nganti bojoku nesu ngene iki kojur tenan aku," grenenge Bu Prapto. "Gek lunga nyang endi bengi-bengi ora bali? Aja-aja nginep nang omahe si Inah, kancane dhek jaman sekolah SMA mbiyen sing wis nem sasi iki dadi randha?"

Bu Prapto tambah mumet. Atine kemritik. Nanging dheweke ora bisa tumindak apa-apa. Bu Prapto banjur rumangsa salah. Kabeh mau amarga tumindake kang wis gawe bojone nesu. Jaman krisis ekonomi ngene ndadak reka-reka kredhit barang-barang kang larang regane. Kamangka bunga-re kredhit mau mesthine ya dhuwur banget. Malah bisa luwih dhuwur saka pokok-e.

Sadurunge azan subuh Bu Prapto wis tangi sanajan mung turu udakara rong jam. Mripate isih krasa mbriyut. Nanging atine ora jenjem.

Bu Prapto ibut masak ing pawon. Jejibahan minangka ibu rumah tangga ora bisa dilirwakake. Sinambi masak, atine tansah kelingan marang bojone kang sedina suwengi iki ora mulih. Nalika anake kang loro cacah pamitan arep sekolah, padha nakokake Bapakne.

"Bapak kok ora kondur, Bu?" pitakone anake mbarep, Sunaryo, kang isih klas nem SD.

"Iya, Le. Bapakmu ana tugas ing njaban kutha," wangsulane Bu Prapto goroh.

"Horeee, Bapak mesthi mengko nggawa oleh-oleh," sorake Dewi Sekar Sari kang isih kelas loro SD.

Bu Prapto meneng. Ora sumaur. Nanging atine krasa mak dhegi! Nggawa oleh-oleh? Ngrasakna nggawa oleh-oleh. Gelem bali wae wis apik.

"Ya, wis. Kana ndhang cepet menyang sekolah. Mengko mundhak telat."

"Sunaryo nyuwun pamit, Bu."

Sunaryo lan Dewi Sekar Sari banjur salaman lan ngambung astane ibune. Bocah loro katon raket. Ora kaya Bapak lan Ibune kang lagi padha ora rukun. Tansah cecongkraham!

Kira-kira jam setengah wolu, Bu Prapto tilpun kantore bojone. Karepe ngono arep ngomong karo bojone.

"Halo, selamat pagi. Ada yang bisa saya bantu?" mangkono swarane wong lanang ing cedhak kupinge Bu Prapto.

"Sugeng enjing, Pak. Menapa saged pinanggih Pak Prapto?"

"Maaf, ini dari siapa, Bu?"

"Bu Prapto," wangsulane Bu Prapto cekak.

"Ooo, Bu Prapto. Bapak dereng rawuh. Lha, kala wau tindakipun saking dalem pukul pinten?"

"Sampun sauntawis wekdal. Nggih mpun, Pak. Matur nuwun."

Bu Prapto njenger. Dheleg-dheleg kaya munyuk ketulup. Bojone durung mlebu kantor? Gek nang endi? Pikirane Bu Prapto dadi bruwet. Ah, mbok menawa Pak Marsudi ngerti neng endi bojoku. Muga-muga Pak Marsudi durung tindak kantor, pikire Bu Prapto.

Tangane lincah menceti nomer tilpune Pak Marsudi, kanca rakete bojone.

"Halo, menapa menika leres dalemipun Pak Marsudi?" pitakone Bu Prapto.

"Inggih leres," wangsulane swara wanita kanthi grapyak, "menika saking sinten?"

"Bu Prapto. Saged pinanggih kaliyan Pak Marsudi, Bu?"

"O, inggih, saged. Sekedhap nggih, Bu?"

Ora let suwe, keprungu swara kang antep ing cedhak kupinge Bu Prapto.

"Wonten wigatos menapa, Bu Prapto?"

"Nyuwun pangapunten, Pak Marsudi. Menapa Bapak mangertos, samerika Pak Prapto wonten pundi, nggih?"

"Pak Prapto? Wadhuh, kula kok boten ngertos nggih, Bu. Lha menika kados pundi kok Bapak saged ical?" pitakone Pak Marsudi sajak ngajak guyon.

"Makaten, Pak," wangsulane Bu Prapto. Sabanjure kanthi prembik-prembik Bu Prapto njlentrehake kedadeyan ing bale wismane kang lagi congkrah. "Mila kula nyuwun tulung dhateng Bapak saged ngarih-arih Pak Prapto."

"Inggih, mangke kula cobu ngarih-arih Pak Prapto, Bu," wangsulane Pak Marsudi. Gagang telpon banjur diselehake Bu Prapto. Dheweke katon rada ayem. Yen karo Pak Marsudi, bojone mesthi rada nurut. Apa maneh Pak Marsudi saiki dadi atasane bojone.

Jam sewelas thet! Bu Prapto tilpun ing kantore bojone. Kapinujon sing nampa tilpun Pak Prapto sing atine lagi goreng sawise dikuliyahi dening Pak Marsudi.

"Halo, Kantor Perindustrian di sini. Ada yang bisa kami bantu?"

"Maaf, bisa bicara dengan Pak Prapto?"

"Ya, saya sendiri. Ini dari siapa?"

"Iki aku, Mas"

"Ana apa kok ndadak tilpun barang? Sliramu rak wis bisa mrantasi gawe lan ora perlu bojo?"

"Aja ngono, Mas. Aku rumangsa luput. Ora bakal dakbaleni, Mas. Sing penting Mas Prapto bali nang omah. Dewi wis nakokake Bapakne wae. Aku kudu ngomong apa karo bocah sing durung duwe dosa kaya si Dewi?"

Bu Prapto sesenggukan. Dewi, anake wadon, sing digawe senjata ngluluhake atine bojone kang atos kayadene parangcuri ing tengahing samodra.

Krungu swarane bojone sing sajak memelas, Pak Prapto atine rada lilih. Dheweke ya wis kangen sedina ora ketemu bojo sing ditresnani wiwit isih jaman sekolah SMP biyen. Apa maneh karo anake wadon, Dewi, sing lincah lan lucu. Pak Prapto wis kepengin bali. Nanging, yen kelingan pokale bojone sing tanpa petung, atine isih getem-getem. Golek rejeki iku dikira gampang, pa? Ra ngerti wong kedhungsangan golek rejeki sing kalal.

"Piye karo barang-barang sing wis nang jero omah kae? Sapa sing arep mbayar cicilane? Aku emoh yen kudu nyicil nganti mecicil."

"Ya wis, Mas. Aku dhek mau tilpun sing duwe toko. Barang-barange bisa dibalekake maneh. Tapi mengko bubar ngantor, enggal mulih ya, Mas?"

"Nggak janji lah yaw," sumau Pak Prapto sajak wiwit ngajak gegojegan kaya nom-noman sing lagi yang-yangan.

"Ah, Mas Prapto. Malah gegojegan, ta. Ya wis, Mas. Daktunggu karo bocah-bocah...."

Bu Prapto atine rumangsa lega. Mak plong. Watu sagunung sing mau ngebreki dhadhane saralika ilang musna. Bu Prapto mesam-mesem. Kapinujon ora ana wong sing ndeleng. Coba yen ana, mesiti rak padha nganggep Bu Prapto lagi ora kebak!

Sore jam patap Pak Prapto wis tekan ngarep omah. Bu Prapto enggal-enggal methukake tekane bojone. Mak Gapyuk. Pak Prapto dirangkul dening bojone. Persis kaya sinetron ing televisi. Wong loro mlebu ing njero omah.

"Mas, sing gedhe pangapuramu, ya?"

"Ya wis, Bu. Ora dadi ngapa. Nanging aja dibaleni maneh, ya? Aku ora nglarang sliramu tetuku. Nanging ya dietung-etung dhisik, aja kaya bebasan 'kegedhen empyak kurang cagak'. Ora waton dhal-dhel. Tur maneh, yen arep apa-apa iku rembugan karo bojo, ora diputusi dhewe. Lan iki sing wigati Bune, aja sok meri marang liyan. Awake dhewe mengko sing rekasa," wangsulane Pak Prapto kedawa-dawa kaya guru aweh piwulang.

Sore kuwi uga, lawang kamar ditutup kanthi rapet. Rasa kangen banjur kasuntak ambrol kayadene lendhut panas ing Porong, Sidoarjo.

—&—

BINGUNG

Subinah

Sasi Mei kapungkur ing Ngayogyakarta sakiwa tengene katrajang lindhu gedhe. Lindhu kang mbuncang ing wanci esuk iku wis trep karo unen-unen "sudah jatuh tertimpa tangga". Ngonong pangandikane para priyayi. Ananging kang dumadi ing Bantul iku ora mung kebrukan andha, malah kebrukan omah!

Nalika jagad mubeng munyer kadya gabah diinteri, akeh wong kang isih padha turon, klekaran ing amben. Mula ora mokal yen akeh wong padha ketiban usuk, genheng, lan tembok omah kang ambruk. Padha sambat ngrintih ing sangisore omah-omah kang wis rata karo lemah. Ana sing bonyok siraha, tugel sikile, babak bundhas gegere, lan ... tiwas!

Kabeh wong padha bingung. Sawise lindhu kang gawe gegering donya, ana pawarta jarene banyu segara kidul ngamuk kaya tsunami ing Aceh rong taun kepungkur. Mula kabeh wong banjur padha ngener ngalor ngedohi segara kidul. Ana kang mlayu, nunggang pit motor, mobil. Swarane klakson lan knalpot agawe sangsaya bingung. Durung maneh swara tangis pating jlerit. Bocah lan wong tuwa sing padha golek-golekan amarga saking bingunge. Kabeh mau amarga wedi ketrajang tsunami!

Warga Bantul isih padha kelingan nalika tsunami rrajang Aceh. Agawe rusaking kutha Aceh kang endah. Lan maneh, korban tsunami Aceh kang cacahé atusan ewu agawe giris!

"Mbah, menapa kita badhe ngungsi? Lan dhateng pundi anggenipun ngungsi?" krungu pitakone bocah wadon umur pitulasan taun marang simbahe karo prembik-prembik nangis.

Indri, bocah wadon mau, pancen mung urip ijen karo Simbahe. Bapak lan Ibune sing wis pegatan mbuh mapan ing ngendi, ora dingerteni dening Indri.

Indri tangane wis nyangking tas kresek cilik isi klambi saka lemari tuwa sing wis njempalik nang lemah. Campur karo rontogan genheng! Barang-barang pecah belah wis ambyar kabeh. Njero omah wis ora rupa maneh!

"Simbah mboten ngungsi kados tiyang-tiyang sanesipun? Nika lho, Mbah, kathah tiyang ingkang sami mlajar amargi criyosipun wonten tsunami!" ujare Indri mbaleni amarga weruh simbahe mung dheleg-dheleg kelaran sinambi ngelus-elus boyoke sing njarem ketiban usuk lan genheng.

"Sunami kuwi wong ngendi ta, Ndhuk? Kok padha wedi karo wong sing jenenge Sunami?" pitakone Simbah Pawiro karo mringis ngrasakake lara.

"Tsunami menika sanes tiyang, Mbah. Tsunami menika ombak seganten ingkang inggilipun ngudubilah lan saged nglebur menapa kemawon ingkang katrajang," wangsulane Indri semu mesem, manis. Ing satengahing ati kang bingung, ndhredheg, owel, wedi, lan kemrungung, dheweke isih bisa mesem jalaran ujure Simbahe sing lugu.

"Ora, Ndhuk. Simbah ora ngungsi. Simbah ora kuwat. Aja maneh mlayu, ngadeg wae Simbah rasane wis ora kuwat. Mulane Simbah mung pasrah pati uripe Simbah iki marang Gusti kang gawe urip. Nanging yen kowe arep ngungsi, ya gek ndhang cepet ngungsi kana. Mengko selak ketrajang sunami."

"Menawi Simbah boten ngungsi, kula inggih aluwung boten ngungsi. Langkung sae wonten muriki kemawon sareng-sareng Simbah."

"Mbok ya aja ngono, Ndhuk. Simbah iki rak wis tuwa. Paribasane wis mambu lemah. Mula yen ana si sunami, Simbah wis pasrah karo Sing Kuwasa. Suwalike kowe, panjangkamu isih dawa, Ndhuk."

"Indri, ayo cepetan gek ndhang mlayu!" pambengoke Pardi ing ngarep lawang kanthi swara groyok. Ambegane ngos-ngosan.

Pardi, jaka kang ngesir Indri kaget bareng weruh Indri isih regejegan karo Simbahe. Kamangka miturut pawarta, banyu segara kidul wis tekan Kretek. Rak ya cilaka, ta?

"Kang, aku ora bisa ninggalake Simbah. Yen pancen wis takdire mati, mlayua kaya ngapa ya isih bakal digulung ombak."

"We lah, ana bocah kok duwe prinsip fatalis kaya ngono. Sing penting awake dhewe ngupaya, ikhtiar, kepriye bisa nylametake urip. Yen mengkone isih tetep dipangan ombak, kuwi jenenge takdir. Wis ra sah ngeyel, ayo cepetan mlayu."

Pardi age-age mlebu omah sing wis bosah-baseh amarga katrajang lindhu. Dheweke banjur nyandhak Simbahe Indri, Mbah Pawiro, sing isih klekaran ana ing amben.

"Ee, aku arep koajak nang endi, Le?" pitakone Simbah Pawiro nalika Pardi arep mbopong dheweke.

"Simbah kedah ngungsi samenika. Selak ketrajang tsunami. Nika para warga sampun sami mlajar pados slamet."

"Wis, Le. Simbah tinggalen wae. Simbah arep toh pati ana ing lemah iki. Lemah papan Simbah biyen dilairake," wangsulane Simbah Pawiro karo ngeculake tangane Pardi.

"Ya wis, In. Saiki awake dhewe cepet-cepet padha ngedoh saka papan kene. Wis ra ana wektu maneh kanggo dhiskusi. Gelem ra gelem kowe kudu gelem nylametake bebarengan karo aku," kandhane Pardi nggeret tangane Indri. Indri bingung. Mlayu bareng Pardi apa nunggoni Simbahe? Nanging wis ora ana wektu kanggo mikir. Nalika Pardi nggeret tangane, Indri mung manut karo ngingetke Simbahe sing katon mesem. Lambene sing wis tuwa katon gumeter.

"Wis kana, Ndhuk. Gek ndhang cepet nyingkir saka papan kene. Pandongane Simbah wae marang kowe sakloron. Le, Simbah titip Indri marang kowe, ya?"

Pardi mung manthuk. Ora ngerti apa tegese omongane Simbah Pawiro. Atine wis bingung. Kepriye anggone bisa slamet saka tsunami.

Indri wis digeret dering Pardi metu saka njero omah. Kanthi rerikatan Pardi nyetarter vespa taun 60-an sing distandar cedhak ndalan.

Swarane klakson motor lan mobil nambahi swasana dadi miris. Wong-wong sadalan-dalan padha pating brengok lan udan tangis. Indri uga metu prembik-prembik nalika kelingan Simbahe sing ditinggal dhewe nang omah. Kamangka Simbahe lagi lara ketiban usuk lan gentheng. Gek priye mengko yen ana tsunami?

"Ya Allah ya Robbi, mugé Panjenengan paring keslametan dhumateng Simbah kula" pandongane Indri ing batin.

Pardi ngegas vespa sing wis kedaluwarsa. Playune keponthal-ponthal kalah karo sedan, kijang, lan motor-motor kang anyar. Sanajan mangkono Pardi ora gelem kalah. Sing penting kepriye anggone bisa uwal lan ngedoh saka tsunami. Indri ngraketake cekelane ing bangkekane Pardi supaya ora tiba klumah saka vespa.

Nalika tekan ring road kidul, ana pengumuman saka patroli polisi kang dibolan-baleni liwat mikrofon.

"Saudara-Saudara, harap jangan panik! Baru saja ada berita dari penjaga pantai di Parangtristis bahwa tidak ada gelombang besar. Tidak ada tsunami. Karena itu, Saudara-Saudara dimohon untuk segera kembali pulang. Waspadalah terhadap isu yang tidak bertanggung jawab, yang akan memancing di air keruh!"

Wong-wong kang padha kumpul sajak cingak. Ana kang banjur ayem sinambi ngelus dhadha. Nanging ana kang misuh-misuh sinambi clathu, "Asem, ki. Lha kepriye ta, tsunami kok ra sida? Tiwas mlayu-mlayu kaya ngene!"

Pardi lan Indri kang ora adoh saka patroli polisi uga krungu pengumuman kuwi.

"Alhamdulillah. Matur nuwun, ya Allah. Simbah isih piningan slamet," pangudarasane Indri karo mripate kaca-kaca kumembeng eluh.

"Bener kandhane Pak Polisi. Swasana kang kaya mangkene iki mesthi bakal dimanfaatake para maling," kandhane Pardi muter stang vespane.

"Iya, Kang. Aku uga kuwafir nasibe Simbah. Gek isih kelaran kaya ngana. Aku kudu cepet-cepet nggawa Simbah nang rumah sakit!"

Pardi ngegas vespa bali mulih nang desane. Sanajan isih akeh pawongan kang mlayu-mlayu mengalor. Nanging Pardi lan Indri wis ayem amarga ora ana tsunami sing nggegirisi.

Tekan ing desane katon sepi. Ora ana pawongan kang katon kemliwer.

"Wah, gawat. Yen ngene iki bakal akeh maling mlebu mrene. Lha rak tenan, kae rak motore si Jon digawa mlayu urwong?" kandhane Pardi nalika weruh ana pawongan loro boncengan motor metu saka ngarep omahe Parjono.

"Kang, kae rak motore Lusi digondhol maling?" Indri uga melu bengok-bengok.

Pardi lan Indri ora bisa tumindak apa-apa. Bocah loro mung njenger tan kumecap. Vespane mung dituntun amarga kentekan bensin!

"Aja-aja, isu tsunami mung disebarake dening para maling, Kang?"

"Bisa uga iya, In."

"Nanging kok bisa awake dhewe iki ya katut-katut melu kapusan?"

"Lha wong jenenge wong bingung, panik. Mula ya ora salah ta yen wong kuwi kudu budidaya amrih keslametane? Coba yen jebul ana tsunami temenan, rak kojur yen awake dhewe ora mlayu?"

Bocah nom-noman loro kuwi banjur ngrembug babagan lindhu kang gawe omah-omah padha rata lemah. Atine trenyuh nalika weruh sikil ana ing sajroning urugan tembok kang wis lebur. Pardi lan Indri ora bisa ngapa-ngapa. Dheweke nunggu baline wong-wong sadesa saperlu bebarengan aweh pitulungan maneh kaya sadurunge ana isu tsunami.

Bareng wis tekan ing ngarep omahe, Indri age-age mlayu mlebu.

"Simbaaaah...!!!"

Pambengoke Indri karo ngruket Simbahe sing wis kapundhut ing ngarsaning Gusti. Indri nangis ngguguk. Sajake, kajaba tatu njero amarga ketiban usuk lan gentheng, jantunge Simbahe kumat. Lan Simbah Pawiro kang ijen ana omah, ora ana sing aweh pitulungan nalika penyakite kumat.

"*Inna lillahi wa innaa ilahi raji'un*. Wis, In. Lilakna wae. Simbah wis rumangsa tentrem kapundhut dening Gusti. Awake dhewe dongakna muga-muga arwahe Simbah tinampa dening Gusti Allah," kandhane Pardi aweh lelipur. Mripate Simbah Pawiro enggal-enggal ditutup dening Pardi.

"Saumpama aku tetep nang kene, Simbah mesthi isih bisa daktulungi," sumature Indri karo ngambung raine Simbahe sing wis anyep.

"Aja ngomong ngono, In. Iki kabeh wis takdir saka Gusti. Kabeh manungsa, kalebu kowe iki ora bisa selak saka takdir. Ya amarga ananing lindhu lan isu tsunami iki kang dadi jalaran takdire Gusti Allah nimbali Simbah Pawiro. Mula aja banget-banget anggorumu getun. Lilakna lan dongakna wae. Muga-muga entuk dalan padhang lan tinampa ing ngarsane Gusti Allah saengga diaanake ana papan kang minulya," ujare Pardi ngalahake Ustadz Jefri Al-Buchori. Pardi dhewe sajak gumun karo omongane. Lha wong salat wae mung saeling. Kamangka akeh laline tinimbang elinge!

"Iya, Kang. Aku wis ikhlas. Nanging aku durung bisa gawe senenge Simbah," kandhane Indri karo isih ngguguk.

"Aku ngerti," Pardi ngepuk-epuk pundhake Indri, "nanging lelabuhanmu marang Simbah Pawiro kuwi wis gawe marem atine Simbah. Delengen, Simbah katon mesem nalika ngadhep Gusti."

Indri ngingetke Simbahe. Katon Simbahe mesem sajak kalegan. Nanging, Indri banjur prembik-prembik maneh.

"Aku saiki karo sapa, Kang? Simbah wis kondur aneng alam kalanggengan?"

"Simbah dhek mau rak wis matur, aku dititipi sliramu. Ngestokake dhawuhe Simbah, aku bakal ngrengkuh sliramu, In" kandhane Pardi kanthi swara gumeter.

Indri kang nembe sungkawa amarga tininggal Simbahe, keprungu swara gumeter kasebut banjur kaya-kaya disiram banyu es. Mak nyes!

"Iya, Kang" sumature Indri cekak uga kanthi swara kang luwih gumeter.

Mboknenawa, Simbah Pawiro kang wis tilar donya bakal melu bungah yen weruh putune wis wiwit dhiwasal!

—&—

RONDHA

Sumirah

Rokok disumet, disedhot kanthi mantep, nganti pipine katon kempot. Pego kandel banjur disebulake liwat tutuk lan irunge. Nyedhot maneh. Pego disebulake mandhurwur. Mangkono bola-bali rokok disedhot nganti entek. Pikirane kebak pitakonan sing ora bisa kejawab.

"Apes. Ngertia aku ora bakal mangkat," mangkono swarane lirih.

"Wonten menapa, Mas?" pitakone Joni marang pawongan kang awit mau lungguhan ana pos rondha.

"Ora apa-apa, Le. Kowe cah wingi sore ora susah melu-melu!"

Priya kang semau pedhes iku ora ngerti yen Joni kuwi pendhudhuk kampung kono kang lagi rondha. Kancane rondha sakjane ana enem, ranging ora padha mangkat. Sing mangkat Joni dhewe!

"Sapa sing arep melu-melu? Wong ditakoni apik-apik kok wangsulane ora ngepenakake ati? Aja-aja wong iki ora beres?" Joni gemremeng ing batin.

Krungu wangsulan kang pedhes, Joni sangsaya cubriya. Apa maneh menawa diematake, pawongan kuwi katon sangar lan lengene ana tatone.

Wiwit awan mau wong kuwi wis katon liwat bola-bali ana ing kampung. Mung mubeng-mubeng terus! Joni tambah keweden.

"Mas, Panjenengan saking pundi? Ketingalipun sanes tiyang ngriki?" Joni ngwanek-ngwanekake takon.

"Aku pancen dudu wong kene. Nanging saka kampung sebrang kali."

Joni sangsaya keweden krungu wangsulane pawongan mau yen saka kampung sebrang kali. Jalaran wis kondhang yen kampung sebrang kali kuwi akeh pendhudhuke sing dadi maling.

"Adhuh, apes tenan. Wis jam sanga kok ya durung ana sing teka rondha," Joni gemremeng maneh ing sajroning ati. "Aja-aja arep ngrampok?"

Joni meneng wae. Sedhela-sedhela ngliirik pawongan medeni mau.

"Mas saking Dhusun Kalibening, nggih?"

"Iya. Kok ngerti yen aku saka Kalibening?" pawongan iku ganti takon.

"Kula namung ngira-ira kok, Mas. Amargi dhusun ingkang celak lepen inggih namung Dhusun Kalibening."

Ora krasa, jam tangane Joni nuduhake angka 11 bengi. Joni pamit arep nuthuk kenthongan supaya kanca-kancane enggal padha teka nusul rondha.

Swara kenthongan mecahake sepining wengi. Keprungu tekan desa sakiwa tengene desa kono. Sanajan kenthongan wis dithuthuk makaping-

kaping, kanca-kancane rondha Joni ora ana sing teka. Joni sangsaya bingung lan sangsaya wedi. Atine ora karu-karuan. Sajrone ngalamun karo mikirake kanca-kancane, dheweke dikagetake karo pitakonane pawongan mau.

"Ngerti ora daleme Pak Ahmad?"

"Ngertos. Wonten kersa napa?" Joni ganti takon.

Pak Ahmad kuwi wong sing paling sugih neng desane Joni. Krungu pitakonan kang kaya mangkono, Joni sangsaya cubriya. Aja-aja wong kuwi arep ngrampok omahe Pak Ahmad? Apa maneh saka njero jakete pawongan iku katon mendhosol, kaya ana barang sing didhelikake.

"Aja-aja wong iki nggawa golok apa peso? Adhuuuuh, mati aku! Mengko yen aku dibabat piye? Semprul tenan ki, wis yah mene kok ya ora ana sing nusul rondha? Kurang ajar tenan! Apa ora ngerti yen aku lagi kewedhen?" swarane Joni lirih nganti pawongan kuwi ora krungu apa sing diucapake.

Joni mlaku menyang sisih kiwa njaban pos rondha, dheweke weruh ana bungkusane gedhe lan kardus sing diselehake ana kono.

"Wah, wong iki wis ngrampok apa maling?" Joni sangsaya cubriya.

"Tulung eterna menyang daleme Pak Ahmad, ya?"

Joni bingung anggone arep mangsuli. Apa maneh pawongan kuwi tangane dilebokake neng njero jakete. Joni katon kewedhen lan gugup.

"Ampun, Mas. Ampun, kula mboten ..." durung rampung anggone wangsulan, Joni terus mlayu nggenjrit karo bengok-bengok.

"Tulung ... tulung ... rampok ... maling ..."

"Dhik, aku dudu rampok! Hee ... aja mlayu! Aku njaluk tulung pengin weruh daleme Pak Ahmad!" Pawongan mau bengok-bengok.

Nanging Joni wis ora ngrewes. Anggone mlayu sangsaya nggenjrit.

"Cilaka, njaluk tulung malah diarani rampok," grenenge mesem kecut.

Joni terus mlayu. Playune sangsaya banter nganti ambegane ngos-ngosan. Joni kelingan menawa bengi iki ana jagongan selapanan bayi. Dheweke mara panggonan jagongan bayi ing daleme Pak Ratmin. Mula swarane Joni ora ana sing krungu. Pendhudhuk kampung padha jagong.

"Pak, tulung ... Pak. Tulung, wonten rampok!" pambengoke Joni satekane daleme Pak Ratmin. Joni katon gugup. Tangane nuding-nuding.

"Rampok?" pitakone para warga bebarengan bareng krungu ana rampok. "Ana ngendi rampoke? Ayo diparani bareng-bareng."

"Wonten pos rondha, Pak!"

Warga kampung kaget. Sasuwene iki kampunge ora tau ana rampok. Bareng krungu ana kabar rampok sing mlebu neng desane, para warga kampung enggal bubar golek gaman sakecekele: linggis, kayu penthungan, peso, pedhang, apadene tumbak. Barjuri menyang pos rondha marani rampoke.

"Bener pa Jon yen kuwi rampoke?" pitakone salah sawijine warga nalika weruh saka kadohan pawongan sangar lungguh aneng pos rondha.

"Leres, Pak. Rampoke niku malah sampun angsal-angsalan, kok. Sampun mbekta buntelan ageng lan buntelan kardhus," wangsulane Joni.

Dene pawongan sing lungguh ing pos rondha isih grenengan dhewe.

"Bocah rada edan. Dijaluki tulong kon nuduhake daleme Pak Ahmad kok malah dikira ninggal mlayu karo bengok-bengok yen aku iki rampok Wooo, dhasar bocah gendheng tenan sajake."

Dheweke tetep lungguhan ana ing pos rondha karo udut nunggu mbok menawa ana wong sing teka lan bisa dijaluki tulong nuduhake omah sing digoleki.

Nanging saiba kagete bareng saka kadohan katon wong akeh marani pos rondha lan keprungu swarane Joni.

"Niku lho, Pak, rampoke. Kula ajrih!"

Sawise Pak Ratmin lan warga kampung tekan ing pos rondha, nuli kabeh padha ngguyu cekakan sawise weruh wong sing dianggep rampok dening Joni.

"Lho, kok sami ngguyu ta, Pak? Wonten menapa? Rampoke kok mboten enggal dicepeng?" pitakone Joni bingung.

"Jon, Jon ... kuwi dudu rampok. Panjenengane kuwi asmane Pak Bardi, adhine Pak Ahmad. Panjenengane kuwi wis pirang-pirang puluh taun ora tindak mrene. Apa maneh Pak Ahmad ya lagi pirang taun iki pindhah ing desa kene," celathune Pak Ratmin.

Pawongan kang asmane Pak Bardi mendeliki lan nyedhaki Joni. Sinambi guyon dheweke njewer kupinge Joni.

"Bocah dijaluki tulong kok malah mlayu tulong-tulong ngarani rampok. Sesuk maneh rasah melu rondha. Bocah kecir wae, kok."

Kabeh padha cekakakan krungu guyone Pak Bardi. Joni meneng wae. Ndhingkluk Wedi lan kisinin. Dheweke rumangsa luput lan cilik aten.

"Kowe rasah wedi, Jon. Pak Bardi kuwi pancen priyayine sangar lan medeni. Nanging penggalihne apik," pituture Pak Ratmin marang Joni. "Kowe pancen lagi digarapi kanca-kancamu supaya ajar kendel. mulane kanca-kancamu ora ana sing teka rondha. Mangga Pak Bardi, kula dherekaken dhateng dalemipun Pak Ahmad."

Kabeh warga padha bubar bali menyang omahe dhewe-dhewe. Joni isih katon mbesengut amarga rumangsa digarapi kancane.

"Wah, sebel ... !" grenenge Joni ing pojoking ati.

—&—

CALON

Siti Shobariyah

Ibu isih durung maren. Aku wis ora bisa apa-apa kanggo golek cara. Tekan dina iki jeneng papat sing wis dakaturake Ibu. Nanging, ibu tetep ora sarujuk. Ana-ana bae alesan kanggo nampik.

"Aku ora bisa maneh, Bu. Sapa sing kudu dakaturake Ibu," kandhaku setengah nglokro.

"Ah, kowe nglokro, Nar? Isih akeh prawan ayu lan becik bebudene," Ibu ngangseg.

"Ning aku rak ora kenal dheweke? Njur, dienggo apa?"

Ibu kendel. Aku ora ngerti apa sing lagi dipenggalihake. Ing atiku ujug-ujug kepengin omah-omah. Rasane gela banget nalika Ibu nolak Martini. Martini ora mung idheal, nanging aku uga wis tepung suwe. Dheweke sengaja daksodhorke keru dhewe supaya Ibu bisa mriksani kaluwihan-kaluwihane Martini saka liyane. Nanging, aku ora ngira yen Ibu uga nolak.

"Dheweke iku seneng dandan, Nar," mangkono ngendikane Ibu.

"Ora, Bu!"

Ibu mesem mriksani foto sing dakcaoske.

"Delengen! iki lambene we lenger-lenger. Pipine diwenehi apa kurwi? Nganti kaya rambutan mateng! Bisa-bisa sesuk bayarmu entek kanggo tuku dandanan thok!"

Aku meneng. Ketoke ora gampang ngyakinake Ibu. Ing foto iku Martini anggone dandan pancen ngenet njalari katon ayu lan nengsemake. Pengarep-arepku, Ibu bakal seneng oleh mantu ayu kaya Martini. Eh, ra ngertiya Ibu malah ora karenan penggalih, banjur nolak Martini.

Menawa ing foto iku Martini ora dandanan menor, mbokmenawa Ibu kagungan penggalih beda. Jebul caraku kleru. Eman banget, aku gelane ora jamak. Iki mujudake saperangan keputusanku anggonku negesi kersane Ibu.

Pancen sasuwene enem taun ana kutha, aku nycep tata carane urip ing kutha. Banjur pamikiran iku sing dak enggo ngyakinake Ibu. Jebul salah kaprah! Lan Ibu nolak mentah-mentah si Martini. Kang kaya mangkono kurwi ateges ngubur impenku sing sasuwene iki dak rabuk supaya dadi kasunyatan.

Nalika mulih menyang desa, aku yakin banget lamun Ibu setuju karo pilihanku. Mula aku janji marang Martini lamun sajroning rong minggu aku mesthi methuk Martini sowan lan sungkem Ibu uga kehrwargaku.

"Ibu ki penggalihé wis maju," aku nyoba ng yakinake Martini, "lan tekan ngendi Ibu kagungan hak marang putra-putrane. Buktime, nalika Masku nikah karo wanita manca, sing penting agamane padha."

Ya ing nalika iku Martini percaya. Nanging, saiki aku ngadhepi panolake Ibu. Pancen, Ibu cukup modheren manut ukuran tradhisional ing desaku. Ya jalaran modherene mau Ibu nolak Martini. Manut Ibu, wong modheren mono kudu duwe petungan kang permati lan ora mbuwang dhuwit kanggo kaperluwan kang kurang piguna.

Cilakane, ing panemune Ibu, salah sijine bab kang ora migunani, yaiku tuku piranti dandan leluwihan kaya sing dienggo dening Martini ing foto iku.

"Apa Ibu bae sing nggolekake," aturku marang Ibu.

Ibu mriksani aku karo gumun. Sawetara Ibu mriksani aku kanthi tajem, mbokmenawa mriksani apa sabeneré kang ana sajroning atiku. Mesthi Ibu ora nemokake apa-apa sebab pikiranku kothong mlompong.

"Ora, Nar", ngendikane Ibu, "bojo iku peranganing awakmu. Dadi ora wicaksana yen wong liya sing nggolekake."

Aku meneng. Rasane ora ana maneh gunane dedawa perkara iki. Ibu ora nyenengi Martini lan ora kersa nggolekake calon. Dadi, aku kudu golek calon dhewe, nanging dudu Martini!

Ana kene angele. Dak rasa Martini sing paling cocok kanggoku. Apa maneh aku wis paham tindak-tanduke. Dadi, kanggoku ati iki angel yen kudu pindhah marang wanita liya. Lan yen aku ndheseg Ibu, rasane kurang trep. Saliyane penggalihé kaku, Ibu uga duwe lara jantung. Aku wedi yen Dakdheseg, penyakité Ibu kumat. Yen nganti kedadeyan mangkono, mesthi aku bakal getun salawase urip.

Yen aku kudu nglalekake Martini, iku rasane abot sebab sesambunganku karo Martini wis raket, rasane angel yen kudu pisah. Wewayangan endah sing wis dakentha-entha saiki rasane wis kaya benang ruwet. Bruwet. Mumet tenan aku!

Aku bola-bali nggetuni anggonku bodho. Ya marga bodhoku, aku akon Martini dandan menor, kang malah ora dadi kersane Ibu. Aku ora bisa kuwawa matur yen martini iku dandan menor jalaran aku sing akon. Kanggo ngenalake Martini marang Ibu, carane ya mung meruhake fotone. Lan ing foto iku sing ana mung Martini kang Menor.

Wiwit saka iki rencana anggonku arep rabi wis ora kocap. Aku banjur golek kegiatan sing bisa ngentekake cutiku. Aku golek kanca mancing welut ing sawah utawa golek manuk. Aku uga metu adhiku nak-sanak mbedhak garangan ing desa liya. Pokoke apa wae supaya wektune entek lan bisa

nglalekake gelaku kang abot. Kepriye bae paite aku ora kepengin Ibu priksa susahku. Aku kepengin Ibu seneng sajrone aku cuti ana ing desa.

Mula saka iku, aku ora kepengin enggal bali neng kutha. Ben Ibu lega lan bisa nutugake rasa kangene marang aku. Maklum, wiwit nem tahun kepungkur aku ora ketemu Ibu. Pancen aku tau bali kaping pindhho, nanging ora nganti seminggu.

Nalika ngancani aku sarapan, Ibu sajake priksa anggonku gela.

"Piye, Nar?" Pitakone Ibu.

"Apa, Bu?"

"Bab calon bojomu iku lho."

Aku megeng napas. Geger daksendhekake kursi. Lambe kang gupak jangan gori dak elap.

"Batalke bae, Bu" aturku tanpa semangat.

"Lho, ngapa kok ngono?"

"Ketoke, aku luwih becik grengseng nyambut gawe dhisik, Bu. Sawise kuwi lagi mikir rabi," aturku.

Ibu gumujeng sinambi numpuk piring reged, disingkirake ing meja cilik sandhing meja makan, banjur ngiling wedang teh kanggoku.

"Kowe gela amarga aku ora sarujuk marang calon-calonmu, ya?" pitakone Ibu, mesem.

Aku mantluuk. Rasane ora perlu goroh maneh. Sapa ngerti mbaka sethithik Ibu bisa ngowahi panemunne.

"Antarane calon papat, iku ngendi sing paling koksenengi?"

Kayane Ibu paring kalodhangan. Nanging, atiku isih cubriya marang Ibu. Mula ora terus daktanggapi. Aku perlu ngati-ati supaya ora luwih gela.

Aku ndudut rokok banjur njupuk asbak ing ruang tamu. Dakgawa ing sacedhake Ibu. Ketoke kok bakal ana owah-owahan saka Ibu. Nanging, kepriye yen luwih gawe gela?

"Kanggo Ibu, sing penting calon bojomu iku bisa padha-padha melu mikirake anggone bebrayan. Aja nganti bisane mung ngoyak bojo. Bokmenawa anggonku mbiji wanita liwat foto iku bisa kleru. Nanging, uga bisa bener. Coba sakiki milih wanita ngendi sing kokantepi?" Ibu nyambung ngendikane karo mirksani aku kang isih mangu-mangu.

"Sing keru dhewe," wangsulanku mantep.

"Sing keru dhewe?" Ibu ngeling-eling, "sapa jenenge?"

"Martini," wangsulanku cekak.

Ibu mantluuk-mantluuk sawetara amem. Aku nggatekake kepriye reaksine Ibu keprungu wangsulanku. Ngerti-ngerti wetengku banjur muyug-

muyug nahan rasa. Aku kuwatir yen Ibu ngarani Martini tukang dandan. Aku wedi, aja-aja rembug iki mung nambahi gelaku.

"Kena apa kowe milih dheweke?"

"Pancen mung Martini sing cocog karo aku. Tur wis suwe aku kenal dheweke."

"Terus, sing liyane?" pitakone sajak kaya dhetektif.

Ah, apa aku kudu blaka yen sabenero liyane iku mung kekancan bae?

"Mung kanca biyasa, Bu." Wusanane aku matur.

"Kanca biyasa, piye?" Ibu sajak gumun.

"Ya winates kanggo nutupi calon tunggal." Aku banjur blaka suta.

Ibu gumujeng kepingkel-pingkel nganti garane kacamata arep copot saka talingane. Aku ora ngerti, apa sing lucu?

"Kowe ora jujur, Nar. Yen ngono, kena apa kowe ora ngajokake calon siji bae? Dheweke wis dadi pacarmu, ta?"

Aku manthuk.

"Sing ndadekke gela iku kena apa pilihanmu wanita sing seneng macak. Macak iku kena bae, nanging ya aja kaya ngono."

Aku nangkep sinyal liya saka pirembugan iki. Ibu paring kalodhangan kanggo mangestoni sesambunganku karo Martini. Mung anggore seneng macak iku sing ora dadi kersane Ibu.

"Sakjane ora kaya ngono, Bu," aku banjur wiwit wani nerangake, "Martini dudu wanita sing seneng macak. Sebab ora macak bae wis ayu."

Ibu mesem. "Kuwi kandhamu, Nar. Amarga dheweke pacarmu. Nanging ana ing foto dandanane kaya ledhek kethek?"

Aku uga melu ngguyu nalika Ibu ngendika "ledhek kethek" karo menjep. Rasane wis meh ana kalodhangan. Mung kurang sethithik kanggo ngatasi bab kang ruwet iki.

"Kuwi salahku, Bu. Nalika nggawe foto iku Martini dak kongkon dandan menor supaya Ibu kesengsem marang ayune lan Ibu banjur sarujuk yen Martini dadi mantune Ibu," kandhaku blaka.

"Kasunyatane, Ibu nolak lan kowe gela, ngono ta?" pitakone Ibu.

Aku manthuk.

"Lan maneh, yen ngono kowe dhewe ora yakin yen Marini iku ayu, ta?" Ibu pitakon maneh persis pulisi.

Aku kepepet. Kanthi cukat Ibu mbalekake rembugku. Aku mung kamitenggengen.

Ora suwe Ibu ngendika maneh nakokake sapa satemene Martini kuwi.

Aku banjur critak sapa Martini iku, ana ngendi aku ketemu sepisanan, lan sapa sejatine wong tuwane. Pokoke critaku komplit-plit.

Ibu katon marem, nanging durung ngendika yen sarujuk. Aku gojag-gajeg. Apa satemene kersane Ibu? Aku dadi kurwur!

Critaku banjur dakbacutake, "Ibune wis seda, Bu. Wiwit umur patang taun digedhekake dening Bapake lan sedulure turwa. Sedulure saiki wis omah-omah. Martini mung keru karo bapake."

Ibu kendel. Kaya-kaya ngenam aturku, nanging durung paring wangsulan. Aku materi rokok ing asbak.

"Saliyane padha dene tresna, aku duwe tetimbangan liya, Bu."

Ibu nyawang aku kanthi sorot kang tajem. Nandhes ing ati. Ketoke Ibu wiwit lilih.

"Wiwit cilik aku wis ora duwe Bapak. Dene Martini ora duwe Ibu. Mula, yen aku nikah, Ibu kersa dadi siji karo aku. Semono uga Bapake Martini. Dadi mengkone, ana Bapak, Ibu, lan anak-anak ing omahku."

"Ibu kudu nikah karo bapake Martini, ngono pa?" Ibu ngendika karo mencereng kaya gambar banthenge PDIP.

Aku gedhek. Mesem. Sebab aku ngerti Ibu mung sembranan.

"Ora ngono, Bu. Mung supaya ing keluargaku bisa komplit."

"Apa kowe wis tau matur karo Bapake Martini bab gagasanmu kuwi?"

"Wis, Bu. Bapake Martini malah trenyuh. Jare rencanaku mau apik banget. Duwe keluarga komplit tanpa nglarani atine liyan."

Ibu ora bisa ngampet eseme. Aku seneng banget. Aku yakin Ibu sarujuk. Nanging aku perlu mesthekake.

"Ibu sarujuk?" pitakonku ganti kaya pak pulisi.

Ibu kendel. Aku ngenteni pangandikane kanthi rasa goreng. Sawetara iku ing njaba angin ngobahake gegodhongan. Uga ngobahake atine Ibu.

SRI PANGGUNG

Ki Bancah

Jam wolu bengi wiwit talu. Minangka tandha menawa bakal kawitan babaring lakon Suminten edan. Sajroning panggung lagi diparingi warah dening dhalang utawa sutradara.

"Mas Jono, Panjenengan dadi Adipati Trenggalek."

"Inggih sendika, Pak."

"Pak Mardi karo Marjo, mbanyol wae, ya?"

"Kula tampi, Pak. Nanging kula dereng pikantuk iket," selane Mas Marjo.

"Nami, kowe kudu gelem dadi Suminten."

"Pak, kula trimah dados"

"Dadi apa? Iki ora kena dianyang maneh," kandhane si sutradara, Pak Purwa Rahardja. "Dhapukan iki wis dadi, amarga aku wis disereg karo penonton. Wis, aja nganti nguciwani mundhak kurang prayoga. Lan aku bakal njaluk panemune, Jeng Ratmi."

"Panemu kados pundi, Pak Pur?" Ratmi gurawalan sumaur amarga juragane ngerti-ngerti njaluk panemune.

Ratmi. Saben-saben didhapuk apa wae dheweke tansah sendika dhawuh lan ora bakal nyalunthangi kersane dhalang. Dhasar putri wasis micara tur uga baut beksa, pinter ngetrapake busana, cundhuk dhapukan kang pas karepe sutradara. Apa maneh yen ngadisarira, corekane trep jumbuh karo dedeg piadege kang singset lan semok sinembul duwe isi kemben kang anyengkir gadhing. Sanadyan wis patang taun jejodhohan karo Darminta, nanging durung duwe momongan. Ya amarga saking akehe ayahan kang disandhang. Wayah bengi kudu sumadya dhapukan kepara tekan jam siji. Menawa wayah jam telu esuk kudu wis tangi amarga nyawisake ubarampe kang bakal digawa ing pasar Prambanan. Goreng lenthuk netel gethuk nyepakake gadhang, biting lan plastik. Wondene bojone ngeterake tekan pasar ngrewangi dhasar sedhela, terus bali ing tobong amarga ngayahi nggambar lan nulis byawara utawa pamflet kang kapasang ing saben prapatan utawa gardhu rondha saben kampung.

"Paring dhawuh menapa, Pak?" Ratni mbaleni pitakone.

"Iki lho, Jeng. Wengi iki aku ndhapuk Nami supaya dadi Suminten. Mungguh panemumu kepriye?"

"Tadhah duka nggih, Pak? Kula boten saget matur, sakersa Parjenengan awit menika ingkang pirsu rak Parjenengan."

"Ora. Iki aku njaluk panenumu, kira-kira apa bisa dheweke nindakake pakaryan wengi iki?"

"Menawi kula matur sampun duka nggih?"

"Wis ndhang matura. Kepriye, ta?"

"Narni menika prayoginipun dados prameswari Adipati Trenggalek kemawon. Lajeng ingkang ngayahi dados Suminten menika Dhik Ning, garwane Mas Heri Margoyono."

Krungu rembugane Ratni lan Pak Purwa, sakala Narni muring-muring lan nuding-nuding Ratni. Swara kang ora enak lan kepenak metu kabeh.

"Pak, Parjenengan mireng piyambak swantenipun Narni, ta?" pitakone Ratni.

"Wis, lakon iki aku kang ngracik," ujare Pak Pur wicaksana anggone nengahi padudon.

"Nanging kula mboten betah nampi swanten ingkang sengkring."

"Ya wis, bengi iki aku jajal kaya ngapa kibrahe Narni. Yen ora bisa nindakake karya kanthi becik, sesuk dina candhake bakal dak inger Dhik Ning. Amarga malem Minggu kang bakal teka ngepasi lakon Suminten edan. Iki pancen rada abot. Nanging sepisan maneh bakal dak teter kaya ngapa kibrahe."

"Sumangga kemawon, Pak. Lajeng kula kados pundi?"

"Jeng Ratni dak dhapuk dadi Cempluk Warsiyah."

"Menawi saget kula sanes menika kemawon, Pak? Menapa sangsaya mboten runyam mangkenipun?"

"Runyam kepriye, ta?"

"Ingkang dados Raden Subroto rak garwane Dhik Narni, ta?"

"Iya. Kepriye, ta?"

"Menawi Mas Daryadi Hartawiyana ngungrum kula mangke menapa mboten damel kisruh? Kamangka Dhik Narni kados wonten bibit anyel kaliyan kula."

"Jeng, wengi iki aku bakal gawe greget seje."

"Menawi makaten, kula sendikani. Nanging kula nyuwun tambahan blanja, amargi jebibahan kula awrat lan malih resikonipun menika lho...."

"Aja sumelang, iki mau aku entuk sponsor."

Sawise sirep gamelan, kenthongan utawa keprek katabuh. Tangara menawa kawiwitan ngandharake para paraga kang bakal ngayahi jebibahan ing wengi iku. Sadurunge jejer kapisan lumrahe mesthi ana ekstra awujud beksan srimpi apa gambyong. Malah ana kang ngarani ledhekan amarga para

paragane ngleledhek pamer beksa, pamer trampiling wirama lincahing sabet lan liya-liya. Ngiras pantes kanggo cecawis jejer kapisan supaya bisoa paragane komplit anggone nata dhampar lan ngatur busana jangkep.

Jejer kapisan wus kasirep. Tonil katutup. Ganti banyolan. Ngiras karo promosi saka sponsor kang paring dana murih seni kethoprak sangsaya maju.

Lumrahe, para penonton padha ngarep-arep kibrahe banyolan lan lucu pinter ngocok. Dhagelan kang kurang prigel marahi anyel penonton, mula dadi sutradara utawa dhalang kudu bisa ngepasake paragane.

Mula, Saben Mardi karo Marjo metu, penonton padha kepok rame. Malah ana kang mbalang buntelan isi rokok, dhurwit, sarung, klambi, dana. Janji akeh barange, Mardi karo Marjo sangsaya mepeng ana ing panggung. Malah kala-kala nganti rong jam ngladeni panyuwunan gendhing dolanan lan langgam.

Genti keliran taman.

Cempluk Warsiyah anake Sura Menggala diadhep para emban lan abdi. Sawuse bage-binage kasar rawuhe Den Mas Subroto. Emban lan abdi padha sumingkir mbaka siji, mundhak ngribeti tamu kang lagi prapta.

"Nimas, apa Bapak ana ndalem?"

"Dhuh Raden, cadhong duka. Bapak nembe kemawon bidhal dhateng alas, nuweni taneman lan pados kajeng."

"Kene-kene kowe ora usah nyembah. Menawa nyembah iku yen aku ana kadipaten."

"Mangke kula kuwalat"

"Yak, ora usah pawadan. Kene jejer lenggar karo pun Kakang, Nimas."

Karo ngaras larapane kang nyela cendhani, tangan kiwane Daryadi ngrangkul pundhake Warsiyah, ya si Ratmi.

"Kangmas, menapa Parjenengan ...?"

"Apa? Ana apa, Nimas?"

"Sampun duka, nggih?"

"Ora. Aku ora bakal duka menawa karo kowe, Nimas."

"Menawi Paduka jejer lan tresna kaliyan kula, mangke klentu. Wong kula menika namung anakipun tiyang ndhusun, mboten saget matur alus, asring saru lan kasar."

"Nimas aja mikir sing ora-ora."

"Lan malih, menapa boten damel kucem asmaripun keng Rama?"

"Aja lelewa, Nimas. Aku wis prasetya, lamun ora bisa ngepek kowe trima ngemasi. Lan wis dak dhadha yen ana perkara malang-malang bakal dak putung rawe-rawe rantas."

"Estu Kangmas?"

"Iya, Nimas."

Paraga loro kuwi sangsaya ngangseg lungguhe lan mepet pindha ginging sarambut antara jalu lan wanita. Ngubel kapikut talining asmara. Tan kocapa, sajroning panggung Nami muring-muring lan misuh-misuh.

"Ooo, dhasar sundel! Ora duwe perasaan. Dadi Cempluk pisan wae, kesempatan manja lan nguleg-uleg bojoning liyan. Malah pipi diethet-ethetake, ditumpangake ana pupune Mas Har. Blis iblis, malah kebayak wae dibledehake! Apa men kopeke dingenteri bojoku, pa? Ooo, dhasar wedhus oleh ramban ijo!"

Nami ngunek-unekake Ratmi nganti entek kurang golek. Dheweke ora kuwat nyawang bojone pentas ngungrum Ratmi kang dadi Cempluk.

Saking kemropoke Nami, kang kudune pepasihane Raden Subroto ngungrum Warsiyah, nanging kenthongan enggal kasaut lan katabuh.

"Thok ... thok ... thok!"

Sakala gamelan srepeg tandha tengara menawa Warok Sura Menggala kudu enggal metu ing panggung.

Sutradhara ulawa dhalang nyuwara bareng karo matune kang dadi Warok.

"Eee ... trembelane! Lagi enak-enak namatake nyuruput wedang jahe jare, teka durung rampung rembuge kasmarane Raden Subroto karo Cempluk, kok wis ana keprak muni!"

"Adhuh-adhuh amit sewu, Ngger. Kula ...," kandhane Warok Sura Menggala.

"Bapa, kula ingkang nyuwun aksama."

"Hemm, Pluk! Wedange bapak endi? Lho ana tamu agung barang kok ora diaturi unjukan bara-bara karo nyamikan?"

"Sampun, Bapa mboten susah repot."

"Gusti, kepareng kula badhe nyawisaken unjukan sarta lampiranipun. Kepareng nggih?"

"Ooo iya-ya, Nimas."

Lakune Warsiyah kapandeng kedhep tesmak nganti Den Baguse Subroto ngomple, ndomblong, weruh kenya kang dadi gegantuilaning ati.

"Anu ... Den, mangga lenggah ingkang sakeca. Panjenengan kok kados wuru sekar padesan ingkang mboten saget ngadi busana lan salira?"

Gragapan semu kikuk Raden Subroto, diaruh-aruhi dering bapake Cempluk.

"A ... a ... a ... amit Bapa. Kula kumawani jamah putri Bapa. Ning kula dhadha kula pancen tresna."

"Menapa sampun dangu rawuhipun, Den?"

"Inggih sawetawis kirang langkung sekawan jam."

"Ooo sukur menawi Panjenengan kersa pinarak."

Rembungan panantingé bapake Warsiyah karo Den Mas Subroto nganti muyeg. Tansah gawe enaking ati. Ya mangkono calon mantu iku kudu bisa kurnat marang maratuwa.

Kocapa, kadadéyan ing sajroning tobong, Ratni kang dadi Cempluk dirayah siraha dening Narni. Rambut diadhul-adhul, klambi kebanyak digeret nganti suwek.

"Ooo dhasar wedhus! Ora tata, ngrayah bojone liyan ndadak nganggo rewa-rewa!"

"Lho! Lho! Mengko dhisik, ta!"

"Ora usah crewet! Saiki také karo aku!"

"Sepira luputku apuranen, Dhik. Wong aku iki mung nindakake wajib dadi Cempluk."

"Layak seneng dadi Cempluk. Wong dhapurmu nyempluk, dhasar bakul gethuk lan kentruk senenge umuk."

"Dhik, aja aneh-aneh! Apa kowe ngimpi?"

"Ngimpi? Matamu lekna! Aku melek!"

Karo isih ngukel rambute Ratni kang kaangkah bakal dijeblesake cagak, cukat lan tanggap Pak Purwa nyeblek pundhake Narni. Sakal kaget, ukelan bisa uwal. Ratni terus mlayu. Narni mengo, sapa sing wani nyeblek nganti lara?

"Niiii ... Ni. Kok kebangeten temen kowe, Ngger?"

"Pak! Anu, Pak." Kandhane Narni kewedhen.

"Dadi kowe ki pancen sujana, ta?"

"Sinten tiyange ingkang boten kemropok ngertos bojone ngelus-elus, ngaras wong liya? Napa boten panas, Pak?"

"Ooo, dadi kowe durung bisa mbedakake temenan karo ora? Wong ki aja sok sujanan. Dadi seniman utawa seniwati iku pancen akeh banget godhane, kalebu kowe sing ora kuwat godha. Bojomu iku pancen wasis dadi primadhona utawa *role nom-noman*. Dene Ratni dakakoni pancen pantes menawa dakjuluki Sri Panggung Cipta Kawedhar, kang saiki dakgelar ing kutha Prambanan kene. Mula ya Ni, iki mung sandhiwara kethoprak!" kandhane Pak Pur.

"Pak, kula pancen lepat. Nyuwun ..."

"Wis, ora usah digegetun. Sing wis ya wis."

"Ning, kula lajeng rikuh kaliyan Mbak Ratni, Pak. Kados pundi?"

"Mengko aku sing kandha marang Ratni anane salah pandakwa iki."

Ana ing panggung, Raden Subroto kaget bareng weruh rambute Cempluk awut-awutan. Wondene Bapakne sigra takon.

"Pluk, Cempluk. Kowe ki saka ngerdi wae? We lah, bocah gawe wedang wae nganti bedhug durung rampung"

"Pak, nalika aku arep gawe wedang, lakuku mulat nyandhung semprong cerak pawon kae. Aku terus tiba. Meh wae nyampluk lawang monyet. Tanganku nglawe, klambiku nganti suwek."

"Lha rambutmu kok madhul-madhul kuwi kena apa?" pitakone paraga sing dadi Bapakne sajak gumun. Amarga kahanan mau geseh karo critane.

"Anu, Pak. Saking kisoruhku, jagung kang digantung sandhuwuring pawon kae pedhot taline. Aku ketiban saombyok. Karepku, rambut bakal dak resiki, nanging aku wedi Bapak njur duka yen aku kesuwen ana ing pawon," Cempluk menehi alesan kang dikarang dhewe.

"Nimas, wis ora usah gawe wae."

"Amit, Raden. Kula boten trampil, cubluk, lan ugi mboten trengginas sarta kirang samudayanipun."

"Ora, ora. Rambut modhal-madhul malah sangsaya pantes. Coba dakpenerne agemane, kondhe, lan kebakmu. Lho, kok suwek pinggire? Ngarep, benike ilang kabeh, apa kosingepne?"

Dhasar lagi kepranan rupa, kaya ngapa wae dianggep pener lan bener. Karo mbenakake kebak, sinambi nglinik kemben kang isi cengkir gadhing sakembaran.

Ing sajroning tobong, Narni nggeget lambe nganti metu getihe. Abang mbranang.

ELING

Christina Sukjini

Ing wayah esuk bagaspati wus manjing ing antariksa. Sumorot madhangi jagad raya. Kanthi senenge ati, manungsa tumandang makarya.

Tanpa kagita-gita, dumadakan Dina, anakku wadon, bengok-bengok, "Bu, Pak, ana lindhu. Lindhu ...!"

Aku jranthalan mlayu saka njero omah. Lemah kang dakpidak kaya dene diinteri. Bojoku sing isih adus ing kolah uga banjur mlayu metu. Mung "bungkusari" andhuk! Bareng aku metu ing njaba, tanggaku wis padha ana ing jaban omah, padha kekitrang.

Aku nggoleki Bapake Dina. Ora ana! Bokmenawa mlebu ngomah maneh nggpleki kathoke sing kari ana ing kolah. Aku banjur nggoleki Dina. Bola-bali dakceluki. Nanging ora aweh wangsulan. Bareng ketemu, Dina lagi dedonga. Tangane anyenyuwun ana ngarsane Pangeran Kang Murbeng Dumadi supaya kaparingan luwar saka bebaya lan kalis ing rubeda.

Nyawang kahanan iku, aku banjur melu dedonga. Dina dakcedhaki.

"Bu, Panjenengan tindak wae, wong wis ora ana apa-apa."

"Kepriye mengko yen ana apa-apa? Omah kaya ngene kahanane, je!"

"Wis Bu, aku mengko dak kongkonan uwong, wong mung gendheng bae kang padha mlorot."

Dumadakan Mas Wiji mara karo uluk salam, "Kulanuwun, Bu."

"Oh, mangga. Kagungan kersa apa, Mas?"

"Anu, Bu, badhe ngampil andha. Sedaya griya sami mlorot gendhengipun."

"Iya lho Mas, gendheng ngomah iki ya padha mlarat. Piye Mas yen aku nyuwun tulung sisan?" pitakone bojoku sing wis nganggo busana.

"Inggih Pak, mangke menawi sampun rampung panggenan kula badhe kula tandangi pindhah."

Aku lan bojoku durung mangsuli ature Mas Wiji, dumadakan Dina nyela-nyela, "Bu, Pak, aku mangkat sekolah ndhisik."

Ing dina Sabtu kuwi si Dina pancen wis cepak-cepak arep mangkat sekolah. Mula, bareng lindhu gedhe wis rampung anggone ngamuk, Dina uga nerusake anggone mangkat sekolah ing kutha.

Sawuse rampung anggonku adus, Dina bengok-bengok saka njaba.

"Bu, aku ora sida sekolah. Murid-murid didhawuhi mulih sebab mengko arep ana gempu susulan sing luwih gedhe. Iki lho Bu, ana selebarane!"

Atiku trataban. Bojoku uga trataban.

"Lindhu esuk mau wis kaya ngono rasane, apa maneh arepe ana lindhu susulan sing luwih gedhe? Njur kaya ngapa kedadeyane?" pitakone bojoku marang awake dhewe.

Mula, selebaran dakwaca sakeplasan, banjur diwaca genti bojoku.

"Bu, Panjenengan tindak sekolahan bae karo nyaoske selebaran iki. Bokmenawa Bu Kepala Sekolah durung pirsane anane selebaran ini."

Bareng bojoku ngendika mangkono, aku terus mikir. Aku sarujuk karo ngendikane bojoku. Aku banjur neruske anggonku tata-tata. Barang sakabehe dakanggep wis sumadiya, aku banjur mangkat makarya karo dedonga marang Gusti Kang Murbeng Dumadi.

"Dhuh Gusti, paringana pangapunten lan nyuwun kaparingana keslametan, kalis ing sambikala."

Sadalan-dalan aku mung nyenyuwun amrih kaparingan kaslametan.

Bareng tekan dalan, dumadakan pit montorku gembos kecoblos paku. Atiku bingung amarga lagi arep mangkat bae kok malah kecoblos paku.

Aku ora sida mangkat makarya. Pit montorku daktuntun mulih. Nanging, bareng tekan ngomah, Bapak nyaranke supaya pit montor ditambahke bae. Yen wis rampung banjur mangkat.

Aku sarujuk karo sarane Bapak. Mula, aku banjur nuntun pit montor golek bengkel. Tekan dalan jaban kampung ana bengkel bukak sanajan gendhenge wis mlorot kabeh lan temboke ambrol separo. Hmm, sajake iki tukang tambal ban anyaran ing desa kene, mangkono grenengku ing sajroning batin.

"Mas, nambal ban, nggih?"

Nanging tembungku mau ora diwangsuli.

"Mas, nambal ban!" aku mbaleni panjalukku kanthi swara rada sero.

Tukang tambal ban tetep ora mangsuli. Ora kanyana-nyana, tukang tambal ban mau banjur nyandhak pit montorku, dituntun banjur dibukaki. Ana ing ati aku kebak pitakon.

"Apa salahku kok aturku ora diwangsuli? Apa aku kurang sopan anggone matur? Nanging, pit montorku kok banjur ditandangi? Kepriye ta genahe priyayi iki?"

Ora kanyana-nyana ana piyayi wadon setengah sepuh metu saka ngomah nyedhaki aku.

"Bu, nyuwun pangapunten. Sekala wau Panjenengan ngendika, nanging boten dipunwangsuli. Sepisan malih kula nyuwun pangapunten amargi nyuwun sewu, lare menika mboten saged matur."

Aku kaget lan trenyuh.

“Adhuh, Gusti, kula nyuwun pangapunten lan matur nuwun sampun kaparingan pancaindra ingkang komplit.”

Bareng wis rampung anggonku ngudarasa, aku banjur matur, “Bu, boten menapa-menapa.”

Aku banjur nunggu anggone nambal ban motorku. Atiku krasa trenyuh bareng aku namatake tukang tambal ban mau. Wujude lair, pawongan mau kalebu pawongan gagah prakosa lan bagus rupane. Atiku sangsaya trenyuh lan sedhih. Kaya ngono adile Kang Maha Kirwasa. Ora bisa guneman, nanging duwe kaluwihan, pinter nambal ban, lan pinter bukak bengkel. Semono adiling Gusti Kang Murbeng Dumadi. Titah digawe warna-warna wujude. Ora kabeh tinitah apik, ananging ana uga kang tinitah kurang sampurna sarta ana uga kang pinaringan kaluwihan.

Bareng wis rampung anggone nambal ban, aku banjur ngaturi dhuwit sepuluh ewu. Nanging, pawongan mau banjur paring tandha diriji lima karo angka 0 nganggo temuding lan jempol sing tegese bayar mung Rp5.000,00. Mula aku banjur diwenehi balen Rp5.000,00.

Karo nunggang montor, sadalan-dalan akeh wong kang ngadeg ing pinggir dalan. Atiku tansah bingung lan kuwur. Aku lumaku menyang sekolahan. Kaget atiku bareng tekan sekolahan wis kebak uwong. Bareng tekan pintu gerbang, sangsaya angles atiku.

“Dhuh Gusti, kados ngaten pacobaning gesang.”

Angles lan nalangsa atiku jebul kaya ngene kadadeyane. Sekolahan anyar kok bisa ambruk tan ana tilas?! Iki pacobaning uwong urip sing ora kanyana-nyana. Piye iki sesuk anggone padha sekolah lan mulang? Ana ngendi anggone arep mulang bocah-bocah yen kaya ngene sekolahane? Oh Gusti, paringana pangapunten sedaya kalepatan kula. Bokmenawi menika minangka pepeling dhumateng kula lan sedaya titah ingkang nilar saking bebener.

Lagi ketungkul ngalamun, dumadakan kanca guru nyedhaki anggonku ngadeg karo kandha, “Kabeh iki saking kersa Dalem Gusti, Bu.”

“He-eh, dina iki aku nemu piwulang cacah loro.”

“Apa kuwi, Bu?”

“Sepisan, mau nyumurupi bocah bagus. Nanging, jebul bisu. Dene sing kaping pindho, lindhu kang ngrubuhake sekolahane dhewe.”

“Bengkel cedhak toko obat kae ya kena?”

“Ya.”

“Kae ki mbiyen ya lulusan kene lho, Bu.”

“Ooo”

WAYUH

Wasi Riyanto

Rembulan wiwit jumedhul ing sisih wetan. Iku pratandha wengi bakal tumeka miwiti tumekane pangangen-angen sing maneka warna. Jumedhul genti-genten tanpa ana jluntrunge. Kahanan kang mangkono mau kadlarung-dlarung nganti pirang-pirang wengi. Tanpa ana tandha-tandha bakal ngonceki reruweting ati.

Hawa wengi sing atis nambahi swasana sangsaya sepi. Sepine swasana iki nambahi getiring ati kang ora bisa dialang-alangi. Gilir gumanti tanpa ana sing bisa matesi.

Esuk iku kebeneran ana wektu lodhang. Mula, aku bisa sapejagong karo Mas Sunar. Ngudarasa kahanan sekolah kang wiwit umyeg jalaran keprungu kabar menawa sekolah iki bakal digabung karo sekolah ndhuwur. Kamangka sekolah iki wis lumaku selikur taun lawase kanthi becik lan ngrembaka. Swasana sekolah sing ayem tentrem, kebak ing pasendhon lan gegojegan, bisa nuruhake rasa krasan ing sekolah, sarta rasa kangen marang kanca menawa sauntara ora padha ketemu. Karakterane kekancan ora mung ing pagaweyan, nanging bisa nuruhake paseduluran sing rumaket. Kahanan sekolah kang kaya ngono rumakete iku wis lumaku pirang-pirang taun lawase.

Dumadakan ana kabar kang ngagetake. Mula, kaya ana swaraning gludhuk ing mangsa kasanga, luwih-luwih kanggone kanca-kanca sing wis duwe palungguhan kang cocok karo pepingine saperlu kanggo nggayuh pepingine sing luwih dhuwur maneh. Mula, ora aneh kahanan sekolah dadi ora karuwan kaya wong kelangan keblat, ora ngerti apa kang njalari.

"Menawa kawawas saka asile pendhidhikan, sekolah iki ora nguciwani marang sapa bae. Apa maneh manawa saka cacahé murid, sekolah kepara isih nolak akeh ing saben tahune," mangkono clathune Mas Sunar kang katon ora percaya manawa sekolah iki bakal digabung.

"Dakkira pancen dudu kuwi sing njalari sekolahé dhewe iki bakal digabung, Mas. Apa amarga panggonane sing jejer-jejer, sing mung diwatesi pager, Mas? Apa ana kanca-kancane dhewe kene utawa ing sekolah dhuwur sing duwe gegayuhan arep ndadekake sekolah iki dadi sekolah kang gedhé dhewe?"

"Ah, apa iya mung amarga bab ngono mau, geneya ora wiwit madege dhisik padha dipikirake?" Mas Sunar nambahi gunem karo sajak ora dadi karepe.

"Kuwi ya mung pangiraku, Mas. Amarga sing kerep dakngerteni, sekolah kang digabungake karo sekolah liyane iku, sing dadi sebab utamane ora amarga kekurangan murid, nanging sekolahe dhewe iki ora ... ta, Mas?" genti pitakonku marang Mas Sunar.

"Lha ya kuwi, ta. Apa para pejabat sing padha nemtokake sekolah iki biyen ora padha mikir untung ruginé sekolah sing jejer? Apa ana bab liya sing mung kepengin ngoyak untunge dhewe senadyan kudu ngorbanake liyane?" semaure Mas Sunar karo nyengir.

"Thet... thet... thet"

Suwaru bel nandhakake wektu ngaso wis entek. Kanthi laku sajak isih aras-arasen, aku mlebu kelas saperlu mulang, nindakake kewajiban. Bocah-bocah padha anteng anggone nggarap tugas sing wis dakwenehake. Karo nyawang kelas mau aku banjur kelingan lan mikir-mikir apa kang mentas direnbug karo Mas Sunar.

Apa kang njalari sekolah iki *diwawuh*? Apa ana pawongan ing sekolah iki sing duwe kekarepan sing kurang prayoga, sing mung golek untunge pribadine? Apa iya ana kanca sing mentala ganti gawe susah, rekasa, sarta nyilakani kanca?

"Ah, kok malah ngambra-ambra pikiran iki, cubriya duwe pikiran ala marang kanca," mangkono pangudarasaku.

Aku mlenggong nalika murid-muridku sajak umyeg ngrenbug bab sing narik kawigatene.

"Apa ya bener sekolah iki arepe dgabung karo sekolah rdhuwur? Wah, menawa temenan, aku seneng banget awit kancane dadi akeh," uluke salah sawijining murid.

"Ah, yen aku ora setuju sebab manawa muride akeh, pengawasane saya angel. Mula asile mesthi ya elek," mangkono mau celatitune Danang.

"Kuwi rak ya mung panemumu dhewe sebab manawa muride akeh, umume luwih santosa ana ing bab apa bae: kayata olahraga, kesenian, ketrampilan, sarta ing babagan ilmu pengetahuan liyane," Baskara melu nrambuli.

"Coba saiki pikiren kanthi wering. Yen muride mung sethithik, bakal luwih kopen sarta bisa digatekake siji mbaka siji. Contone: les umum kae asile ora bakal luwih apik yen katandhingake karo les privat," mangkono mau sumaure Danang kanthi alon tur cetha.

"Yen nyawang sekolah aja mung saka bab biji kelulusane thok, nanging kudu disawang saka bab liyane uga. Contone menawa olahragane apik, saliyané bocahé kondhang, sekolah uga katut kondhang. Saumpama ana

lomba-lomba liyane, sekolah kang akeh muride ora bakal kewuhan anggone milih bocah sing mutune luwih becik, ujure Baskara ora gelem kalah.

"Kurwi mau rak mung ing teorine bae sebab ngajari bocah supaya duwe prestasi sing becik kanthi cacah kang akeh iku ora gampang," sumaure Darang padha ora gelem kalahe.

"Saiki ngene bae, ayo gawe angket banjur padha dikon milih setuju apa ora setuju menawa sekolah bakal diwayuh karo sekolah dhuwur. Lha sing swarane akeh, iku sing dianggep becik" semaure Baskara karo sajak nantang.

Aku marani umyege bocah-bocah sing padha udur bab sekolah sing arep diwayuh.

"Uwis-uwis, ora usah padha regejegan rebut bener lan rebut menang. Sebab sing nentokake sekolah iki digabung apa orane iku dudu murid, guru, apa dene komite sekolah," mangkono panyapihku marang bocah-bocah.

Sawetara iku, ing sekolah dhuwur uga ana pirembugan sing gayeng prakara kabar sing sumebar yen sekolah ngisor bakal digabung karo sekolahe. Bab iku bisa dakngerteni nalika tanpa sengaja aku krungu pirembugane wong-wong ing dhuwur. Nalika iku aku lagi nggoleki Mas Darna saperlu nyilih administrasi KBM.

"Jan-jane yen sekolah iki bakal diwayuh karo sekolah ngisor, bab iku ora beda karo wong omah-omah kulawarga sing batihe sethiithik. Kulawarga sing batihe sethiithik iku mesthi luwih kopen, kepenak, sarwa kecukupan. Beda karo kulawarga sing batihe akeh. Semono uga ing babagan sekolah. Yen akeh muride, uga kurang kopen," kandhane Mas Bakir sajak kaya pamedhar sabda.

"Waaah, ya ora ngono kuwi, Sekolah iku pancen ya kaya wong omah-omah, nanging ing babagan tartamtu mesthi ana bedane. Sekolah sing muride sethiithik, kebutuhane ya sethiithik, oleh-olehane ya sethiithik. Nanging, sekolah sing muride akeh kebutuhane ya akeh, oleh-olehane uga akeh," Mas Yana sumaur sajak kaya ngerti. Lha wong dhasare dheweke iku wakil kepala sekolah.

"Apa sampeyan ora nggalih sing jero kaya ngapa rekasane pikirane lan susahe keluarga kang bakal diwayuh? Saupama padha bisa nampa, iku dakkira mung ing tata lair, nanging atine sejatine padha nolak," mangkono sumaure Mas Bakir kethus.

Pancen sing jenenge nggathukake kulawarga loro sing wis padha mapane iku ora gampang. Kanggo tujuwan luwih gedhe iku mesthi kudu ana sing gelem ngalah lan ngiwakake kepentingan pribadi," mangkono semaure Mas Yana.

Nanging, Mas Bakir ora langsung gampang nampa katerangan mau. Karo lunga saka panggonane, dheweke ngomong, "Ya, muga-muga sing

nemtokake kawicaksanan kasebut ora mung mikir untunge dhewe kanthi ngorbanake kancane lan masarakate.”

Wis sawetara suwe anggonku sapejagong karo Mas Darma saperlu golek “administrasi Kegiatan Belajar Mengajar”. Mula aku banjur njaluk pamit.

Ing dina-dina sabanjure kahanan sing ruwet mangkono mau tetep lumaku tanpa ana pituduh sarta katrangan saka sing kawogan duwe wewenang ing babagan kasebut. Yen beneri ana wektu longgar ing sekolah, pikiran iki banjur dadi ngambra-ambra sarta kebak ing pitakonan-pitakonan.

“Geneya sekolah sing wis lumaku kanthi becik banjur dihoregake kanthi kabar kang mangkono? Apa pamarentah sing kawogan ing babagan iki ora padha pirsya yen kahanan sekolah dadi umyeg? Ya gene kahanan sing kaya mangkono mau ora enggal-enggal diudhari dening pamarintah dhaerah utawa pusat? Apa pancen disengaja mangkono supaya padha bisa mrantasi gawe dhewe?”

Swasana mangkono iku lumaku terus tanpa ana sing bisa ngalang-alangi lan matesi.

Ngawen, Agustus 2006

GRAHANA

Wiwik Indriyani

Angin wengi iki sangsaya ngekes rumasuk ana ing balung sungsumku. Wengine durung paja-paja nalika tumlawunge mega nutupi endahe rembulan kang sumunar. Isih cetha kagambar wewayanganmu nalika pamit ninggalake aku esuk mau.

"Rengganis ...," lirih suaramu kaya ora kurwawa mbacutake aturmu.

"Rengganis ...," aku njaluk pangapura. Kabeh mau dudu kekarepanku ... lan"

"Ora perlu dibacutake aturmu, Mas," landhung swaraku karo njejeri lungguh ana sandhinge Mas Aji kang tumungkul kegawa rasa salah. Bingung kudu mutusake antarane rasa tresna asihe marang aku, utawa bali ndandani pranatan bebrayan urip mulya karo garwane.

"Aku ekhlas nampa kahanan iki, Mas. Becike Panjenengan kondur ing dalem Mbak Liestiyani. Piye-piye dheweke kurwi kang luwih hak lan dadi garwa pinilih. Bener ngendikane Bapak Ibu, aku iki dudu sapa-sapa lan ora duwe apa-apa. Urip lola, adoh pangkat lan drajat"

"Ananging" liwung atimu sangsaya lirih lan tanpa daya nyawang aku.

"Percaya aku, Mas. Aku ora apa-apa nampa kabeh putusanmu yen kuwi pancen bisa gawe tertreming ati lan urip Panjenengan ing tembe mburine. Ora perlu nggalihake aku. Gedhe panarimaku dadi pralambang gedhening katresnanku."

"Rengganis ..."

Karo ngremet drijiku, Mas Aji suwe anggone mandeng aku. Sorot mripate sajak ora ekhlas. Dheweke ngadeg terus njangkah alon-alon ninggalake aku. Sejatine aku ora tega nguntabake lakune Mas Aji kang katon abot lan cetha rinujid atine. Ora krasa, luh iki tumetes ing pipi, situk mbaka situk. Sanajan ora kawijil panggrasahe, ananging aku bisa ngrasakake sungkawaning penggalihane.

Ah, ing wengi iki ora krasa wengine sangsaya ngangseg nalika keprungu suara jangkrik ngerik ing satengahing ratri. Tumlisire angin kang nerak gegodhongan ing ngarep omahku sangsaya muruhake rasa kangenku marang Mas Aji. Aku mung bisa ndonga muga Mas Aji bisa urip mulya sanajan abot sanggane uga suwe jangkane. Aku ngono wis biyasa urip susah, beda karo Mbak Liestiyani. Sakliyane putra mantan pejabat penting ing tlatah

Ngayogyakarta, dheweke uga wis dadi wanita karier sing kawentar. Lumrah wae menawa ora bisa nampa kasunyatan diwayuh karo wanodya liya. Sing cetha wedi marang rasa wirang lan isin menawa nganti dimangerteni masarakat menawa garwane nikah maneh.

Wis sawetara meh rong sasi suwene ora ana kabar saka Mas Aji. HP lan uga telpon dalemne ora bisa dakhubungi. Sangsaya liwung ati iki mendhem rasa lan nampa kasunyatan menawa aku telat ora nggarap sasi iki.

Panase srengenge kang sumelet awan iki nambahi rasa mangu atiku njangkah alon tumuju lobi laboratorium Rumah Sakit Sakinah. Dikantheni mitraku, Surtikanthi, aku arep tes laboratorium kanggo ngecek *urine* apa bener aku positif ngandhut.

"Apa kowe wis bisa nampa kasunyatan yen nganti bener sliramu mengko ngandhut, Nis?" celathune Surti sinambi nggandheng tanganku, mlaku tumuju laboratorium. Aku ora kuwawa wangsulan. Dakjupuk cepuk cilik kang diulungake suster kanggo wadhah *urine*. Karo rasa dheg-dhegan aku mlebu kolah sing ana pojok cedhak kamar inap pasien sing dirawat ana kono. Ora suwe metu saka kolah, cepuk cilik isi *urine* cepet-cepet dakulungake suster.

"Ditunggu satu jam ya, Mbak?!" ature suster karo ngulungake tandha bukti kwitansi.

"Inggih, matur nuwun, Sus," wangsulanku alon.

Aaku mlaku nyedhaki Surti sing lagi lungguh kursi tunggu kang cumawis ning tengah lobi. Dheweke isih nyawang aku, kaya kebak pangarep-arep bakal nunggu wangsulan bab pitakone sing wurung dakwangsulni nalika mlebu laboratorium mau.

"Piye, Nis?" pitakone karo mingset anggone lungguh. Kebak rasa kuwatir nyawang kahananku.

Aku lungguh njejeri dheweke. Lirih aku ngunjal ambegan kanggo ngilangake rasa sumpege dhadha sadurunge murwakani rembugan kang wigati iki.

"*Wallahu'alam Bissawab*, Sur. Kabeh dakpasrahake marang Sing Kuasa," wangsulanku karo nelakake rasa pasrah marang kahanan sing wis kebacut daksandhang. Surti meneng.

"Arep kepriye maneh, aku wani nglakoni uga kudu wani tanggung jawab, ta?" dakbacutake wangsulanku kaya-kaya aku siap ngadhapi kasunyatan iki sanajan sejatine atiku kabuncang nampa kasunyatan menawa aku bakale ngandhut tanpa kasandhing Mas Aji. Wis ora kepikiran maneh kepriye panemune tangga teparo yen nyawang kahananku mengko.

"Genah, sliramu karo Mas Aji kuwi kepriye, ta?" pitakone sajak nlesih.

"Aku bingung. Kudu wiwit saka ngendi? Critane dawa banget!"

Aku meneng sawetara. Sanalika pikiranku ngumbara ing awang-awang. Kelingan sepisanan ketemu Mas Aji ing sawijine kegiatan sosial kang ngurusi bimbingan marang bocah-bocah sing ora bisa nerusake sekolah lan *anak jalanan*. Aku mbina babagan seni lan budhaya, dene Mas Aji nglatih ketrampilan carane mbudidaya tanduran anggrek supaya bisa kanggo sangu urip mandhiri ing tembe mburine. Kabeh mau dianakake saben seminggu sepisan ing tlatah Lempuyangan.

"Aku ketemu dheweke ing Yayasan Among Siwi. Wektu kuwi aku ora ngira yen dheweke wis omah-omah Sur" lirih swaraku isin menawa keprungu *pasien* liya sing lagi padha tunggu giliran priksa.

"Lho, dadi ...?" Karo nyekel tanganku lan mlongo kaget, Surti nyela omonganku.

"Iya, Mas Aji wis nikah sadurunge ketemu aku. Sasuwene memitran kuwi aku dadi ngerti menawa kahanan keluargane ora *harmonis* salumrahe wong bebrayan. Mas Aji nikah karo Mbak Liestiyani pilihan wong tuwane. Kanggo nuruti kekepareane bapak ibune, kanthi pangajab bisa mulya uripe. Ananging pangarep-arep kuwi ora dadi kasunyatan, malah kepara suwalike. Sejatine, garwane kuwi luwih sakabehe tinimbang aku. Saliyane ayu, pinter, uga dadi wanita karier kang wis kawentar kiprahe. Ananging, wektune kanggo kulawarga kepara ora ana. Malah, Mas Aji ora kaurus. Mula, wis limang taun durung kagungan putra. Nampa kahanan kaya mangkono, Mas Aji sing mung trima pegawai negri biyasa ing Dinas Pertanian ora bisa tumindak apa-apa. Saliyane gaji luwih cilik, dheweke dadi kelara-lara atine amarga saklumrahe guru lakine ora duwe perbawa ing kulawargane lan rumangsa dikilani dhadhane."

"Yen ngono, sliramu ngrusak pager ayu ta, Nis?" pranggule Surti setengah ora percaya karo apa sing dakkandhakake.

"Karepmu olehe mbiji aku Sur, ananging kulawargane Mas Aji cetha wis ora tentrem sadurunge aku tepung dheweke. Yen ana unen-unen witing tresna jalaran saka kulina, iku pancen nyata. Mula bukane tresna iki tuwuh saka rasa welasku sing gedhe marang Mas Aji. Semono uga dheweke. Tresna iki sangsaya ngrembaka, nganti aku lan Mas Aji mutusake nikah siri tanpa ijin luwih dhisik marang garwane. Kanthi pangajab, sepisan kanggo ngendhani tumindak kang ora manut pranatan agama utawa jina. Kaping pindho, pangajab bisa oleh keturunan. Apa aku kliru mutusake kaya mangkono?"

Surti sajak ngunjal ambegan. Soroting mripat nandhakake yen bingung karo pitakonku mau.

"Tujuwanmu karo Mas Aji pancen becik. Nanging, piye clathune tangga teparo menawa mangerteni sliramu positip ngandhut? Awake dhewe

iki urip ning kampung kang kebak wewaler lan durung bisa nampa paugeran sing dianggep nyimpang saka pranatan. Ora ngerti nikahe kapan, apa maneh ora dibiwarakake, ngerti-ngerti ngandhut, bisa-bisa kowe dituduh wanodya sing ora genah," kandhane Surti karo ngulungake banyu putih ana ing botol marang aku. Dheweke mbacutke tembung.

"Trus, saupama garwane pirs, piye Nis? Apa maneh Mas Aji rak PNS, ta? Apa ora abot sanggane mengko yen nganti garwane tetep ora bisa nampa kahananmu sing bakal ngandhut putrane?" sajak kawatir Surti mbacutake rembuge.

"Aku bingung, Sur. Ya iku sing dadi perkara. Rong sasi kepungkur garwane malah nate mrangguli aku lagi mangan bareng Mas Aji ing sawijining restoran ing flatah Kalasan. Wiwit saka kedadeyan kuwi Mas Aji bingung lan dadi tambah liwung penggalihé amarga garwane nuntut: pisah utawa ninggalake aku? Sanajan abot, Mas Aji milih ninggalake aku lan bali ngeboti Mbak Lestiyani. Kabeh mau kanggo njaga jeneng brayat agenge Mas Aji sakulawarga sing mistuwur ing flatah Yogyakarta. Aku ngaku salah kebrangas nuruti rasa tresna garwane liyan. Ananging aku ora getun utawa kuciwa amarga kabeh mau linambaran endahe katresnan lan niyat ekhlas dadi garwa ampeyan."

Surti meneng sajak bingung. Ati lan pikirane ora gathuk karo apa sing nembe wae dak kandhakake. Kepara durung bisa nampa kahanan iki saupama iku kedadean marang dheweke. Wis mesthi dheweke ora bakal kurwawa. Saliyane duwèni watak tegas, lan ngugemi pranatan etika Jawa, dheweke kalebu wong kang ora bisa nampa tinemu kang ora linambaran nalar lan keyakinan.

Aku lan Surti lerem sawetara ora mbacutake rembug. Ambyur ana ing jagat pangangen-angene dhewe-dhewe. Sorot matane kang ora kendhat nyawang aku sajak mendhem abot sangganing ati, mikir kahananku kang urip lola ora duwe sapa-sapa isih nandhang antaka ngandhut tanpa garwa. Saupama bener aku ngandhut, saeba bungahe Mas Aji nyumurupi kahanan iki. Apa sing diidham-idhamake bisa kasembadan duwe putra saka wanita kang ditresnani. Ananging, apa Mbak Lestiyani bisa nampa kahanan iki? Saupama dheweke bisa nampa aku lahir tumekane batin dadi garwa ampeyane Mas Aji, calon jabang bayi iki ora bakal bingung nggoleki sapa bapake. Saupama kabeh mau dadi kasunyatan calon jabang bayi iki bisa kanggo ngraketake rasa katresnan antarane aku, Mas Aji, lan Mbak Lies, ing pangajab menawa aku sida ngandhut putrane Mas Aji, mesthi aku bisa tansah sesandhingan karo dheweke. Ora ana eleke menawa bisa urip brayat minulya antarane aku, Mas Aji, lan Mbak Lies. Ananging kabeh mau kudu linambaran

rasa ekhlas, adil, lan kanthi tujuwan ngibadah. Apa kang mengkonono bakal ginaris lan tinitah kudu ditampa kanthi rasa syukur. Tundhone bisa nuruhake urip kabagyan donya akirat. Saumpama

"Tbu Rengganis," banter swarane suster ngundang jenengku. Sanalika mbuyarake angen-angenku. Aku nyedhak, ngulungake kwitansi. Semono uga suster mau ngulungake asile tes *urine* ing sajroning amplop kuning. Karo gemeter, alon-alon dakbukak amplope. Surti nyedhak njejeri aku lan melu maca isine kertas asil laboratorium mau.

"Negatif"

Antarane percaya karo ora maca isi kertas kuwi, Surti katon mesem angujiwat. Sumringah kepara seneng bareng mangerteni aku ora ngandhut. Batine, kowe bisa urip salumrahe wanodya liya lan nerusake urip iki kanthi tumata. Ora bakal ana clathune tangga. Ora ana rasa cubriya. Lan nerusake dalaning panguripan kang isih kebak panggodha lan pacoban iki kanthi nglegawa. Ananging kabeh mau beda karo pangangen-angenku. Sanadyan mangkonono aku kudu ngucap syukur marang Gusti. Iki kabeh mesthi ana hikmahe.

Panase sansaya sumelet nalika aku lan Surtikanthi ninggalake plataran Rumah Sakit Sakinah. Sajake Surti ngerti gedhe pangarep-arepku bisa ngandhut amarga amung kuwi tandha tresna kang bisa ngraketake tali asih antarane aku lan Mas Aji.

Langit ing bang kulon nandhakake wayah wis meh lingsir wengi. Ora krasa, jangkahku wis teka ing ngarep lawang nalika Surti ninggalake aku dhewe lunga numpak taksi bali ning omahe.

Kaya adate, aku dhewe saiki ginubeng sepi. Wengine sangsaya tintrim. Bedane, wengi iki mbulane katon endah sumunar madhangi bumi. Kahanan kaya ngene dadi ngelingake aku marang wewayangane Mas Aji kang wektu kuwi lungguh njejeri aku lan ngrengkuh aku ana ing dhadhane, lan lirih dheweke ngucap, "Rengganis ... lakon uripe dhewe iki kaya mbulan lan srengenge, kang rinipta madhangi donya. Ananging ora nduweri daya. Mbulan tansah ketampa wengi ananging katampik ratri lan ora bakal bisa sumunar nyandhing kelawan bagaskara. Amarga yen iku bisa, mesthi bakal ana praharaning donya. Grahana ...!!!"

SRI PAMULATSIH

Slamet Nugroho

Sore iku Pak Pana katon sayah banget. Sayah ragane ya sayah penggalihé. Lungguh ana kursi tamu dikancani garwane. Sedhela-sedhela watuk. Ambegane kaya seseg sengkil sanadyan bola-bali wis diunjul. Limang dina maneh Pak Pana arep duwe gawe mantu putrine wuragil kang aran Sri Pamulatsih.

"Mbok sampun, Pak. Le menggalih boten sah lebet-lebet. Empun kajenge yen pancen karepe putra njenengan kados ngoten. Dituruti mawon," ature Bu Pana marang garwane.

"Ora bisa, Bu. Sing kudu manut iku malah anakmu wadon kuwi. Awake dhewe dadi wong turwa anggone nguja kaya wis ora kurang-kurang. Wiwit saka cilik nganti tumekaning dewasa iki. Wiwit saka bab sekolah nganti anggone milih jodho. Aku mung kepingin si Sri iku netepana anggone dadi wong Jawa. Sing jenenge wong salaki rabi iku ora baen-baen lho, Bu. Biyen bab perkara pamilihé dina aku wis manut. Ora nganggo petunganku ya ora apa-apa. Nanging bab upacara adat iki aja ditinggalake!"

"Pak . . ., si Sri niku pun lare sakniki. Nek ken manut kalih kersane Bapak sing kados ngoten mbok bilih nggih boten saged sebab jamane niku pun beda, Pak."

"Iki dudu perkara jaman sing wis beda, Bu. Iki bab le netepi dadi wong Jawa. Yen wong Jawa iku lumrahe yen mantu omahe ya ditarubi, ya kendhurenan kanggo nyuwun keslametan, lan sapiturute."

"Ning miturut si Sri, niku boten enten tuntunane."

"Sing kandha sapa? Sing kandha sapa!!! Yen gelem maca buku bab kabudayan kaya ngono kuwi pirang-pirang, Bu. Kae, neng rak buku kae dijupuk, diwaca. Ana Serat Tata Cara, ana Primbon, sing kabeh mau ngemot piwulang-piwulang bab kabudayan Jawa, Bu."

Pak Pana iku pancen pana tenan ing bab kabudayan Jawa. Buku-buku kang ngemot kabudayan Jawa sasat panjenengane kagungan kabeh. Ora mokal marga Pak Pana iku sawijining pensiunan guru Basa Jawa.

"Bu, aku ngerti kok apa sebabe si Sri kuwi ora gelem nindakake sawernaning kabudayan Jawa, luwih-luwih bab anggone arep dadi mantan iki. Dheweke iku wis kena pengaruh budaya liya. Anggone ubyang-ubung karo kanca-kancane sing jarene padha ngudi ilmu agama kae, iku sing nyebabake."

“Pak, Perjenengan ki ampun ngendika ngoten. Wong nyatane putrane niku padha ngaji, ngangsu kawruh agama kok njenengan wastani kados ngoten. Mangke ndhak ndadoske kirang prayogi kalih kanca-kancane Sri.” Bu Pana nyoba ngleremake garwane.

Wiwit lulus saka SMA, Sri Pamulatsih iku pancen sregep ngaji lan ngangsu kawruh agama, malah saiki dheweke klebu pengurus sawijining pergerakan Islam. Lulus saka SMA, Sri Pamulatsih kuliah ana ing IAIN Sunan Kalijaga, Yogyakarta. Dheweke njupuk jurusan Pendidikan Bahasa Inggris. Ya ing kampuse iku Sri ketemu karo calon bojone kang aran Mohammad Shodikin, bocah saka Brebes. Sanadyan klebu bocah jaman saiki, si Sri tetep nduweni tata krama kang genep. Solah bawane tansah nuduhake kurmat marang sapa wae luwih-luwih marang wong tuwane sakloron. Dheweke ora tau mbantah dhawuhe wong tuwa. Nanging, yen wis nganti tekan bab kang magepokan karo syariat agama, dheweke emoh kalah sanadyan karo wong tuwane. Sri Pamulatsih nduweni panemu yen kabeh kang bakal dilakoni kudu ngenut klawan apa kang kapacak ing Alquran lan Hadis. Kanggone Sri, upacara-upacara adat lan pangibadahan-pangibadahan kang ora tinemu ana ing Alquran lan Hadis iku kalebu *bid'ah*, haram ukume menawa katindakake. Kalebu reroncening tata cara mantu kang tharik-tharik ing kabudayan Jawa.

Sabubare dilamar dening Shodikin, Sri nate matur marang Pak Pana yen dheweke ora gelem nindakake tata cara Jawa rikalane didadekake manten mbesuke. Dening Pak Pana disagahi, Pak Pana anggone nyagahi rikala semana isih nduweni pangarep-arep yen wis tekan mangsane mesthi anake gelem nindakake tata cara Jawa.

Dina terus lumaku. Rong minggu sadurunge dina kang wis pinilih, Pak Pana nggumpukake tangga teparo saperlu dijaluki pitulungan anggore bakal duwe gawe ewuh mantu. Ing kono Pak Pana ngrancang samubarang kang magepokan karo ewuhe, ngenut klawan tata cara Jawa. Bab iku Sri ora mangerteni amarga rikalane nggumpukake tangga teparo iku Sri lagi kelungan ana ing Semarang. Malah dening Pak Pana, Sri aja nganti ngerti.

Bu Pana kang raket banget karo putra ragile iku ora kuwat nyimpen wadi sing dirancang Pak Pana. Esuk mau Bu Pana kepeksa crita marang Sri.

Pirsa putrane lagi lungguhan, maca buku dhewe ing kebon mburi Bu Pana nyedhaki, banjur lungguh ing jejere.

“Ndhuk, kowe kuwi anakku wadon siji-sijine gek ragil pisan. Mula kepriye wae sesuk iku resepsine ya gedhen. Rak kanca-kancamu ya wis dha koundhang i ta, Ndhuk?”

“Nggih sampun, Bu. Nanging kula boten ngaturi kanca kathah kok, Bu. Paling nggih namung kanca-kanca organisasi kaliyan kanca ngaji.”

"Lha kira-kira ana pira Ndhuk, priyayine?"

"Watawis pitung ndasanan, Bu."

"O.. ya sithik yen mung semono wae. Dadi tamumu karo tamune Bapak lan Ibu yen digunggung ana watara limang atusan."

"Nanging anu lho, Bu. Berjang menawi wonten resepsi tamunipun menika kedah pun piyambak-piyambakaken, lho. Inggang kakung kaliyan inggang kakung, dene inggang putri kaliyan inggang putri. Tur antawisipun tamu kakung kaliyan tamu putri mangke kedah wonten warananipun inggang milahaken."

"Lho, kok ngono! Apa ora lucu yen mangkono iku? Lha mengko yen ana tamu sing rawuh sarimbitan apa ya lenggahe terus diaturi pisah ngono?"

"Kedah, Bu." Sri mangsuli kanthi mantep lan kaya ora kena diowahi panemune.

Bu Pana bingung nggagas panemune putrane iku. Apa ya pancen kudu ngono ana ing piwulang agama? Pitakone Bu Pana sajroning batin. Bu Pana sangsaya bingung maneh anggone bakal ngandhani anake yen sesuk iku anggone manten kudu nggunakake tata cara Jawa.

"Ya bab kaya ngono kuwi kowe matura dhewe marang Bapak. Wiwit dina iki becike kowe rasah letungan adoh-adoh. Kanggo ngawekari samubarang apa wae kang ora dikarepake!"

"Lho, Ibu kok penggalilipun taksih kados ngaten? Sadaya inggang kalampahan lan inggang badhe kalampahan menika sampun inggang ngatur inggih menika Gusti Allah. Sauger kula kaliyan panjenengan menika pitados makaten boten wonten menapa-menapa, Bu."

"Aku omong mangkono mau kanggo ngawekari, Ndhuk. Awake dhewe rak ora ngerti kepriye lelakon kang wis ditakdirake Gusti Allah. Tur ta manungsa iku titah kang nduweni kuwajiban kudu usaha, dimen kabeh mau tinemune becik," ngendikane Bu Pana marang putrane sing babar blas ora nggugu marang wewalere para leluhur.

Bu Pana nyedhaki lungguhe putrane wadon, banjur disikep lan dielus-lus rambute. Katon banget tresnane Bu Pana marang Sri Pamulatsih. Dikaya ngapa wae Sri iku bocah kang becik, tansah mituhu marang dhawuhe wong tuwa. Mula Bu Pana nyoba ngrimuk putrane.

"Ndhuk, ing piwulang agama mesthine rak ya ana ta sing ngandhakake yen anak iku sabisa-bisane mikul dhuwur mendhem jero. Lire, bisa njaga wirange wong tuwa lan ngatonake becike wong tuwane."

"Lha nggih wonten ngaten, Bu. Boten, kok ibu ngendika kados ngaten menika wonten menapa ta, Bu?" pitakone Sri kebak rasa cubriya marang apa kang sumimpen ing penggalihne Ibune.

“Bu, prasaja kemawon sejatosipun wonten menapa?” pitakone Sri saya ngangseg.

Kang ditakoni sajak kewuhan. Ing penggalihe Bu Para wis bisa ngira yen putrane iku mengkone ora bakal narima marang apa kang bakal dingendhakake mengko.

“Ngene lho Ndhuk, kowe ngerti yen bapakmu iku priyayi kang wis sepuh. Mula banget anggone ngugemi kabudayan Jawa. Bapakmu ya ora kersa tenan yen diaturi ninggal kabudayan Jawa. Aku kandha kaya mangkono mau magepokan karo apa sing arep dakkandhakake marang kowe iki. Bapakmu wis ngrancang kabeh kanggo acara mantenmu sesuk kuwi. Mula saka kuwi dakjaluk kowe bisa nampa lan gelem nglakoni sawernaning acara kang wis dirancang dening Bapakmu sesuk...!”

“Lho, mangke rumiyin, Bu. Ingkang dipunrancang Bapak menika acara ingkang kados pundi? Cocog kaliyan paugeranipun agami menapa boten?” pitakone Sri miterang.

“Aku mau rak wis kandha ta Ndhuk, yen Bapakmu iku ora bisa ninggalake kabudayan Jawa. Mula saka kuwi mesthine anggone ngrancang acara ya miturut tata cara budaya Jawa. Lan ngene ya Ndhuk yen miturut aku, tata cara budaya Jawa kuwi ya ora ana kang cengkah marang paugeraning agama. Cengkah lan ora kuwi gumantung marang kepriye anggone ngonceki. Kaya ngendikane Bapakmu kae, yen sejatine kabeh adat tata cara Jawa iku ngemu surasa piwulang kang becik kanggo urip iki. Luwih-luwih ing upacara manten. Kowe rak sok melu resepsi ta, Ndhuk? Lumrahe pranata carane kae ngendikakake bab werdine upacara-upacara kang nembe dilakoni. Keneng apa yen manten iku kudu nganggo janur, kudu gawe gapura kang kedadeyan saka maneka warnane gegodhongan lan sapiturute? Janur iku yen ditegesi kanthi kerata basa rak sejatining Nur. Dadi wong sing arep omah-omah iku kudu tansah eling marang sejatining Nur, Cahya, ya Gusti Allah kang nitahake jagad raya saisine iki. Nggon gapura kae kudu ana alang-alang, godhong kluwih gek malah tebu barang melu ditemplekake. Iku kabeh mengku karep, Ndhuk. Anane alang-alang iku supayane anggonmu urip kekluwargan ing mengkone ora ana alangan. Anane godhong kluwih iku nduweni panyuwunan marang Gusti Allah muga-muga sira sakloron ing mengkone nduweni kaluwihan kang bisa kanggo tepa tuladhane tangga teparomu lan masyarakat umume. Semono uga tebu iku ana tegese. Yen anggonmu kekluwargan kuwi kudu dilandhesi kanthi antebing kalbu. Lan isih akeh pitutur-pitutur kang kakandhut ing tata cara Jawa iku. Dadi yen kowe gelem nyurasa kang temenan, mesthi ora nduwe pikiran yen tata cara Jawa iku kebak ing tumindak syirik, nyekuthokake Allah. Kowe rak ya ngerti dhewe ta, apa Bapakmu kae tau ninggalake salat limang

wektu? Rak ora ta? Apa Bapakmu kae ora nindakake agama Islam? Rak ya ora ta? Senadyan mengkonono, Bapakmu iku uga ngugemi banget marang budaya Jawane. Mula ya Ndhuk, kowe bisaa nampa.”

Sri meneng wae. Dumadakan muripate kembeng-kembeng kebak eluh. Banjur netesi pipine kang nduren sajuring iku. Kantiti keseseg Sri matur marang ibune.

“Bu, sinaosa kathah sanget ingkang Panjenengan ngedikakaken wau wonten suraos piwucalipun, menika boten wonten tuntunanipun. Kapadosana wonten ing Alquran kaliyan Hadis menika sadaya boten badhe kapanggihaken. Mila, tumindak kados makaten kalawau dipunwastani *bid'ah*, Bu. Kula ajrih dosa dhateng Gusti Allah, Bu. Mila kula nyuwun kanthi sanget, berjang menika akad nikah lajeng walimahan kemawon. Lan salebeting walimahan menika mangke wonten pengaosanipun. Ngaten kemawon, Bu. Lan menika rumiyin rak inggih sampun kula aturaken dhateng Bapak, ta?” Sri mbeguguk ngutho waton, panggah kekarepan lan panemune.

“Nanging, rancangane Bapakmu kuwi wis mateng, Ndhuk. Tangga teparo lan sedulur-sedulur wis padha priksa. Sesuk-esuk kuwi wiwit padha tarub, banjur sesuke kuwi wis padha masak kanggo nyaosi tonjokan marang tangga teparo lan sedulur cerak. Banjur Setu sore iku kowe nindakake siraman, diterusake bengine nindakake tebus kembar mayang.”

“Dados sampun ngaten menika, Bu. *Astaghfirullah*,” Sri sangsaya ndadi tangise.

Jroning batin Sri ora kepingin dadi anak duraka, nanging yen nuruti kersane wong tuwa, mengkono luwih duraka marang Kang Kurwasa. Rancangane wong tuwane kaya wis ora bisa dicabarake maneh. Sri bingung, kuwur pikire.

“Bu, kula matur dhateng Ibu. Bokbilih mangke ugi saged dipunaturaken dhateng Bapak. Saestu, kula nyuwun pangapunten dhateng Ibu saha Bapak menawi sampun damel sengkêl penggalih Panjenengan kekalih. Kula boten kepingin dados lare ingkang duraka dhateng tiyang sepuhipun.”

“*Alhamdulillah*, Ndhuk Aku mongkog tenan karo kowe. Aku ngerti yen kowe kuwi bocah kang sholehah, mbangun turut marang bapak ibu. Seneng aku, Ndhuk. Dadi kowe gelem nampa lan nglakoni rancangane Bapakmu, ta?” pasuryane Bu Pana katon sumringah krungu ature putrane.

“Nyuwun pangapunten, Bu. Atur kula dereng rampung. Kula inggih ajrih dados titah ingkang duraka dhateng Gustinipun,” Sri mumbuhi ature.

Pasuryane Bu Pana kang mau wis katon sumringah saiki bali dadi peteng maneh.

“Lha, terus karepmu priye, Ndhuk?”

"Menawi Bapak panggah dhateng kersanipun, aluwung ... aluwung ..." ature Sri kesandhet-sandhet dening tangise. Luh pating dlewer nelesi pipi senajan sedhela-sedhela wis diusapi. Kaya-kaya tuk-e luh iku tansaya gedhe.

"Aluwung apa, Ndhuk?" pitakone Bu Pana kanthi rasa kuwatir.

"Aluwung kula cabar boten estu nikah kemawon."

Mangsuli mangkono Sri mlayu mlebu ngomah, banjur mlebu ing kamare. Lawang ditutup, banjur dikunci rapet.

Nganti sore Sri durung gelem metu kamar. Dheweke metu kamar amung amarga saperlu wudlu bakal nindakake salat Luhur lan Asar.

Ya kahanan kaya mangkono kang gawe Pak Pana sayah raga lan peggalihe.

"Pak, gandheng awake dhewe niku empun ngaturi tangga teparo, sedulur kathah, tinimbang cabar kados pundi yen dituruti mawon karepe putrane?"

"Bu, aku mau rak wis kandha, ta. Sing kudu manut kuwi anakmu wadon. Wong cetha ora dikongkon tumindak ala, malah becik, lha kok ora gelem. Dakkira ki yen anakmu kuwi wis dhiwasa tenan, jebul ya pikirane isih pikiran bocah. Buktime, ana bab kaya ngene kok ora gelem rembugan karo aku langsung. Malah saiki ndadak nganggo ngunci kamar barang. Aku gumun, sing ngracuni pikirane anakmu kuwi sapa ngono lho, Bu? Kok dheweke bisa duwe panemu kang kaya mangkono?" Pak Pana ngunjul ambegan dawa kaya-kaya dhadhane kebak, seseg anggone ngrasakake. Ora let suwe Pak Pana nerusake ngendikane.

"Apa yen wis duwe panemu kaya panemune anakmu kuwi wis kalebu wong suci? Dadi ahli swarga? Durung mesthi! Swarga lan neraka iku sing wenang ya mung Gusti Allah piyambak. Rak ngono ta, Bu?"

"Pun ta Pak, Panjenengan boten sah ngala-ala keyakinanane tiyang sanes. Mangke ndhak boten prayogi kedadusanipun. Sakniki sing kedah dirembag niku kados pundi le pados cara supados anggane mantu awake dhewe niku boten cabar?"

"Genah cetha kuncine kuwi neng anakmu ngono kok. Yen anakmu kuwi gelem kaya caraku, awake dhewe sida mantu. Ning yen ora, embuh. Ra weruh kedadeyane?"

Bu Pana sangsaya bingung ngrasakake anake sing ora gelem nurut dhawuhe Bapakne. Uga ngrasakake garwane sing kenceng nggondheli marang budaya Jawane.

"Pak, mbok dipenggalih malih. Kados pundi yen mangke anggane mantu niku cabar. Napa boten mbabar wirang tenan? Lan kula nyuwun dipenggalih langkung lebet malih, ngijabaken anak wedok niku dados

kuwajiban bapakne. Yen ngantos Panjenengan boten kersa, napa Panjenengan sampun siap nampi bebenduning Pangeran?" Bu Pana ngerih-erih garwane supaya anggore mantu tetep ditindakake sanadyan tanpa tata cara Jawa.

Amarga saking tresnane marang putrane wadon, Pak Pana kersa ninggalake kabudayan Jawa, mligine anggore bakal duwe gawe mantu.

"Bu, aku kepingin omong marang anakmu. Sri undangan mrene!" dhawuhe Pak Pana marang garwane. Sing didhawuhi enggal jumangkah tumuju kamare putrane wadon.

Ora let suwe, Bu Pana wis bali ana ruang tamu maneh karo nganthi Sri Pamulatsih. Sirahe Sri tansah tumungkul, telapakane mripat bithu-bithu katon yen bubar nangis.

"Sri, Bapak takon. Keyakinanmu kurwi wis ora bisa owah maneh?" pitakone Pak Pana marang anake wadon.

"Pak, kula boten sah matur kathah-kathah malih, bokbilih Panjenengan sampun pirsaa."

"Yoh, yen iku wis dadi keyakinanmu, Bapak ora bisa apa-apa. Sesuk acarane digawe kaya kekarepanmu!"

Krungu ngendikane bapakne kaya ngono, Sri banjur lungguh nyeraki lenggahe Pak Pana. Sungkem lan ngambung astane bapakne.

"Matur sembah nuwun, Pak," ature Sri marang bapakne sinambi ndhodhok banjur ngarasi bapakne.

Dina candhake, tangga teparo kang bakal aweh pambiyantu tarub padha rawuh. Dering Pak Pana wong-wong mau banjur amung disuwuni supaya resesik omah wae. Tarub dicabarake. Mung anggore pasang tratag ing latar ngarep wae tetep ora owah.

Ing dina Minggu, dina kang wis pinilih kanggo akad nikah, wis tumeka. Pak Pana ngijabake Sri Pamulatsih. Tamu-tamu sing rawuh didhewekake antarane sing kakung lan sing putri. Rikala acara walimahan iku Pak Pana katon sayah banget. Pasuryane pucet lan sedhela-sedhela unjal ambegan.

Watara jam rolas acara rampung. Tamu-tamu padha kondur. Mung saperangan sedulur cerak wae sing isih keru.

"Bapaaaaak !!!"

Wong-wong padha kaget krungu swara panjerite Sri Pamulatsih ngundang bapakne. Wong-wong sing isih lungguhan ing ngarepan padha mlayu mlebu ngomah nanjihake apa sing kedadeyan. Jebul

Prambanan, Juli 2006

?sL me tNu g] a.

ENDI KANG KUDU DIPILIH

Slamet Nugroho

Bis kang ditumpaki Dhani lakune wis mlebu kutha Prambanan, kutha cilik kang kondhang amarga ing kono ana papan wisatane yaiku candhi Prambanan. Dhani ngeting-eling rikala ninggalake kutha cilik kasebut. Dheweke diterake dening Gumrining, wanita kang banget ditresnani lan wis klakon dadi sisihane. Dhek semana Dhani kebak ing pangarep-arep, dheweke bakal dadi wong kepenak, bisa nyukupi kebutuhan kluwargane. Semono uga Gumrining kang ditinggal. Pikire, sawise bojone dadi pegawe ing Aceh, kabeh kebutuhane bisa dicukupi.

"Gumrining ..., kepriye saiki kahananmu?" Pitakone Dhani jroning batin.

"Prambanan habis ...! Prambanan habis" swarane kondhektur bis njugarake pangangen-angene Dhani marang Gumrining.

Sawise bis mandheg ing terminal, Dhani mudhun. Hawa Prambanan kang wis telung tahun ora dirasakake dening Dhani, disedhot nganti jero.

"*Alhamdulillah...*, matur nurwun Gusti, aku isih panjenengan keparengake ngrasakake hawa kutha iki."

"Ojek..., ojek..., ojek, Mas?" celathune tukang ojek nawani Dhani.

Tanpa sranta lan takon pira regane, Dhani enggal nyengklak sepedha motor kang wis cumawis ing ngarepe.

"Dhateng pundi, Mas?" pitakone tukang ojek marang Dhani kang wis ana ing mburine.

Dhani sajak bingung, dheweke kaya lali jeneng desane apa maneh dalam tumuju desane. Grayah-grayah tangane Dhani ngrogoh kanthong kathok, banjur dheweke ngetokake kertas kang isi tulisan alamat.

"Pereng, Mas." Dhani ngandhakake jeneng desane marang tukang ojek.

Krungu wangsulane Dhani, tukang ojek mau banjur mlayokake sepedha motore. Mbok menawa tukang ojek iku wis ngerti lan apal jeneng desa kang disebutake Dhani iku. Ora let suwe kira-kira seprapat jam tukang ojek iku ngendhegake sepedha motore ing sawijining pojok desa. Ing pojokan desa mau ana tugu kang tulisane dhukuh Pereng.

"Daleme sisih pundi, Mas? pitakone tukang ojek.

"Pun dugi ngriki mawon, pinten Mas?" Dhani nakokake pira dheweke kudu mbayar marang tukang ojek iku sinambi tangane ngrogoh dhompet ing kanthongan kathok mburi.

“Gangsal ewu.”

“Menika Mas, matur nuwun nggih.” Dhani ngulungi dhuwit limang ewonan marang tukang ojek iku. Sing diulungi dhuwit nampani banjur ngenggokake sepedha motore nggeblas lunga.

Dhani mlaku tumuju omah kang papane ing pojok desa iku. Sawise tekan latar, Dhani mandheg. Pikire ngeling-eling wujud omah kang biyen ditinggalake, kanyata isih kaya biyen durung ana owah-owahane. Dhani kelingan lelakon rikala dheweke anyar-anyare mboyong Gumrining ing omah iku. Dina-dina kang diliwati mung tansah kebak ing kabungahan, gegojegan, geguyon kanthi kebak ing rasa tresna asih. Rikala semana Dhani durung cekel gawe sing cetha. Lulus saka SMK jurusan teknik geologi, Dhani ora enggal antuk gaweyan. Sajrone ngenterni panggilan kerja, Dhani metu laden tukang kaya Dhanang, adhine. Dhanang iku adhine kembar Dhani. Dheweke wis nyambut gawe dadi laden tukang wis luwih dhisik, amarga anggone lulus sekolah ya dhisik. Dhanang karo Dhani rikalane sekolah pancen beda papan lan jurusan. Yen Dhani ing SMK Negeri 2 kang suwene sekolah patang tahun, dene Dhanang mung ana SMK swasta jurusan teknik sipil utawa bangunan sing suwene mung telung tahun.

Telung tahun Dhani nglakoni dadi laden tukang ing bangunan, banjur tepung karo bocah wadon, kancane nyambut gawe. Gumrining bocah wadon kang ireng manis, gapyak semanak lan tansah nyenengake wong kang diajak gumeman. Kenya weton Gunung Kidul iku wis naleri atine Dhani. Ora nganti patang sasi Dhani matur marang bapakne supaya ditembungake Gumrining saperlu diajak omah-omah. Klakon Dhani omah-omah karo Gumrining, Kenya kang dadi gegantilaning atine.

“Mas Dhani ...!” swarane wong wadon kang metu saka ngomah mbubarake panglamune Dhani.

Wong wadon iku ora liya Gumrining, Kanthi semu ora percaya sapa kang diadhepi metu saka ngomah tumuju latar, papane Dhani ngadeg nggelar lelakon kang wis kawuri ing panglamune. Rasa bingung, bungah, susah kaya tumplek bleg ing dhadhane Gumrining.

“Gumrining... Gumrining....!” tanpa sranta Dhani bengok-bengok jenenge Gumrining banjur mlayoni wong wadon iku.

Kaya wong kang ngelak ngorong ing satengahe ngara-ara wedhi nemokake tuk banyu, Dhani ngrangkul, ngruket, ngambung bathu, pipine, lathine, ora leren-leren. Gumrining glagepan amarga tumindake Dhani mau, tanpa rinasa luh tumetes ing pipine.

“Ayo, Mas. Mlebu ngomah. Saru, mosok rangkul-rangkalan, ambung-ambungan, neng latar kaya ngene.”

"Ya ora papa ta, wong ngrangkul ya ngrangkul bojone dhewe, ngambung ya ngambung bojone dhewe, ora olehe nyolong wae kok bingung," mangsuli mangkono tangane Dhani ngusap pipine Gumrining kang teles dening luh.

"Ya ora ngono, ning ya saru disawang tangga, yo... ayo ta gek enggal mlebu!" pangajake Gumrining karo ngeret-eret tangane Dhani.

Dhani nuruti karepe Gumrining, mlebu ngomah banjur lungguh ing kursi kayu. Dheweke nyawang kahanane njero ngomah, isih padha karo rikalane ditinggalake. Omah gedheg ukuran enem sanga, tivi hitam putih 14 inch ya isih sumendhe ing patang aring tengah. Nanging, sawise Dhani nyawang kursi kayu ing ngarep teve wis ana sing beda. Biyen kursi iku tansah dilungguhi pak Badar, bapakne sing banget ditresnani, sing nggulawenthah Dhani lan Dhanang wiwit umur limang tahun. Pak Badar pancen nggulawenthah dhewe putrane sakloron sawise ditinggal seda garwane ya ibune Dhani. Mula, ora jeneng mokal yen Dhani karo Dhanang banget rakete marang bapakne.

"Ning...., Iha Bapak ana ngendi?" pitakone Dhani marang Gumrining.

Kang ditakoni ora enggal wangsulan, isih ubeg ana mburi gawe wedang. Ora suwe Gumrining nyeraki palungguhane Dhani karo nggawa wedang.

"Diunjuk dhisik, Mas!" celathune Gumrining karo ngulungake gelas marang Dhani.

Srupat-sruput Dhani ngombe wedang kang wis suwe ora dirasakake. Wedang gaweyane bojone kang banget ditresnani.

"Ning, pitakonku mau durung kokwangsuli. Bapak ana ngendi?" Dhani mbaleni pitakone.

Krungu pitakone Dhani, Gumrining ora enggal wangsulan, malah mripate mbrabak abang. lon-lonan luh tumetes ing pipine. Banjur nangis unkep-engkep ing pangkone Dhani.

"Ngapa.., ngapa, Ning? Bapak ngapa? Bapak keneng apa? Bapak ana ngendi? Aja kaya ngene ta. Lungguha dhisik, banjur omonga sing cetha!" Dhani nyekel pundhake Gumrining banjur dilungguhake ing kursi jejere.

Luh kang mili saka mripate Gumrining saya deres, dibarengi karo swara tangise.

"Mas, Bapak wis seda setahun kepungkur."

"Bapak seda...! *Inna lillahi waainmailihi raji'un.* Bapak...., aku nyuwun ngapura Pak, geneya aku ora mangerteni seda panjenengan, geneya Gusti Allah ora maringi wektu aku kanggo males budi Panjenengan," celathune Dhani kang kebak ing gegetun.

Batine Dhani kang mau kebak ing kabagyan, marga ketemu keluwarga kang didama-dama. Dumadakan owah dadi panalangsa lan rasa gegetun. Sanadyan jejere wong lanang, kanyata mripate Dhani uga bisa netesake luh.

Durung rampung anggone nggeturi lelakon kang wis kelakon, kupinge Dhani krungu swara bayi nangis saka njero kamar ing sisih tengene. Gumrining kang uga krungu tangising bayi mau enggal mlayu mlebu kamar, banjur nggendhong bayi mau. Dhani plonga-plongo meruhi kedadeyan kang diweruhi iku, dheweke bingung geneya ing omahe kono ana bayi, banjur anake sapa bayi iku. Pitakonan-pitakonan iku ngebaki pikirane Dhani.

"Ning, kuwi anake sapa?"

"Ya mesthine anake wong turwane ta, Mas."

"Lha iya wong turwane kuwi sapa? Yen titip anak kok nganti wayah sore ngene durung dijupuk. Wong turwane kuwi nyambute gawe apa ta?" pitakone Dhani kang farsah ngoyak wangsulane Gumrining.

Gumrining ora mangsuli pitakone Dhani, dheweke ribut ngeneng-nengi bayi kang ana ing gendhongane.

"Ning.....! Ning.....! bocah nangis kaya ngono kok ora enggal dituhung lho!" swara iku keprungu saka njaban omah.

Ora let sedhela Dhanang katon ana tengah lawang, katon yen dheweke lagi mulih anggone nyambut gawe. Sawise weruh sapa kang ana ing njero ngomah, Dhanang kaget ora percaya marang apa kang diweruhi. Tangane dikeplakake ing pipine dhewe, kanggo mbuktakake lelakon iku pangimpen apa kasunyatan.

"Dhani.....! Kowe Dhani tenan! Oh, matur nuwun Gusti...." karo omong mangkono Dhanang ngruket Dhani. Wong loro iku padha rerangkalan. Ora maido amarga wis meh patang tahun wong loro iku ora ketemu, apa maneh sajroning patang tahun kuwi ora ana sarana kang bisa kanggo sesambungan.

Sawise Dhani nyambut gawe ing Aceh, durung nganti patang sasinan ana kabar yen Aceh kena bencana tsunami. Kabar kang dimangerteni saka teve, layang kabar lan omongane wong akeh, yen tsunami ing Aceh iku nggawa korban kang ora sethithik mbuh kuwi bandha apa dene nyawa. Papan nyambut gawene Dhani iku kalebu wilayah kang kena tsunami, mula sawise bencana iku dumadi Dhanang ora bisa sesambungan maneh karo Dhani. Dhanang mung ngenteni kabar saka Aceh, sesasi, rong sasi nganti setahun luwih ora ana kabar. Malah bapakne mesthekake yen Dhani iku klebu korban kang mati marga bencana tsunami iku lan ora ditemokake jenazahe.

"Oeek oeek!" bayi kang ana ing gendhongane Gumrining durung meneng.

"Mbok ya gek dineng-nengi ta, wis kawit mau nangis ngono kok dinengke wae lho!" pakone Dhanang marang Gumrining. Sing dikongkon enggal mlebu kamar.

"Sik ya Mas, aku takngeneng-nengi bocah iki." kandha mangkono Gumrining banjur mlebu kamar, ora let suwe wis ora keprungu maneh tangising bayi.

"Dhan saiki critaa, kepriye lelakonmu rikalane ana tsunami biyen nganti tekan saiki."

"Nang, mbok menawa kowe wis bisa ngira-ira kepriye kahananku biyen. Sing takpapani biyen klebu wilayah kang parah kena tsunami. Omah-omah padha ambruk, rata sasat tanpa tilas merga pangamuke tsunami. Wong-wonge akeh sing padha tiwas," Dhani leren sedhela anggone crita. Tanpa rinasa pipine Dhani teles dening luh kang mili saka mripate. Sawise ngunjal ambegan Dhani mbacutake critane.

"Nanging, Gusti Allah isih maringi aku urip, senajan sajroning karo tengah tahun aku ora bisa kelingan apa-apa. Bokmenawa aku ngalami sing dijenengake amnesia ngono kae yake. Miturut wong wong sing padha nulungi aku, aku ditemokake derung relawan saka Australi. Aku banjur digawa ana ing rumah sakit ing Medan bareng korban-korban liyane. Ing kono aku ngalami koma seminggu. Watara sesasi aku ana rumah sakit iku. Nanging sing kedadeyan ing awakku, wiwit sadar saka koma nganti metu saka rumah sakit aku ora bisa ngeling-eling apa-apa klebu jenengku dhewe. Tujune wae ana wong sing gelem ngrumat lan nampung aku. Wong iku, Pak Wimbo, atasanku rikalane nyambut gawe akeh sifhik Penjenengane ngerti sejarahku. Wiwit iku aku wis ora ana ing Aceh maneh, nanging ing Medan ya ing daleme pak Wimbo. Saben kala mangsa Pak Wimbo tansah nuntun aku ngeling-eling sapa aku, kepriye lelakonku wingi-wingine."

"Apa Pak Wimbo iku ora pirsane kowe duwe keluarga ing Jawa?" Pitakone Dhanang nyela critane Dhani.

"Pak Wimbo pirsane aku kuwi duwe keluarga ing Jawa, wiwit saka Bapak, kowe lan bojoku Gumrining. Amarga rikala nyambut gawe ing Aceh biyen aku iki klebu anak buahe kang raket, kerep banget padha-padha nyritakake lelakon uripe dhewe-dhewe. Dadi Pak Wimbo ya pirsane banget kepriye sejarahku. Nanging, emane Pak Wimbo iku ora pirsane ngendi alamatku, mbok menawa aku durung crita, apa Pak Wimbo piyambak sing lali. Mula saka kuwi, Panjenengane ya ora bisa kirim kabar mrengene," panggetune Dhani.

"Ora papa, sing baku saiki aku lan Gumrining ngerti yen kowe slamet saka bencana sing nggegirisi kae. O, iya bab Bapak"

"Aku wis ngerti saka Gumrining." panyaute Dhani marga wis bisa ngira apa sing arep dikandhakake Dhanang.

"Banjur bab perkara Gumrining, apa wis ngerti?"

"Gumrining? Bab apa, perkara sing kepriye?"

"Ngene ya, Dhan. Setaun sawise lelakon tsunami Aceh kae, Bapak wiwit gerah. Bapak mesthekake yen kowe klebu korban kang tiwas merga nganti semono wektu kowe ora kirim kabar mrene lan saben aku kirim layang ora ana wangsulane. Awit saka kuwi bapak banjur ndhawuhi aku supaya"

"Mas ...! aja dhisik ya Mas ya? Mesakake Mas Dhani sing lagi wae rawuh. Kareben Mas Dhani ngaso-ngaso dhisik," panrambule Gumrining saka njero kamar.

"Ora papa kok Ning, aku ora papa. Wis saiki critakna kabeh sisan kareben gamblang!" pakone Dhani marang Dhanang.

"Dhan, bayi sing ana gendhongane Gumrining mau dudu anake sapa-sapa, nanging anake Gumrining dhewe."

"Anake Gumrining?" pitakone Dhani kanthi pikiran kang bingung.

"Ya. Critaku ngarep mau durung rampung. Sakwise mesthekake yen kowe klebu korban kang tiwas, Bapak ndhawuhi aku ngrabeni Gumrining kanthi pasarujukane keluwargane Gumrining. Aku ora bisa suwala dhawuhe Bapak mau amarga kahanane Bapak anggone gerah wis banget. Angkahku bokmenawa kanthi aku ngrabeni Gumrining, penggalihé Bapak longgar banjur gerahe dhangan. Jebul"

Dhanang ngendhegake critane amarga mripate Dhanang wiwit mbrebes mili luh, lan kaya-kaya Dhanang kangelan banget ngetokake swarane.

"Jebul, Bapak malah banjur seda?" Dhani nyoba nutugake critane Dhanang kang pancen wis dirungu saka critane Gumrining.

"Ya, sesasi sawise aku ngrabeni Gumrining Bapak seda, lan bayi mau ora liya anaku karo Gumrining."

"Dadi bayi iku anake Gumrining karo kowe?" panegese Dhani sinambi tangane nyekeli sirah. Batine Dhani kaya rirujit-rujit, dheweke mangkel marang lelakon kuwi. Praupane getem-getem marga ngrasakake lelakon kang dialami iku, lambene digeget, ambegane seseg.

"Hah!" swara iku metu saka lambene Dhani bareng karo tangane kang ngantem gagak ing sandhinge.

Sawetara wektu ora ana swara kang keprungu. Wong loro kang padha jagongan iku kaya-kaya padha omong-omongan lumantar batin. Dhanang lan Dhani padha bingung ngrasakake lelakon kang dilakoni iku. Yen Dhani ngluputake Dhanang genah iku ora bisa, amarga iku kang ndhawuhi bapakne. Nanging, ing sirahé Dhani tuwuh pikiran yen crita kuwi bisa wae dientha-

entha, dikarang dering Dhanang. Bisa uga yen dhawuhe Bapakne iku mung gaweyane Dhanang dhewe sing pancen wis duwe melik marang Gumrining.

“Nang, tenan yen Bapak dhawuh supaya kowe ngrabeni Gumrining?”

“Dhan ..., apa aku arep ngapusi kowe ta, Dhan?!”

“Bisa wae, merga kowe pancen wis suwe nyimpen rasa melik marang Gumrining.”

“Aku wani sumpah, aku ora nduweni pikiran kaya mangkono, Dhan.”

“Kowe aja dolanan sumpah, marga sumpahmu kuwi kowe bisa nyilakani kowe dhewe.”

Dhanang wiwit mangkel karo sedulure kembar kuwi, teka tegel-tegele nduweni pandakwa marang dheweke kang mangkono.

“Yoh ..., matur nuwun Dhan yen kowe wis ndakwa aku mangkono, sing baku aku wis ngomongke apa anane marang kowe.”

“Piye?!” Dhani saya kebrongot atine.

“Perkara kowe bisa nampa apa ora, luweh. Wong nyatane tanpa kowe bali mulih mrene bokmenawa ora ana perkara kaya ngene iki.”

“Bangsat...!” pisuhe Dhani kang dibarengi karo kepelan tangane kang ngenani pipine Dhanang.

“Menungsa ora tata. Apa karepmu?” celathune Dhanang karo nyekeli pipine kang njarem merga antemane Dhani.

“Karepku? Karepku gampang, Kowe ngakoni yen kowe ngrabeni Gumrining iku merga saka karepmu dhewe. Sawise kowe ngakoni banjur siapna awakmu kanggo ngadhepi patimu!” swarane Dhani groyok merga nesune kaya wis ora bisa dikendhaleni maneh.

Gumrining kang kawit mau ana njero kamar ngeloni anake, banjur metu.

“Mas Dhani, Mas Dhanang cukup! kabeh ora ana kang luput,” kandhane Gumrining nedya misah regejegane wong loro iku.

“Aku wani sumpah awit asmaning Allah yen apa sing dikandhakake Mas Dhanang mau bener kabeh. Dakjaluk Mas Dhani bisa menggalih kanthi wening. Aku kepingin Mas Dhani bali kaya Mas Dhani sing dakkenal biyen. Mas Dhani sing tansah wicaksana ngadhepi samubarang perkara. Aku ora mardo Mas, kepriye rasa Penjenengan wektu iki. Satemene aku uga mangkono Mas, aku bingung. Kudu kepriye mengkone,” Gumrining mandheg anggona omongan banjur ngelapi luh kang terus mili saka mripate.

Krungu kandhane Gumrining, Dhani katon lilih. Tangan kang maune ngepel banjur udhar. Mripate mandeng marang Dhanang lan Gumrining. Dumadakan Dhani nyeraki Dhanang banjur ngrangkul sedulure kembar iku.

“Apurane aku ya Nang. Aku wis kebrongot kahanan. Aku wis ora bisa mikir maneh. Nang, Ning iki terus kepriye yen lelakone kaya mangkene?”

“Mas Dhani lan Panjenengan Mas Dhanang, sumbering perkara ora ana liya mung aku. Nanging, aku bingung kepriye carane metu saka tlikungan perkara iki. Aku”, durung rampung anggone kandha, Gumrining mlayu metu liwat lawang butulan karo nangis.

Dhani lan Dhanang bingung, kekarone padha pandeng-pandangan. Kekarone ora ngerti apa sing bakal ditindakake.

Let sedhela keprungu swara mobil kang ngerem ndadak ing dalan ngarep omah dibarengi pambengoke wong kang katone kaget. Dhani lan Dhanang krungu kaya mangkono banjur mlayu metu tumuju dalan ngarep omah. Lagi wae tekan latar, katon yen Gumrining wis gumlethak ing satengah dalan.

“Gumrining!!!!!” wong loro padha mbengok ngundang jeneng Gumrining.

Prambanan, Agustus 2006
?sL me tNu g] a.

MALAM TIRAKATAN

Iriyanti

Dinten Rebo, tanggal 16 Agustus, warga dhusun Papringan badhe ngawontenaken malem tirakatan kangge mahargya dinten Kamardikan Indonesia ingkang kaping 61. Wonten ing acara tirakatan punika Pak Kadhus sampun paring dhawuh dhateng Mbah Kartaimeja supados kersa paring sesorah bab pengalaman nalika berjuwang ngrebat Indonesia saking regemaning penjajah. Mbah Karta, salah satunggaling pejuwang ingkang taksih sugeng lan taksih rosa, boten nate sakit, kajawi namung masuk angin lan watuk pilek.

Watawis jam setengah wolu, warga dhusun Papringan sami kumpul wonten dalemipun Pak Kadhus. Sedaya sami lenggah sinambi ngendikan awit sedaya ubarampe sampun kacawisaken dening para nem-neman.

Boten wantawis dangu kepireng swanten uluk salam lan caos atur bilih malem tirakatan badhe kawiwitan. Pranata cara ngaturaken reroncening acara ing dalu punika. Salajengipun Bapak Kadhus ngaturaken tanggap sabda kanthi cekak aos. Pungkasaning atur, Pak kadhus ngaturi Pak Kartaimeja supados majeng paring sesorah ingkang gayut kaliyan pahargyan dinten Kamardikan Indonesia.

Mbah Kartaimeja majeng lajeng atur pangandikan, "Para sedherek sadaya ing Dhusun Papringan ingkang sanget kula tresnani. Keparenga kula sumela atur nuhoni dhawuhipun Pak Kadhus makili para sepuh ing dhusun ngriki supados caos sesorah. Mugi atur kula mangke sageda katampi dening Panjenengan sedaya. Saderengipun kula nyuwun pagapuntèn bokbilih mangke wonten atur kula ingkang boten mranani. Boten ateges ngguroni utawi tiyang ingkang mumpuni, nanging naming *berbagi pengalaman*. Ing dhusun Papringan mriki kathah para sarjana lan bapak-bapak ingkang nglenggahi jabatan ing pamarintahan. Mila, sepisan malih kula nyuwun pangapuntèn."

Mbah Kartaimeja mendel sekedhap. Mundhut kaca tinggal saking kanthong rasukanipun. Sasampunipun dipunagem, Piyambakipun wiwit ngendika malih, "Para sedherek, negari Indonesia menika rumiyin dumados saking manunggaling suku bangsa ingkang mapan ing pulo-pulo. Lajeng nyawiji dados setunggal sinebut: Nuswantara. Nalika jamane kraton Majapahit ing astane Ratu Tri Bhuwana Tungga Dewi lan Patih Gadjah Mada, pulo-pulo sa-Nuswantara sampun nyawiji awit saking budi dayane Patih Gajah Mada."

Mbah Kartaimeja kendel sekedhap lajeng ngendika malih, "Nuswantara lajeng kasebat Indonesia nalika para pemudhanipun sami ngawontenaken parepatan ing kitha Jakarta rikala tanggal 28 Oktober 1928. Nalika semanten, para pemudha saged saiyeg saeka praya ngikraken *bertanah air satu tanah air Indonesia, berbangsa satu, bangsa Indonesia, menjunjung tinggi bahasa perstuan, bahasa Indonesia*. Nah, sumpah pemudha menika ingkang mbibiti lan dados cikal bakal lairing negari Indonesia tanggal 17 Agustus 1945 ingkang dipunbiwarakaken dening Ir. Soekarno lan Drs. Moh. Hatta ing Pegangsaan Timur. Kanthi menika, mangga kita bangsa Indonesia sami mawas dhiri lan introspeksi dhiri. Kajawi menika ugi, mangga kita tansah njagi *kerukunan lan perdamaian* ing dhusun Papringan, mliginipun, lan ing masyarakat umumipun. Sampun ngantos, kita sami pasulayan utawi sami rebut bener ingkang tundhonipun namung badhe damel kisruh utawi boten tentreming gesang. Sepisan malih, mangga kita jagi lan kita sengkuyung jejering negari kita Indonesia, kersaa sami mbangun raos sumadulur, gotong-royong lan tansah musawarah supados negari kita saged misuwur ing mancanegari."

Mbah Kartaimeja mungkasi ngendikanipun lajeng ngajak ngucapaken tembung "Merdheka" kaping tiga kanthi semangat.

Mbah Karta kapapag lan kagandheng dening Pak Kadhus lenggah ing kursi larikan ngajeng.

Senajan Mbah Karta sampun yuswa 85 tahun, panjenengane taksih titis lan tatas anggenipun paring pangandikan. Mila, para warga sami gumun amargi Mbah Karta menika pedamelanipun naming angen sapi lan boten tamat sekolah rakyat. Gesangipun ugi naming prasaja kemawon, nanging wasis lan runtut ngendikanipun.

Ing larikan kursi kalih, Pak Sarjana, pedamel ing kitha dados PNS ing Kabupatan sajak boten kepranan kaliyan sesorahipun Mbah Kartaimeja.

"E..., karang sesorahe priyayi sepuh sing ora sekolahan, isine ya ra *actual* ngono lho. Wong jamane modheren, jaman reformasi, kok malah ngomongake sejarah "jadhul" banget ta. Iya, ora?" pitakenanipun Pak Sarjana dhateng Kang Trimo ingkang lenggah wonten ing jejeripun.

"Lho, apa kurwi jadhul ta, Pak?" Kang Trimo gantos pitaken.

"Jadhul kuwi ... jaman dahulu sekali."

"O, ..." Kang Trima manthuk-manthuk.

"Nanging rak ya sak trep ta ngendikane Mbah Karta mau karo acara bengi iki. Para mudha bisa mudheng, ora kelangan uoeng ...," semunipun Kang Trima kaliyan ngglayem.

"Ning yen aku tetep ngarani ora *up to date*. Titik. Sing baku, awake dhewe ki rak kudu mlaku mangarep, ora memburi."

"Wah, aku ora dhong. Ora mudheng. Kok ndadak nganggo basa manca barang. Ning yen panemuku lho, ... para mudha yen ora ora ngerti sujarahe bangsane dhewe iki rak ya kojur? Mula, ngenani pembinaan generasi mudha kuwi rak kudune tanggung jawab lan jejibahanmu? Ya amarga Panjenengan jejere pegawe kabupaten. Ya apa ora?"

Kang Trimu setengah melehaken Pak Sarjana ingkang banjur mendel.

Rerasanipun Pak Sarjana lan Kang Trimu kepunggel dening para mudha ingkang sami lelados.

"Pak, nurwun sewu. Ndherek dipunlangsir kemawon supados cepet," ature Surtinah ingkang kajibah lelados.

Kalihan radi kagol manahipun, Pak Sarjana nglangsir gelas ingkang taksih panas, lajeng kasusul dhos dhaharan.

"Sampun cekap Pak, unjukanipun?" Aturipun Surtinah.

"O, uwis Mbak, e ... la iki Surtinah putrane Mas Karyaana, ta?" ngendikanipun Pak Sarjana kalihan mirsani Surtinah. "Wah, pangling aku. Wis prawan, ta? Wis kelas pira saiki?"

"Sampun semester tiga, Pak," wangsulanipun Surtinah.

"Wis kuliah, ta? Terus, njupuk jurusan apa, Mbak?"

"Kula worten keguruan, mendhet jurusan sejarah kok, Pak" wangsulanipun Surtinah sajak lingsem.

"Lho, kana apik kuwi. Guru sejarah rak ya bakal dibutuhake. Pamarintah wis wiwit nggatakake bidhang pendidikan. Dadi bakal cepet oleh gaweyan.

Surtinah mantuk lajeng pindhah ing larikan kursi wingkingipun. Sareng Surtinah radi tebih, Kang Trimu lajeng ngendika kalihan mesem, "Pak, Panjenengan kuwi lucu, mau nggrundel bab sejarah. Bareng karo Surtinah, ngalem yen sejarah kuwi apik. Apa beteke Surtinah wis ketok prawan tur rada bening ngono, pa...?"

"Ya ora ta, Kang," wangsulanipun Pak Sarjana kalihan radi lingsem lan unjal ambegan.

"Ya, ulas-ulase wong tuwa karo bocah rak kudu njurungake sing apik. Meneti motivasi kareben bocah semangat. Rak ya ngono ta, Kang?"

Kang Trimu mepet Pak Sarjana kalihan mbisiki, "Si Surtinah kuwi rak wis ana sing ngesiri. Malah ketoke ya wis runtang-runtung barang. Nanging, bapake, Mas Karjono ora sarujuk amarga sing ngesiri bocah Kalimantan. Kuwi sing dakkrungu, lho."

Pak Sarjana lajeng ngendika kanthi radi sora, "Wah, ya pas kanggoku. Yen aku, arepa dipek wong Kalimantan, wong Bugis apa wong Batak, apa

wong Irian, aku ora masalah. Anggere tanggung jawab, cekel gawe. Wis, sing baku, anakku direngkuh kanthi apik.”

“Hush ... ora banter-banter ...,” dereng ngantos anggenipun Kang Trimu ngendika, Pak Saragih, ingkang lenggah ing sangajengipun Pak Sarjana, noleh kaliyan ngendika radi kagog lan ketingal menawi semu mangkel.

“Pak Sarjana! Bapak menyindir saya, ya?! Ini kita berkumpul untuk bersilaturahmi dalam rangka memperingati proklamasi kemerdekaan kita. Bukan ajang untuk menyindir dan menggunjing. Tidak sepatutnya Pak Sarjana mencampuri orang lain. Saya sadar saya orang Batak, tetapi saya bertanggung jawab terhadap keluargaku. Janganlah membeda-bedakan suku, agama, atau apa pun. Kita semua orang Indonesia Pak, seperti yang baru saja diterangkan Mbah Kartameja, harus mewujudkan persatuan. Tidak malah bertengkar.”

Kaliyan radi ngampet duka, Pak Saragih mungkasi ngendikanipun. Enggal-enggal Pak Sarjana ngulungaken astanipun tengen saperlu nyuwun pangapuntèn dhumateng Pak Saragih. Pasuryanipun radi abrit, boten jenak anggenipun lenggah, lajeng ngendika mawi basa Indonesia supados boten salah pangucap malih.

“Maaf, Pak. Saya tadi tidak bermaksud menyindir atau menjelekan Pak Saragih. Saya keliru, mohon maaf. Lain kali tidak saya ulangi.”

“Nah, begitu Pak Sarjana. Lain kali pada tempatnya kalau bicara. Ya, saya juga meminta maaf. Saya mungkin terlalu kasar jika berbicara.”

Mekaten Pak Saragih caos wangsulan mawi basa Indonesia. Sabanjuripun, Pak Sarjana kaliyan Pak Saragih sami jawat asta kanthi rumaket.

Pak Sarjana sing sarjana hukum radi kecipuhan nglampahi kedadosan ingkang nembe kemawon dipunalami lan ngrumaosi kientu. Piyambakipun boten saged mbayangaken malih menawi kedadosan kalawau dhateng Pak Andi, priyayi saking Bugis Sulawesi iring kidul, lan ugi Pak Zulkiffi ingkang saking Palembang, Sumatra iring kidul. Kadospundi menawi kientu tampi kados Pak Saragih. Amargi bapak-bapak kalawau lenggahipun jejer-jejer wonten ing dheretan ngajengipun.

Para pemudha sampun badhe caos dhahar. Pak Sarjana ajak-ajak dhateng Kang Trimu sumingkir saking papan ngriku saperlu nyapih manah lan raos. Panjenganipun ngrumaosi anggenipun boten empan papan ngudaraos lan gegojegan. Temah andadosaken pasulayan alit ingkang boten sae wonten ing adicara tirakatan pahargyan kamardhikan Indonesia.

BANDHA TITIPAN ANAK GADHUHAN

C. Sri Hartuti

Ora kaya padatan, esuk iki Bu Ida rasane pengin cepet ninggalake peturone. Jam gandhul kang gondhal-gandhul ing kamar tengah nandhakake wanci jam lima luwih telung puluh lima menit. Rasa ati ora kepenak amarga sewengi dheg hawane panas. Sumube Gunung Merapi kang dikabarake arep njebluk ndadekake kahanan ing tlatah Ngayogyakarta ora tentrem.

"Bayu ..., tangi le! Sida budhal bareng Ibu ora, cah bagus?"

Mangkono ngendikane Bu Ida marang Bayu, putrane, kang isih turu ngringkel ngeloni guling ing peturone. Rasa tresna kang gedhe ndadekake Bayu dadi bocah kang angel sralenane. Sanajan wis umur 12 taun, nanging apa-apa isih ladan. Wiwit tangi turu tumekane mapan turu maneh, kabeh kebutuhane dicukupi dening Ibune.

"Bayu ...?"

Karo nyedhaki putrane, dheweke mbaleni nggugah. Disingkirake kemul kang nggubet sikil putrane.

"Ana apa ta, Bu ...?" Bayu wangsulan karo setengah mrengut

"Lho, jare arep budhal sekolah bareng Ibu. Piye ta, Le? Mula, kudu mangkat rada esuk ngono ...!"

Karo ngehus sirah putra kesayangane mau, ora let suwe, Bu Ida ngadeg njupuk andhuk. Diuhungake marang putrane kang isih lungguh ana peturone.

Jam wis nuduhake wanci jam 05.53. Nalika Bu Ida arep njangkah tumuju kamar mandhi nyepakake banyu panas kanggo putrane, dumadakan keprungu swara hurug-hurug-hurug saka tlatah sisih kidul. Donya dadi oling, omah lan lemah padha hoyag, Bu Ida sajak panik lan keweden karo kahanan kaya mangkono mau. Lagi arep jumangkah nyedhaki kamare putrane sing isih ning jero kamar, dumadakan keprungu swara saka jaban omah.

"Lindhu, lindhu, lindhu ...!"

Banter swarane Pak Prapto kang wektu esuk iku nembe siram-siram tanduran ing ngarep omahe.

"Lindhu..?!"

Setengah ora percaya, Bu Ida mlayu metu karo nggeret tangane putrane kang wektu iku uga nembe wae tangi lan metu saka kamare. Jebul ing plataran omah wis akeh warga kampung kang padha ngumpul ing dalan metu saka omahe dhewe-dhewe. Kahanan kang ora dinyana-nyana mau bisa kedadean ing tlatah Yogyakarta. Para warga padha bingung ngrembug apa

kang nembe dirasakake lan dialami. Ana sing ngira yen Gunung Merapi njebluk. Ana uga kang ngira menawa ana bom mbledhos, lan liya-liyane.

"Banyu, banyu, banyu munggah, ... tsunami ...!"

Dumadakan saka arah kidul, wong-wong padha mlayu ngandhakake menawa banyu segara mbludhak lan tsunami wis teka Kota Gedhe. Warga kampung padha buyar, mlayu golek aman lan ngedoh mlayu ngalor. Mangerteni polahé wong-wong kaya mangkono, Bu Ida lan garwane boncengan karo enggal-enggal nylametake awak ambyur bareng wong-wong sing padha mlayu. Ora mikir dawa maneh, kluwargane Bu Ida nylametake awak nganti tekan JEC. Ana kana, dalan macet amarga kebak sepeda motor lan mobile warga kang padha kepengin nylametke kluwargane dhewe-dhewe. Karo pasrah lan mudhun saka motore, Pak Prpto lan Bu Ida minggir, leren ngedhemke pikir amarga isih kaget karo kahanan donya kang kaya-kaya meh lebur. Krasa ora ana swara, putra kesayangane Bu Ida lan Pak Prpto kaget.

"Lo Pak, Bayu neng ngendi?"

Karo kebak rasa kuwatir lan bingung nyawang tangane tengen sing rumangsa isih nggandheng putrane, Bu Ida takon garwane.

"Lho ..., Bu?"

Karo setengah kaget, semu ora percaya, uga kuwatir, Pak Prpto nyedhaki bojone sing wektu iku katon liwung. Ora maido, kahanan mangkono bisa ndadekake wong padha bingung lan ora isa mikir dawa.

"Bu, Bu, Bune, sadar!"

Pak Prpto nampani garwane kang semaput nalika mangerteni putrane ora karuwan ning ngendi jluntrunge. Ibu ngendi sing ora bingung lan panik mangerteni putra kesayangane ucul saka tangane. Para warga sing padha ngungsi ing kiwa tengene papan iku padha mlayu ngrubung amarga kepengin ngerti kahanane Bu Ida kang wektu iku isih durung sadhar.

"Bayu ... Bayu ... Bu Nanik," ngono ature Pak Prpto sajak bingung arep crita marang tangga cedhake sing wektu kuwi uga ketemu ning JEC.

"Bayu pripun, Pak?" kandhane Bu Nanik tambah bingung. Lha wong sing semaput nggenah Bu Ida, garwane, kok malah ngandhakake putrane.

"Bayu ical!" mangkono Pak Parto nggenahake.

"Oo, lha trus pripun niki saenipun, Pak? Karo nelakake rasa kuwatir, Bu Nanik melu ngrumat Bu Ida kang wektu iku diturokake neng ngisor wit pinggir dalan.

"Anu ..., kula titip ibune Bayu, nggih? Cobi kula padosanipun ...!"

Karo ngadeg cepet-cepet, Pak Parto miyak rerubungane warga kang lagi ngrubung bojone. Wektu iku, Pak Prpto sadhar menawa dheweke kelangan barang aji siji-sijine, yaiku sepeda motore.

"Lho ... sepedaku ...?!"

Tambah bingung dheweke mangerteni yen sepedhane sing diparkir ana pinggir dalan mau wis ilang, bablas digondhol maling. Lemes lan ora duwe daya, Pak Prapto thenger-thenger kelangan motore. Pangajab arep cepet-cepet nggoleki putrane malah sepedhane ilang lan bojone uga durung sadhar.

"Sabar Pak, sedaya wau sampun tinitah. Kita kedah saged nampi kahanan menika kanthi ekhlas lan lega lila," mangkono kandhane pawongan nganggo klambi sarwa putih njejeri Pak Parto sing isih theger-thenger, sirahe tumungkul karo lungguh ning trotoar dalan. Sesawangan lan kahanan wong-wong sing ora karuwan iku ndadekake dheweke tambah liwung ora bisa mikir arep tumindhak kepriye.

Dheweke dadi kelingan kabeh lakon uripe 20 tahun kepungkur nalika pisanan ketemu lan nikah karo Ida, garwane. Wirwit nikah nganti wolung taun suwene Pak Prapto ngerteni laire Bayu, anak siji-sijine. Pak Prapto lan Bu Ida pancen rada telat kagungan putra. Laire Bayu dadi paringane Gusti kang paling aji. Mula anggone ngrumat ngati-ati banget. Kepara Bayu dimanja. Apa kekarepane mesthi dituruti bapak ibune. Dene, sepedha kuwi durung suwe anggone ngtunasi saka dealer. Jebul saiki malah wis ora kena dikukup. Sanajan mung guru golonganane sithik, Pak Prapto isih bisa nyisihake gajine kanggo kredhit sepedha motor. Sapa wonge sing ora liwung menawa nandang pacoban kaya mangkono, kelangan anak lan bandha bebarengan.

Sawetara kurwi ing liya panggonan. Ing prapatan Gedhong Kuning, ana bocah lagi nangis ana ing pinggir dalan karo celuk celuk wong tuwane.

"Ibu, Ibu ...,"

Karo nangis dheweke thingak-thinguk nggoleki Ibune. Wong-wong sing pating sliwer ana ngarepe padha ora nggatekake tangise bocah mau awit nuli padha mlayu mikir butuhe dhewe-dhewe. Bocah kuwi mau jebule Bayu, putrane Pak Prapto sing pisah karo wong tuwane nalika bingung ana isu tsunami. Bayu bingung, dheweke banjur lungguhan ning emperan toko. Ora ngerti apa sing bakal ditindakake. Saupama ana Ibune, mesthi wis dielus-elus sirahe kaya dene rikala dheweke nangis rewel duwe parjaluk ora dituruti.

Srengengene katon tambah dhuwur nalika ana mobil polisi patroli keliling ngabarake menawa tsunami iku ora ana lan mung isu. Bayu durung mingket saka panggonane. Lumrahe, bocah kang umure 12 tahun lan sekolah ing tingkat SMP kudune wari takon kiwa tengene utawa njaluk pitulungan marang kiwa tengene. Bayu bocah gedhe ning gombong ora bisa tumindak apa-apa yen ora disandhing wong tuwane. Dhidhikan ngono mau pancen salah mula ndadekake Bayu dadi bocah kang ora mandhiri, kepara isih tansah nyusahake wong tuwane.

"Mas Bayu ...?!" Mangkono swara bocah cilik wadon nyeluk dheweke.

"Eh ... Dik Intan," wangsulane Bayu karo bikut ngusap eluhe. Isin yen dimangerteni dening Intan, bocah cilik kang isih lungguh ana ing kelas loro SD.

Intan mono putrane Bu Nanik, tangga cedhake. Intan katon seneng ketemu dheweke. Bayu dadi kelingan sanadyan isih kelas loro SD. Ananging putrane Bu Nanik kurwi mau dadi kembang lambe lan kawentar ing kampunge menawa Intan bocah kang pinter, mandhiri, lan uga seneng mbiyantu wong turwane. Beda karo dheweke, wiwit lair nganthi tumekane saiki isih nyusahake wong turwa lan tangga teparone. Bayu dadi mangerteni menawa apa sing ditindakake kurwi ora apik, wiwit kuwi dheweke sadhar arep ngowahi watak wantune. Kedadeyan gempu iki dadi pelajaran kang becik tumrap dheweke supaya bisa urip mandhiri lan manut apa ngendikane Bapak Ibune.

"Mas Bayu, bareng mulih, yuk? Aku ngerti dalane kok?!" mangkono ajakane Intan marang Bayu sing lagi ngungun marang Intan sing kendel lan trengginas ngadhapi kahanan pisah karo wong turwane ing tengah-tengah gempu isuk mau. Babar blas Intan ora duwe rasa wedi, apa maneh nangis.

"Eh ... iya, Dhik. Nuwun," wangsulane Bayu karo ngadeg njejeri Intan. Bocah loro mau banjur mlaku bareng, Bayu seneng ketemu Intan, tanggane. Upama ora, mesthi wae dheweke isih klekaran neng ngarep toko karo bingung arep tumindak kepriye.

Sanadyan alon jangkane, ananging sorot mripate wis ilang rasa kuwatire. Malah katon manteb langkahe.

"Bayu ... Intan ...!"

Krungu ana swara ngundang jenenge, bocah loro mlayu nyedhaki swara mau lan ambyur ana ing pangkone wong turwane dhewe-dhewe.

"Matur nuwun, Dhik Intan ...," lirih swarane Bayu nelakake rasa syukure. Pak Prpto, Bu Tutik, Bu Nanik, lan garwane padha mesem nggumun karo tumindake Bayu kang ora kaya padatane.

Gempu sing ora nganti samerit isuk mau kasunyatan bisa ngrubah watak wantune putra kesayangan siji-sijine. Sanalika Pak Prpto dadi kelingan karo kandhane pawongan sing nyedhaki dheweke mau. Kabeh pancen wis tinitah. Saupama kudu kelangan putra siji-sijine, Pak Prpto lan Bu Ida wis ngeklasake. Nanging, Gusti isih paring pepeling lan welas asih marang kluwargane Bu Ida. Mula, isih diparingi kapercayan momong lan gulawenthah putra kinasihe. Nasib manungsa pancen wis ginaris. Mula kudu bisa nampa apa sing wis dadi takdire. Bandha amung titipan lan anak gadhuan.

WIRANG

Kj Wahyudi Purnama

Wong urip bebrayan ing pasrawungan masarakat iku pancen kudu ngati-ati. Ora mung waton, nanging kudu duwe wewaton yen bakal tumindak utawa ngarani liyan. Uga kudu duwe sanga kang cukup lan wawasan kang jembar. Dadi ora mung sarwa-sarwi deduwe sakabehe.

Kaya si Bandhot, satemene uripe mono kecukupan. Nanging cubluking pamawas lan kurang pangati-ati angone omongan, meh wae ndadekake pasulayan.

"Jarene wis dadi dhosen, lha kok isih nduweni patrap kang ora becik?" pachelathone Bandhot miwiti guneme karo Prapto ana ing pos rondha udakara jam setengah sanga wengi.

"Lha kepiye ta, kang? Kok kowe bisa duwe panemu kang kaya mangkono?" pitakone Prapto nyauri omongane Bandhot.

"Ngene lho Prap, durung suwe iki, nek ora kleru ngepasi dina Setu kepungkur, aku meruhi Pramono mlaku ing dalan bonoengan karo wong wedok. Kamangka kowe ngerti ta Prap ..., yen Pramono iku wis duwe sisihan lan wis suwe anggone urip bebrayan karo Jumiyati. Malah wis duwe momongan bocah loro. Eee ... lha kok isih kurang marem?! Gumun ... gumun aku, Prap, karo si Pramono iku!" critane Bandhot karo gedheg-gedheg kang wis dadi lageyane.

Prapto mangut-mangut sajake kanthi temenen. Sakbanjur bareng mangerti apa kang diandharake Bandhot. Satemene arep ora nanduki lan nanggapi jalaran ngomongake, ngrasani, apa maneh ngarani wong liya kang ora ngerti bukti sarta kasunyatanane iku dosa marut ajarane agama.

Kanthi swara lirih Prapto semaur, "Mbok wis ta nDhot ... ora usah digagas lan dipikir. Ben disangga dhewe dosane. Awake dhewe ora usah candhuk lawung marang-urusane Pramono," omongane si Prapto marang Bandhot karo njaluk supaya ora diterusake anggone ngrasani Pramono. Sing dipenggak ora gelem mandheg, malah nekat nrocos lan tambah sero anggone ngomong.

"Lho Prap, nek dheweke iku ora dadi dhosen wae ora dadi apa. Lha wong dadi pendhidhuk, gek gurune mahasiswa, gek neng Perguruan Tinggi Negeri, gek putrane wong kondhang pisan, lha kok polaha kaya wong edar! Isin aku, Prap ... isin aku! Horoh ... kepiye yen nganti konangan lan

dimangerteni karo tangga-tangga liyane? Apa ora malah mirang-mirangke kampungne dhewe?! Coba pikiren ta, Prap!”

Sawetara wektu Prapto mung meneng wae. Karepe mono ora arep nanduki lan nanggapi omongane si Bandhot. Nanging bareng wis nggepok senggol marang ajining dhiri kampungne, kanthi lirih Prapto nyauri maneh, “Lha ... nek bisa ... mbok kowe kuwi ngelingake marang Mas Pramono. Diparuri wae utawa diajak rembugan kanthi becik supaya ora nerusake tumindak kang mangkono iku, nDhot ... piye?”

“Aaah ... ora sudi wong ya wis gedhe, tuwa ... rak ya ngerti ta yen tumindak selingkuh iku ora bener? Ora becik? Malah kapara nerak angger-anggering agama lan ajining dhiri wanita?” wangsulane Bandhot kanthi rada sajak katon anyel lan mangkel.

“Ora ta, Ndhhot. Sakjane kowe kuwi ngerti ora, ta? Sapa satemene wanita kang diboncengake Mas Pramono nalika dina Setu kepungkur iku?” pitakone Prapto kang sajak kepingin ngerti saknyatane.

“Nek sing cetha, aku dhewe ora tepung karo wanito iku. Ning katone dudu bocah kene, wong dandanane wae kaya wong wadon nakal,” wangsulane Bandhot karo nggambarake pawongan waong wadon kang diboncengake Pramono, lan ora lali pakulinane anggone gedheg-gedheg siraha.

Wong loro anggone ngrasani Pramono ngalor ngidul nganti kempit. Nganti lali lan ora ngrasakake tekane pawongan kang wis wiwit mau ngadeg ana ing samburine Pos Rondha. Pawongan mau ora liya jebul Pramono! Ana ing mburi Pos Rondha, Pramono nggatekake kabeh apa kang dikandhakake Bandhot karo Prapto kang katone duwe panyakrabawa ala marang dheweke. Ya perkara dina Setu anggone mboncengake wong wadon kang ora sengaja konangan dening Bandhot, mangkono pangrasane Pramono karo ndhepipis ing mburi pos rondha.

Ing wengi pancen jatah rondha kelompok dina Rebo, yaiku jadwal rondhane Pramono, Prapto, Bandhot, lan Pak Kunta. Gegandhengan Bandhot mangerteni yen Pramono ora bakal mangkat anggone rondha, mula dheweke banjur wani nyritakake bab Pramono marang Prapto, kang dadi mitra lan tanggane dhewe tanpa tedheng aling-aling. Pancene mono esuk mau Pramono wis weling lan pamit marang Bandhot yen ora bisa mangkat rondha jalaran akeh gawean kang kudu dirampungni ana ing kantor.

“Mengko aku pamit ya Kang, akeh gawean, je!” mangkono pamite Pramono esuk mau marang Bandhot sadurunge mangkat ngantor ing ngarep omahe Bandhot. Nanging jebul gawean ing kantore Pramono bisa dirampungake kabeh bebarengan karo kanca-kancane Pramono ing kantor. Mula dheweke banjur bisa mulih rada gasik lan bisa menyang rondha ing

wengi iku. Anggone tekan ngepos pancen disengaja metu mburi, jalaran Pramono kepingin gawe kageting Bandhot karo Prapto. Lha wong mau pamit kok bisa teka rondha? Ya amarga ngerti yen dheweke dadi rasanan omongane bocah loro mau, mula mung banjur nggatekake lan nyetitekake tekan ngendi anggone ngandhakake dheweke.

Omongane bocah loro ngalor ngidul nganti ora ngrasakake wektu kang lumaku, jam ing pos ronda prondhan nuduhake 23.30. Saka kadohan Bandhot ngerti ana pawongan kang mlaku tumuju ing pos rondha.

Ndelok lakune, Bandhot wis ora pangling maneh, "Hna ... kae lho Prap. Sajake Pak Kunta wis tindak mrene, " pangucape Bandhot karo nudingake tangane ngarah pawongan iku.

"Sugeng dalu, Pak," ature Prapto marang Pak Kunta kang pancen lurwih tuwa lan jumbuh karo piyayine. Ya amarga pancen wis dadi kesanggihan lan kuwajibane dadi warganing masarakat murih njaga kahanan sarta tentreming kampung, wayah wengi lan adhem Pak Kunta isih kersa nindaki rondha.

"Sugeng dalu, Dhik Prapto lan Dhik Bandhot," pangandikane Pak Kunta karo nyalami bocah sakloron. "Wadhuh, sing gedhe pangapurane, ya? Rada kasep anggonku mangkat rondha! Iki mau ndilalah ana tamu, mula nembe bisa teka saiki."

"Boten dados menapa, Pak! Menika wau namung sinambi ngobrol kaliyan nengga Bapak, Iha wong Mas Pramono ketingalipun boten saged dhateng wong erjing wau sampun weling kula, jalaran kathah pedamelan," wangsulane Bandhot. Prapto banjur ngaturake unjukan lan dhaharan sing pancen wis digawa saka ngomah, sawise Pak Kunta lenggah.

"Mangga lho, Pak, unjukanipun. Kaliyan nurwun sewu dipundhahar."

"Matur nurwun, Dhik," pangandikane Pak Kunta karo terus ngunjuk lan dhahar. Sinambi pangandikan marang Prapto lan Bandhot.

"Wah ... Yen dakwaspadakake saka kadohan kok katone gayeng anggone ngobrol. Iki mau ngrembuk babagan apa, ta?" Pak Kunta miwiti pangandikan kanthi semanak.

Sanalika Prapto banjur age-age matur blaka suta marang Pak Kunta apa kang diobrolake karo si Bandhot. Tangan lan sikil Bandhot bola-bali nyenggol anggone lungguh si Prapto, karepe mono supaya ora usah matur babagan Pramono. Nanging gandheng Prapto iku bocah sing lugu mula apa kang dicritakake Bandhot diaturke marang Pak Kunta. Sing dikarepake Prapto, bokmenawa Pak Kunta bisa ngelingake marang Pramono. Bandhot karo gedheg-gedheg katon isin lan anyel atine marang Prapto, banjur matur Pak Kunta, sawise Prapto rampung olehe cerita.

"Boten kok, Pak! Boten leres niku. Prapto namung ngayawara kemawon. Kula boten matur ngaten, kok," kandhane Bandhot gedheg-gedheg sajak ora ngakoni.

"Wis, diakoni wae. Kowe ra sah goroh lan ngapusi, Ndhot!"

Pramono dumadakan metu saka mburi pos rondha kang wiwit mau mung ngenteni rawuhe Pak Kunta supaya bisa madhangake rasa cubriyane Bandhot marang dheweke. Anggone Pramono nyuwara karo mbengok. Mula sanalika gawe kagete wong telu kang padha jagongan. Prapto lan Bandhot njenggirat. Jebul ora nyana lan ora ngira yen Pramono wis ana ing kono karo rai sing abang. Nesul Nesune Pramono kepara nekad. Dheweke wis arep ngathungake antemane marang Bandhot sing wis dicengkiwing jakete.

"Kurang ajar ya, kowe?"

Kari "mak dhés" Bandhot mesthi klekaran ora tangi-tangi. Prapto kang ora ngerti kahanan kaya mangkono banjur kanthi cukat lan trampil mlumpat nyekel tangane Pramono, terus diruket, lan diadohake saka lambene Bandhot sing kandel.

"Sabar, sabar, Mas Pram," mangkono aloke Prapto marang Pramono.

Pak Kunta semono uga banjur ngeret si Bandhot supaya ora sida kena bogen mentahe Pramono. Dheweke ngendika karo ngenih-erih supaya kanepsone Pramono ora mubal.

"Sing sareh, ya Dhik Pram? Minggir kene, Ndhot!"

Papan pos rondha dadi regjegan. Rame. Meh wae dadi papan pasulayan antarane Pramono karo Bandhot.

"Omong kuwi nganggo tatanan, nganggo aturan. Ditlesih dhisik bener lan lupute, nyata lan orane, supaya ora dadi sujanan lan ngedohake paseduluran!" omongane Pramono sing isih nesu karo ngendhunake tangan lan njaluk diluwari saka pangrukete si Prapto.

"Hiya, Mas, hiya. Wis sing sabar dhisik. Iki neng ngarepe Pak Kunta, lho. Sing sabar ya, Mas?" mangkono omongane Prapto marang Pramono.

"Hiya, Dhik ... wis ora apa apa."

"Nuwun sewu lho, Pak Kunta," Pramono matur marang Pak Kunta karo unjal ambegan.

"Wis ... yen wis lerem kene lenggah sing kepenak." Banjur pangandikane Pak Kunta kenceng marang Bandhot, "Bandhot, kowe mrenea ... lungguh!"

Bandhot katon wedi. Dheweke lagi saiki ngerti yen Pak Kunta iku jebul piyayine limpad tur rosa.

"Nggih, Pak. Nuwun sewu," ujare Bandhot karo mrenehake anggone lungguh.

Lungguhe jagongan dadi kaya ana rasa kang ora kepenak amarga kahanan kang nembe wae rame. Pak Kunta banjur miwiti pangandikan.

"Dhik Pram, daksuwun supaya sabar dhisik."

"Inggih, Pak. Kula sendika dhawuh," wangsulane Pramono karo mrenahake anggone sila.

"Ngene ya," ujare Pak Kunta, "duwe rasa cubriya marang liyan kuwi oleh-oleh wae. Nanging kudu eling lan ngerti. Manawa cubriya mung waton lan ora adhedhasar wewaton kan maton, kuwi dadine ora becik. Bisa nurwuhake pasulayan lan ngedohake paseduluran. Anggonku mrengs iki ya mung njaga sakabehe jalaran mau Dhik Pramono SMS marang aku."

Pramono karo Bandhot mung tumungkul. Pak Kunta banjur pitakon marang Bandhot, "Kowe ngerti ta yen dina Setu sing kepungkur Pramono mboncengake bocah wadon?"

"Ing ... inggih, Pak." Bandhot mangsuli sajak keweden.

"Nah, ngertiya ya, Dhik Bandhot. Bocah wadon sing diboncengake Pramono kuwi anakku sing nembe wae mulih saka Jakarta. Lan dhewekke isih ana peprenahan sedulur karo Dhik Pramono," mangkono Pak Kunta njlentrehake.

Sanalika kuwi raine Bandot dadi abang amarga isin, wirang! Dhewekke mung bisa ndhungkluk. Ora bisa kumecap babar pisan bareng ngerti yen kenya ayu kang diboncengake Pramono jebul putrine Pak Kunta!

Wengi lumaku kanthi alon. Hawane sangsaya adhem, kekes, lan nglangut. Nanging kabeh mau ira dirasa dering Bandhot amarga atine gela lan getun amarga wirang.

MENDHUNG KATRESNAN

Ki Wahyudi Purnama

Udan kang wus sawetara wektu dienteni katone bakal tumeka. Kahanan kang kaya mangkono iku sangsaya cetha. Mendhung ireng kerep ngumbara ana ing akasa.

Petenge mendhung padha karo petenge ati kang disandhang dening Sutini, prawan desa ing tlatah Kembangore. Bengi kuwi dheweke mampir ana ing omahe Wati—jeneng genepe, Setyawati—kang dadi mitra kenethele wiwit isih ana SMA biyen. Dheweke pancen wis suwe ora ketemu Wati. Udakara jam lima sore, Tini—mangkono undang-undangane Sutini—tumuju ana ngarep lawang biru omahe Wati.

“Kula nuwun Kula nuwun, Mbak” Mangkono panyaruwene Tini karo ndhodhog kori nganggo dnji.

“Mangga, mangga Sekedhap, nggih...?”

Keprungu swarane bocah wadon saka njero. Tini wis apa!, kuwi mesthi swarane Wati. Bareng lawang menga, tanpa dinyana Sutini age-age ngruket Wati karo nangis ngguguk.

“Mbak ... Mbak Wati ...!” pambengoke Tini.

“Lho, ana apa ta, iki?” pitakone Wati sajak kaget weruh Tini sing rikala jaman SMA seneng guyon kok saiki nangis kaya bocah cilik kelangan dolanan!

Sawetara suwe wong loro reruketan. Kanthi alon-alon Wati mapah Tini kang katon lemes tanpa daya. Tini mung marut dilungguhake ana ing ruwang tamu.

“Ana apa ta, Dhik?” pitakone Wati kanthi lirih. “Mbok sing sabar, ya? Coba critakna marang aku, mbok menawa aku bisa melu ngudhari perkaramu. Ngomonga, Dhik!”

Sing ditakoni isih meneng wae. Dukung gelem awèh wangsulan. Tangise isih sesenggrukan karo bola-bali ngelapi eluhi kang dleweran ana ing pipine kang alus kaya tomat. Sajak abot temenan kahanan kang disandhang dening Tini.

“Wis, disarehake dhisik atimu, Dhik. Dakjupukna ngombe, ya?”

Tini ora wangsulan. Dheweke mung mantruk. Mula Wati banjur menyat nang mburi saperlu njupuk ngombe.

Tini katon dheleg-dheleg. Mripate isih kumembeng eluh. Ati lan pikirane nglambrang ngrasakake perkara abot kang disandhang.

"Iki, diombe dhisik, Dhik!" kandhane Wati karo ngulungake banyu putih sagelas. "Kareben lereh atimu."

"Nuwun, Mbak," wangsulane Wati kanthi cekak.

Wati mesem. Atine ayem jalaran Tini wis gelem wangsulan sanajan mung sakecap.

Sawise ngombe, Tini banjur ambegan landhung. Sajake perkara kang abot katut mlebu wetenge Tini bebarengan karo banyu putih kang diombe.

"Wis Dhik, gek ndhang crita. Ana apa jalarane kok Dhik Tini katon peteng penggalihane?"

Tini mbaleri ambegan landhung kaping pirdho. Dheweke banjur nata ati saperlu ngudarasa marang kancane, Wati.

"Mbak Wati," mangkono Tini miwiti ngudhari ruweting ati, "apa bener katresnan iku bisa diparo dadi loro?"

Wati katon cingak keprungu celathune Tini. Sajak ana kang digagas dening Wati. Mula dheweke mung ndelengke mripate Tini kang isih kaca-kaca.

"Kepriye, Mbak? Kok malah meneng wae?" pitakone Tini weruh Wati ora awèh wangsulan.

"Yen miturut aku, sing jenenge katresnan kurwi ya kudu nyawiji. Dadi ora bisa dipotheng-potheng kaya ingkung," sumahre Wati sajak ngajak guyon.

Nanging Tini sing atine kelara-lara ora ngguyu babar blas. Dheweke katon mbesengut. Mbeguguk angutha waton! Swasana katon tintrim. Wati bali meneng maneh. Tini uga meneng.

"Apa bener kurwi, Mbak?" pitakone Tini sawise bocah wadon loro padha meneng-menengan.

"Lha ya bener ta, Dhik. Mosok, katresnan bisa diparo loro? Rak ya gawe laraning ati?" wangsulane karo mesem.

"Ya kaya mangkono kuwi laraning atiku, Mbak."

"Ooo, dadine Dhik Tini iki lagi ... lagi "dimadu", ta?"

"Mbak Wati iki ethok-ethok ra ngerti apa pancen ora ngerti?" pitakone Tini wiwit sengak.

"Apa sing kokarepake, Dhik?"

"Ngene ya, Mbak," wangsulane Tini karo nata lungguhe lan swarane, "Mbak Wati satemene rak wis ngerti yen aku iki wis pacangan karo Mas Jarwa? Nanging mitraku kang wis dakanggep sedulunku tuwa jebul mentala ngrebut priya kang dadi ganthilaning atiku. Apa ati iki ora lara, Mbak? Coba penggalihin, Mbak ...?" pitakone Tini kanthi swara groyok sajak ngampet kanepson kang wiwit ngithik-ithik atine.

Wati mung meneng. Atine wiwit bisa nggagapi pandakwane Tini marang dheweke.

"Yen ngono, Dhik Tini ndakwa aku. Ngono, ta? Aku mbok arani wis ngrebut Mas Jarwa?" wangsulane Wati semu rada nesu.

"Lha sanyatane piye, Mbak? Apa Panjenengan rumangsa? Yen pancen iya, ora ngapa. Aku lila, Mbak."

Tini wangsulan karo nangis rada sero. Luh kang wis ilang, saiki bali maneh ngrenggani mripate Tini. Karo nangis ngguguk, Tini nutupi raine.

Wati mung meneng. Ora bisa kumecap. Ing ati ngakoni yen dheweke pancen bisa diarani ngrebut priya kang dadi pacangane mitrane. Kuwi kabeh dilakoni jalaran dheweke rumangsa umure wis keladuk. Wedi yen diarani prawan tuwa, prawan kasep! Ndilalah wae Mas Jarwa uga kerep dolan ana ing omahe. Mula bener yen ana une-unen: witing tresna jalaran saka kulina. Pangirane Wati, sesambungane karo Mas Jarwa ora dingerteni dening Tini kang suwe ora ketemu karo dheweke. Jebul Tini wis ngerti lelakone kabeh! Blaik!

Swara azan maghrib keprungu saka kadohan. Mratandhakake para makhluk enggal manambah marang Gusti Allah. Sanajan swara azan bisa gawe tentreming ati kang ngrungokake, ora mangkono tumrap Sutini. Atine anyel, mangkel, tur panas kebranjang kanepson.

Dumadakan saka kadohan keprungu swara sepedha motor tumuju ing omahe Wati. Sutini wis ora pangling maneh karo swarane sepedha motor Honda abang weton taun 70-an kang kawentar diarani "si pitung". Kuwi mesthi swarane motore Mas Jarwa! Semono uga Wati, dheweke ya wis apal banget swarane sepedha motor sing mesthine wis mlebu musiyum kuwi.

Ora kaya adat saben yen Jarwa teka, saiki Wati ora bisa ngadeg! Dheweke katon kamigilen amarga rumangsa wadine bakal kawiyak. Ganti Sutini, dheweke enggal-enggal ngadeg njenggelek methukake tekane Jarwa.

Kanthi singsot-singsot sajak kelegan atine, Jarwa nyetandarke motor. Dheweke ora ngira yen bakal nemoni kedadeyan kang gawe gendra.

"Halo Sayang, Kangmasmu teka, lho ..." keprungu swarane Jarwa saka jaban lawang.

"Sayang ... sayang Apane sing sayang?"

Sepira kagete Jarwa nalika weruh Tini wis ngadeg malangkadhak. Mripate kang kembang-kembang eluh katon abang mbranang. Jarwa ndomblong kaya weruh setan sing ala rupane.

Ulat sumeh lan sumringahe Jarwa sadurunge mlebu ana njero omah dumadakan malik sanalika. Bingung, judheg, isin, kabeh dadi siji. Dheweke mung njegejer ngadeg tanpa bisa kumecap.

"Ngene iki ta Mas polahmu? Ora nyana lan ora ngira, Mas, yen sasuwene iki pranyata atimu cidra. Ora padha karo tembung pangucapmu kang kawetu marang aku. Kewiyak ta, wadimu?! Jebul ... jebul ...?!"

Sutini ora bisa mbacutake guneme jalaran eluh saka mripate tumetes ana ing pipine lan sirahe kaya arep pecah-pecaha.

Jarwa mung meneng ora bisa sumaur, raine dhungkluk. Wati semono uga. Dheweke ora bisa kumecap. Mung sepisan-pisan ngelap eluh ana mripate kang ora krasa uga tumetes ing pipine.

"Daktakon, Mas Jarwa!" swarane Sutini tansaya sero. "Layak wae yen saben-saben Panjenengan ora rawuh ana ngomah kuwi amarga Panjenengan wis gandheng kanca sesidheman karo mbak Wati. Aku wis ngerti mas, pangiraku wektu semana mung dhapur kebeneran wae Panjenengan ndherekake kondur Mbak Wati nalika njagong manten ana nggone Ratri. Jebul dibacutake ta, Mas?" omongane Tini karo njlentrehake.

Jarwa karo Wati isih durung bisa kumecap. Arep lungguh ora kepenak, jalaran anggone ngonek-onekake, tangane Sutini ngothang ngathung.

"Wis, Dhik, sabar ... sabar," panyelane Jarwa.

"Sabar? Sabar sing kepriye? Kahanan cetha kaya mangkene bisa-bisane Panjenengan akon sabar," wangsulane Tini kang isih nesu banjur nututi lungguh karo isih terus ngonek-ngonekake Jarwa.

Sawetara wektu Jarwa lan Wati mung meneng. Pancene wong loro ngakoni tumindake, nanging kepriye anggone arep awesh wangsulan yen Sutini durung mandheg anggone ngundhamana? Sawise tutug anggone nesu, Sutini banjur takon marang Jarwa lan Wati.

"Wis, Mas lan mbak Wati. Aku nyuwun katrangan kang gumathok. Aku lega lila Mbak, Panjenengan kersa urip bareng karo Mas Jarwa. Ning ya kuwi, menawa aku ... wis mati."

Dumadakan Tini ngetokake peso kang mingis-mingis. Arep ditancepake ada ing dhadhane. Wati njerit kaget. Jarwa mbengok. Banjur mak cek. Tangane nyaut nyekeli ugel-ugel tangane Tini supaya peso mau ora bablas ana ing dhadhane Tini.

"Dhik Tini ... Dhik Tini ... aja kaya ngono Dhik!" pangerihe Jarwa.

"Wadhuh ... kepriye ta, iki?" Wati bingung, banjur melu ngruket Tini.

"Culna, Mas ... culna tanganku. Lilakna aku ... lilakna aku, Mas ...!"

Swara tangising Tini mberot-mberot. Peso kang mingis-mingis klakon udhar saka tangane lan disaut dening Jarwa. Nanging gelas lan nyamikan kang ana ing ndhuwure meja tumplak ana jogan. Kahanan ing omah iku dadi ora karuwan. Saking ora kuwat nandhang laraning ati, Sutini banjur ... semaput!

Mendhung ireng ing akasa tansaya ngumbara, nambah peteng ing wengi iku.

KECELIK

Wahyono

Mungguh wong saiki yen arep rabi racake sing diudi ayu utawa bagus. Kabeh bandhane, duwe pangkat, utawa pegawe negeri. Sukur-sukur bisa dienggo praja-praja bisa ngangkat keluargane. Pancen akeh sing bisa kasembadan. Nanging uga akeh kang mung mandheg ing pangangen-angen wae.

Purwanti, sawijining cah wadon kang lugu, duwe rupa ayu. Umur udakara rong puluh taun. Karo wong turwane selak kesusu dirabekake. Nanging Purwanti ora cacak lan ora seneng kao bojone. Mula banjur nggeblas tanpa pamit wong turwane. Lunga neng Jakarta. Sing ditinggal dadi bingung, yakuwi Bapakne, Simbokne, apamaneh bojone. Lagi wae dadi manten anyar, durung rumangsa ngrasakake endahing wengi kang sepisan. Dheweke rumangsa isin. Apa maneh tangga teparo kepara padha pating greneng.

Ana ing Jakarta, Purwanti banjur entuk kenalan wong lanang udakara umur telung puluh taun. Jenenge Suyana. Nalika kenalan, Suyana ngaku isih jaka. Alamat Semarang, sakloring Kedungbatu. Anggone sawung wis setaunana in pabrik kayu lapis. Bareng rumangsa rumaket, Suyana nyembranani.

"Dhik, umpama aku nglamar kowe kira-kira sarujuk ora?" mangkono sembranane Suyana marang Purwanti.

"Mas, kowe arep nglamar aku kuwi apa wis kocawisake patukone, pa?" wangsulane Purwanti menjep nggemesake.

"Aja kuwatir, Dhik. Aku wis sumadya. Kowe arep njaluk apa, mesthi dakturuti," Suyana awèh janji.

"Yen ngono, kapan kowe ngomong marang wong uwaku?"

"Lebar bayaran sesuk apa piye?"

"Aku mung manut kowe, Mas. Sesuk bar bayaran ya kena."

Purwanti banjur ngajak marang Suyana arep diweruhake wong turwane sakloron ing Desa Mlati, Sleman. Bareng tekan ngomah, wong turwane padha nangis amarga saking kangene marang anak wadon siji sing dikira wis ilang ora bakal bali.

"Nyuwun pangapunten, Bapak lan Simbok. Rumiya kula damel sengkeling manah Bapak lan Simbok."

"Ya wis, Nok. Barang wis kebacut arep dikapakake maneh yen ora dipupus?" wangsulane Simbokne.

Bareng wus terang terwaca panglamare Suyana marang Purwanti, Bapakne nggeret Purwanti. Diajak mlebu banjur nanging Purwanti.

"Nok, kowe wis mantep diajak bebrayan karo Suyana?"

"Sampun, Pak," wangsulane Purwanti mantep.

"Apa kowe wis ngerteni njaba njerone wong kuwi? Jalaran saiki akeh wong sing ngaku-aku."

"Sampun, Pak. Wong Mas Yana menika badhe mundhutaken penganggan, gelang kalung, montor, lan sedaya ubarampene ijab badhe dipuntumbasaken."

"Apa wong kuwi sugih, Pur? Kok wis janji sing ketoke nyenengake."

"Ketingalipun sugih, Pak. Dipuntingali saking penampilane kemawon sampun sae."

Sawise Purwanti katanting dening Pak Arjo, Bapakne, banjur bali maneh nemoni Suyana lan banjur jawab yen panglamare Suyana katampa.

"Yen ngaten kula minangka tiyang sepuh gandheng sampun sami-sami remeripun, kula nyarujuki lan kula tampi penglamar Panjenengan."

"Manawi saged badhe lajeng kula ijabi supados tentrem, Pak."

"Manawi kula, boten sah kesesa. Wong Purwanti nembe umur selikur taun, kok."

"Boten dados menapa, Pak."

"Yen makaten, nggih mangga. Manawi enggal katindakaken, mendhet dinten menapa?" mangkono kandhane Pak Arjo marang calon mantune.

Bareng wus kalakon dadi bojone, Purwanti lan Suyana padha manggon dadi siji marang wong turwane nganti ndhungkap sewulan. Mula ndadekake Pak Arjo lan Bu Arjo padha ngudarasa.

"Pak, Purwanti wis ana sewulan jarene arep kaboyong neng Semarang? Ya gene kok ora sida? Lan maneh, Suyana yen mulih kok ora karo Purwanti?" celathune Mbok Arjo.

"Iya, Mbok. Kok ora cocok karo janjine, ya?" wangsulane Pak Arjo semu gumun.

Wus ganep limang sasi anggone Purwanti bebojoan karo Suyana. Nanging olehe bebrayan kaya-kaya ora tentrem jalaran ora cocok karo sing dikarepake Purwanti. Saben dina mung tansah padudon jalaran Purwanti kepengin weruh omahe sing lanang, nanging Suyana ora gelem nuruti. Mula Purwanti dikongkon dening Bapakne nggenahake ana ngendi papan lan

dununge bojone. Kok kaya ngandhut wewadi yen lunga utawa mulih neng omah ora kandha-kandha.

"Nok," kandhane Pak Arjo marang Purwanti, "bojomu saiki ana ngendi? Arep dakjak rembugan anggonmu omah-omah. Kok ora tau ketok?"

Purwanti sajak sedhik krungu omonangan Bapakne, "Mboten mangertos, Pak. Menawi kesah pamitanipun badhe nyambut damel."

"Lha iya. Banjur nyambut gawene ana ing ngendi? Kowe rak ya kudu ngerti, ta? Lan yen bali nang omahe wong tuwane, kowe kudu melu ben ngerti omahe."

Purwanti rada kewirangan bareng wong tuwane ndheseg terus anggone kepingin weruh omahe Suyana. Rikala semana, Purwanti nggeblas minggat amarga dirabekake dening wong tuwane. Lha kok saiki pilihane dhewe kaya mangkono? Mula Purwanti banjur wangsulan kang sajak sengol.

"Sampun, Pak. Sampeyan mboten sah mikir bab Mas Yana. Kula piyambak ingkang ngurus."

"Lha ora mikir kepriye ta, Ndhuk? Wong kowe ki anakku. Banjur kepriye karepmu yen wis kaya ngene? Apa maneh kowe wis mbobot, Ndhuk?"

"Nggih, Pak. Benjang dinten Ahad kula badhe madosi Mas Yana. Lha wong kula nggih sampun ngertos alamatipun, kok."

"Yen karepmu mangkono, muga-muga bisa ketemu omahe. Aku uga mung memuji supaya anggonmu bebojoan bisa becik."

Dina Ahad esuk, Purwanti sida budhal menyang Rembang nggoleki bojone sing wis sewulan ora mulih. Bareng wis tekan terminal Genuk, Purwanti numpak becak tumuju marang ing Desa Rembang, Purwanti mudhun saka becak, takon marang tukang tambal ban sepedha.

"Nyuwun sewu, Pak. Dalernipun Mas Suyana menika pundi, nggih?"

"Suyana ingkang pundi? Ingkang sampun gadhah anak menapa ingkang dereng?" wangsulane Pak Tuwa tukang tambal ban.

Purwanti bingung. Mula dheweke banjur wangsulan, "Ingkang dereng gadhah putra, Pak."

"Ingkang dereng gadhah anak, griyanipun ingkang dilabur pethak niku. Nanging ingkang sampun gadhah anak, griyanipun ingkang dicet ijo niku," wangsulane tukang tambal ban sinambi nudingi omah sing dikarepake.

"Matur nuwun, Pak."

"O inggih, Nak"

Purwanti banjur mara ing omahe Suyana sing during duwe anak. Eee, jebul dudul! Purwanti semlengeren. Dheweke banjur mara ing omah cet ijo.

"Kula nuwun" Purwanti uluk salam ing sangarepe lawang.

"Mangga" sumaure wong lanang saka njero omah.

Mak jegagik! Purwanti kaget. Wong lanang sing lagi metu saka njero omah uga kaget.

"Dadi ... kowe ki wis duwe anak ta, Mas?" pitakone Purwanti marani bojone. "Memper, yen unine nyambut gawe jebul niliki anake. Yen ngono milih endi, aku apa bojo tuwa?"

Suyana ora bisa kumecap. Mak klakep. Raine pucet.

Krungu rame-rame ing ngarep omah, bojone Suyana metu. Dheweke kaget bareng weruh ana wong wadon ayu ngunek-ngunekake bojone. Bojone Suyana cicing-cicing tapih. Sikile sing lemu giruk-giruk tur ireng katon kaya penthungane pak satpam.

"Eee, dadi ana dhayoh sing ora diundang, ta? Kok wani ngunek-ngunekake bojoku, sapa kowe teka-teka nglabrak?"

"Aku bojone Mas Yana sing resmi," mengkonono celathune Purwanti karo nesu. Basan Purwanti ngaku bojone, Surti bojone tuwa tambah nesu lan nggeret sing lanang.

"Dadi kowe lunga seprana-seprene ki ming koanggo rabi, ta? Jarene mulih kecopetan? Oo, dadi dienggo tuku blangkrah kaya ngono?"

Ngerti yen bojone ngapusi, Purwanti terus nggeblas mulih wadul karo wong tuwane.

"Ya wis, pancen nasibmu kaya ngono. Suk meneh yen duwe bojo kuwi kudu diteliti. Aja mburu senenge dhewe."

Purwanti saiki wis dadi randha lan duwe kekarepan nyambut gawe ana ing Semarang. Jalaran anake wis umur rong taun lan wis dititipake marang wong tuwane, mula Purwanti banjur pamit.

"Pak, kula ndherek anak kula Ari, kula siyos badhe nyambut damel wonten Semarang ndherek Lik Ponidi wonten pabrik plastik."

"Ya, ngati-ngati ya Nok? Mengko yen duwe bojo maneh kudu koteliti dhisik."

Sawise pamit, Purwanti terus njujuk omahe Lik Ponidi, sedulure kaprenah jekne.

Anggone nyambut gawe wis entuk rong tahun. Purwanti dilamar sawijining wong lanang kang ngaku jaka tur anake wong sugih pisan, omahe Magelang.

Purwanti pancen seneng diiming-imingi barang mewah. Dheweke nyaguhni panglamare wong mau. Purwanti kepengin nepungake calon marang wong tuwane.

Purwanti klakon dadi bojone Samingan.

"Dhik, aku dakmulih dhisik. Arep nyiyapake omah kanggo awake dhewe," pamite Samingan marang bojone, Purwanti.

Kamangka Samingan mulih ana ing omahe mung arep nylamurake bojone tuwa sing wis duwe anak loro supaya mulih utawa tilik wong turwane ana Salam.

"Bu kowe kok wis suwe durung tilik simbok lan bapak ana ing Salam? Yen arep tilik mumpung aku duwe duwit. Mengko dakwenahi dhuwit yen kanggo tuku oleh-oleh," kandhane Samingan marang bojone sing tuwa nalika wis tekan omah.

"Aku ya kepingin tilik, Pak. Wong wis suwi ora tilik. Banjur kira-kira pirang dina, Pak?"

"Nek isa ya sing suwe. Kira-kira rong sasi. Dimen mari kangene. Anake dijak kabeh."

Bareng wis sarujuk, Samingan menehi dhuwit marang Hamidah supaya tilik wong turwane. Hamidah ora ngerti yen dheweke mung diapusi dening bojone, Samingan.

"Hmm, aman tentram dame sejahtera!" grenenge Samingan bareng bojo lan anak-anake wis mangkat.

Samingan klakon mboyong Purwanti mulih menyang omahe. Nanging sadurunge rong sasi dumadakan Hamidah mulih. Dheweke kaget bareng weruh ing omahe ana wong wadon. Purwanti uga kaget. Teka-teka ana wong wadon drajag-drajag mlebu ngomah tanpa kula nurwun.

"He ...he, kowe ki sapa?" pitakone Purwanti.

"Lho, aku sing duwe omah iki, je! Kowe ngopo neng kene?" wangsulane Hamidah ganti pitakon.

"Aku ki bojone Mas Samingan."

Keprungu swara wong wadon padha padu, Samingan metu saka kamar. Mripate isih riyip-riyip amarga kebengen anggone turu. Weruh bojone mung nganggo sarung. Hamidah muntap karo ngunek-unekake Samingan.

"Mas, saiki kowe wis wani-wani ngapusi aku. Aku iki kurange apa? Yen kaya ngene, kuwi pilih aku apa pilih wong wadon sing ora tata iki?"

Samingan rame anggone padudon karo bojone, Hamidah. Purwanti mung lenger-lenger. Atine rumangsa kecelik maneh. Nanging kepriye wong wis ping telu dadi mantan? Arep njaluk pegat wis isin karo tangga teparo. Mula, bisane ya mung pasrah.

Sawise Hamidah muring-muring lan njaluk pegat, Samingan nyaguh. Sanajan Samingan wis megat Hamidah, Purwanti ora sreg amarga Samingan ya ngapusi. Mula Purwanti wis ora percaya maneh marang wong lanang. Bola-bali wus rumangsa kecelik!

BINGUNGE WONG TUWA

Ponidi

Pak Krama lungguh ana ing ngarep omah. Katon dheleg-dheleg kamitenggengen. Arep nyuwara ora bisa jalaran pikirane kebak prakara kang ruwet lan gawe bingung. Dene Bu Krama ibut nguleg uba rampe kanggo ngingang. Mbako sing gedhene sabal pingpong banjur diputer-puter ngebaki cangkeme. Sanajan untune Bu krama warna coklat, untune isih wutuh. Durung ana siji-sijia untune sing ninggalake gusine kang ireng rupane. Beda karo Pak Krama sing sanajan lagi umur seketan taun, nanging untune mung kari limang iji. Kuwi wae wis padha krowok lan kepingin urwal saka gusine.

"Piye ta, Bu, anake dhewe iki. Jaman ngrekasa kaya ngene kok ndadak durwe pepinginan kaya anake wong sugih," grenenge Pak Krama ing sandhinge bojone sing isih ibut menerke susur.

"Lha iya ta, Pak. Seje karo jamane awake dhewe. Sekolah sing adohe pirang-pirang kilo mung mlaku turut galengan sawah."

"Lha iya kuwi, Bu. Bocah saiki ora padha gelem ngrekasa. Sing diajab mung kepenake dhewe. Iya yen awake dhewe iki sugih. Lha wong kanggo mangan wae bisa diarani sedina kaping pindhho. Omah ya mung waton bisa kanggo ngeyub menawa kepanasan utawa kodanan," wangsulane Pak Krama sinambi ambegan landhung. "Wis pira-pira awake dhewe iki, sanajan kesrakat bisa nyekolahake anak. Ya amarga aku ora kepingin anake dhewe iki uripe kesrakat kaya wong turwane. Nanging kok ya kebangeten jenenge bocah saiki. Ora ndeleng kahanane wong turwane."

"Ya ngono kuwi, Pak. Kabeh iki jalaran pasrawungan kang salah. Ubyang-ubying mrono-mrene. Ra padha gelem sinau sing tundhone kanggo nggayuh masa dhepane," ujure Bu Krama kaya ngerti-ngertia.

"Hinn, judheg aku ngrasakake bocah saiki!" Pak Krama nggremeng karo nyekel bathuke. Bu Krama meneng wae sajak ngrakit tembung kang bakal diandharake.

Pak Krama pancen lagi bingung. Lha kepriye anggone ora bingung. Anake lanang ontang-anting sing jeneng Pardi esuk mau mutung ora gelem sekolah. Lan saiki embuh nglayap menyang ngendi. Isih gawang-gawang ing mripate Pak Krama kaya ngapa pokale anake lanang.

"Pak, pokoke aku ora gelem sekolah yen ora ditukokake sepedha montor! Aku isin kari si Retty yen mung nyepedha onthel. Mosok hari gini isih ngonthel. Isin aku, Pak!" swarane Pardi sero.

"Piye ta, Le, karepmu. Kowe rak ngerti dhewe kahanane Bapakmu sing mung tetanen? Kepriye anggone bisa tuku sepedhah montor sing regane mesthine ya jutaan?Mbok dipikir maneh!"

"Ning Bapak rak bisa adol sawah?!"

"Sawah iki tinggalane Simbahmu, Le. Tur ya mung telung petak."

"Nha! Rak ya bisa didol sapetak wae ta, Pak?"

"Wis ta, Le. Sing baku kowe iki sekolah sing sregep. Besuk yen wis mergawe lan bisa entuk dhuwit dhewe, sakarep anggonmu arep tetuku."

"Walah, Pak. Sesuk ya dipikir sesuk. Saiki ya kudu dipikir saiki. Lan tuku sepedha montor kuwi butuhanku saiki!"

"Wis ta, Le. Manuta Bapakmu. Yen Bapak wis durwe dhuwit, mengko rak ya daktukokake sepedhah montor"

"Kapan, Pak? Kapan?! Wis, pokoke ngene. Yen Bapak ora nukokake sepedha montor, aku trima ora sekolah."

Pardi mbedhal saka ngarepe Bapak sing mung lungguh njenger. Suwe anggone thenger-thenger ngrasakake pokale anake lanang. Lungguh ing kamar ora jenjem. Dheweke banjur metu nang njaba omah kang banjur kasusul dening bojone.

"Ya wis lah, Pak. Dituruti wae apa kang dadi karepe anake lanang. Tinimbang ora becik kedadeane? Lha wong saiki jamane ya wis seje karo jamane awake dhewe." Bu Krama kang isih nyusur matur marang bojone. Pak Krama noleh. Sajak gumun.

"Banjur dhuwit saka ngendi sing arep dienggo tuku sepedhah montor kuwi? Regane ora murah lho, Bu!"

"Yen mung adol sawah sapetak rak ya ora ana alane ta, Pak? Mengkone yen si Pardi wis bosan pit-pitan montor, rak ya bisa didol maneh."

"Ya wis, Bu, yen kaya ngono kekarepanmu."

Pardi klakon ditukokake pit motor sanajan Bapakne kudu adol sawah. Saben dina si Pardi sing isih kelas telu SMP kuwi mung seneng-seneng nunggang pit motor. Ngalar ngidul mboncengake bocah wadon genti-genti.

Pak Krama atine sangsaya judheg lan bingung. Sawise ditukokake pit motor, ulangane Pardi sangsaya jeblok. Biji telu lan papat tansah nrenggani wulangan padinane.

"Karepmu kuwi piye ta, Le? Wis ditukokake sepedhah montor kok malah ora tau sinau?"

"Sinau kuwi mengko yen arep ujian, Pak. Wong lagi seneng-senenge ngepit montor kok diunek-unekke!"

"Ora kok ngunek-unekke! Ning mbok ya aja lali anggonmu sinau. Yen ngene iki caramu, kowe bisa ora lulus ujian. Kamangka saiki angel lulus-lulusane."

"Wis ra, Pak. Aku ki dudu bocah cilik maneh. Ra sah dituturi kaya ngono," wangsulane Pardi sengak.

Pak Krama mung bisa ngelus dhadha. Ing sajroning batin ngudamana, "Wo alah, kok ya kaya ngene kedadeane anakku? Ya amarga tansah dituruti dening Ibune apa kang dadi panjalukke, wateke dadi manja lan sakarepe dhewe."

"Kowe rak krungu dhewe wangsulane anakmu lanang kuwi ta, Bu? Yen wis kaya ngene, njur kepriye?" pitakone Pak Krama marang bojone sing lagi mentas olah-olah ing pawon.

"Ya kepriye maneh ta, Pak? Jenenge wae bocah enom. Ya kaya ngono kuwi lageyane," wangsulane Bu Krama kanthi enak lan kepenak wae.

"Iki kabeh amarga apa sing dadi kekarepane tansah koturuti, Bu. Dadine ya gedhe ndhase!"

"Kok malah nggedhek-nggedhekke ndhase anake dhewe, ta? Wis lah, Pak. Mengko rak ya mari dhewe!"

"Mari? Kapan bisa mari? Yen kaya ngene terus, marine yen wis nemahi kacilakan!"

"Kula nuwun..."

Dumadakan keprungu swarane wong mertamu.

"Sapa ta, ya?" grenenge Pak Krama sajak nesu. "Oo, Pak RT. Mangga, Pak. Lenggah lebet."

"Matur nuwun, Pak Krama. Namung sekedhap, kok. Menika badhe ngabari bilih si Pardi saweg wonten griya sakit."

"Griya sakit? Wonten menapa, Pak?" pitakone Bu Krama karo cicing-cicing jarite.

"Pardi kecelakaan, Bu. Pit motore dipun tabrak bis!"

Sanalika kuwi uga, Bu Krama semaput. Pak RT lan Pak Krama age-age awèh pitulungan. Bu Krama dibopong Pak Krama mlebu kamar.

"Badhe nyuwun pamit, Pak Krama," Pak RT pamitan nalika Bu Krama wis mathang-mathang ana ing ndhuwur ambèn.

"Matur nuwun inpormasinipun, Pak RT," wangsulane Pak Krama.

Nalika Pak RT wis ora katon wewayangane, Pak Krama ambegan landhung. Pikirane bingung. Anake lanang kecelakaan lan saiki ana ing rumah sakit. Njur kepriye kahanane. Lan saiki bojone malah semaput. Bingung.

"Pak, ayo saiki uga menyang rumah sakit. Piye anake lanang, Pak?" pitakone Bu Krama nalika wis sadhar saka semapute.

"Awake dhewe ndonga wae, Bu. Muga-muga anake dhewe slamet," Pak Krama ngerem-rem bojone sing tansah nangis wae. "Wis, saiki wae langsung mangkat. Mundhak kesuwent!"

Pak Krama lan Bu Krama menyang rumah sakit nunggang pit onthel. Sadalan-dalan Bu Krama isih durung bisa meneng. Luhe tansah mbanyu mili. Mlebu plataran rumah sakit, atine Pak Krama lan Bu Krama kaya dirujit-rujit.

"Piye Pak, kahanane anake dhewe iki?"

"Sing sabar, Bu. Ndonga marang Sing Kuwasa!" kandhane Pak Krama kanthi sareh.

"Ning atiku tansah ora jenjem, Pak." Bu Krama nrambul karo mlaku age-age tumuju ing *receptionist*.

"Mbak, nyuwun pira. Menapa wonten pasien ingkang nembe mlebet?" pitakone Pak Krama marang kenya sing jaga ing kono.

"Sinten nggih asmanipun?"

"Pardi, Bu," Bu Krama nyaut saka mburi. Ora sabar.

"Oo, ingkang nembe kecelakaan, nggih?"

"O, inggih. Samenika wonten ing ruang pundi?"

"Nyuwun pangapunten, Bu. Eee"

"Pripun, Mbak? Samenika dipun rawat wonten pundi?"

"Amargi kawontenanipun inggih sampun parah ngaten, ngantos pit motore criyosipun inggih remuk, putra Bapak kaliyan Ibu tilar nalika wonten ing perjalanan"

Durung rampung anggone petugas jaga ngandharake kahanane anake lanang, Bu Krama banjur semaput.

"Buuu ...," panjerite Pak Krama kanthi swara kang nyaket ing gulu. Ya ing wektu iki Pak Krama nemahi kahanan kang gawe bingunge ati. Anake lanang tiwas, bojone semaput. Durung maneh pit montore sing ajur mumur. Saking bingunge, Pak Krama uga melu semaput!

UNDANGAN SEMBAKO

Sri Widiastuti

Jago kluruk muni saur-sauran. Manuk-manuk wis wiwit padha ngoceh. Mratandhani menawa wayahe wis bangun esuk. Kaya adat saben aku metu saka kamar. Sawise sesuci lan ngadhèp Sing Gawe Urip, banjur menyang pawon nindaki gaweyan saben dinane.

Dina iki minggu katelu. Mula kaya padatan, aku cepak-cepak arep mangkat pengajian Ahad kang bakal diwiwiti jam enem iki. Yu Mento, tanggaku, wis celuk-celuk. Swarane kang cemengkring ngagetake manuk empit kang lagi golek pangan ing wit-witan ngarep omahku.

"Bu ... Bu ..., mangkat ngaji ora? Saiki Minggu Kliwon lho. Guru ngajine apik tur lucu!"

"Mangkat, Yu! Entenana sedhela, ya? Aku dakganti klambi," sumaurku saka njero omah.

Ora suwe anggoku ibut ganti klambi. Yu Mento isih nunggu ing plataran karo nyawang tetanduranku.

"Wis ayo, Yu! Liyane ngendi?"

"Durung padha mangkat, Bu. Dienteni karo mlaku wae."

Aku runtang-runtung mlaku bareng Yu Mento. Sinambi mlaku alon-alon karo ngenteni kanca liyane, aku takon marang Yu Mento.

"Aku mung arep takon, Yu."

"Ana apa, Bu? Kok sajak wigati?"

"Apa kowe wis nampa undangan? Wong wingi sore iki bocah-bocah takmir mesjid rak ngedumi undangane."

"O, undangan kuwi, ta? Wis kok Bu, aku wis nampa undangane."

"Ya wis yen ngono, Yu. Dakkira durung."

"Lha ana apa ta, Bu?" pitakone Yu Mento sajak kepengin luwih cetha.

"Ora kok, Yu. Ora ana apa-apa. Mengko rak awake dhewe entuk dum-duman sembako."

Karo isih nerusake laku, aku karo Yu Mento saka kidul. weruh ketembang-ketebange Yu Sudi sing saka kadohan karo bengok-bengok.

"Yu Mento ..., Bu ... Bune! Kula dientosi."

Gandheng dibengoki kaya ngono, aku lan Yu Mento ya nunggu sauntara. Bareng wis cedhak, banjur salam-salaman sinambi mlaku.

"Pripun Yu Sudi, le dodol buwah-buwahan rak nggih kreceg, ta?"

"O alah, Bu! Kreceg napa! Sakniki kahanane niku pun beda! Boten kaya wingi-wingi. Sakniki sepi! Titip seket bali limolas, ngoten niku pun pinten-pinten dinten, Bu. Harak marahi rugi, ta?"

"Ya wis, Yu. Ditampa dhisik. Pancen kahanane ya lagi kaya ngenel Reregan ya ra umum kabeh regane. Durung nek ndelok TV kae Yu! Anane mung dhemo ra uwis-uwis, He eh ta Yu?"

"Lha enggih, Bu. Pemimpine nggih didhemo kon medhun, korupsi ten pundi-pundi papan," ciuluke Yu Mento metu-metu urun rembug.

"Pancen bener kabeh kandhamu, Yu! Negarane dhewe ki jan-jane ya lagi lara. Lha piye ... ta? Ndilalah bae, negarane ki lagi diwenehi ppacoban karo Sing Maha Kurwasa. Ndhek emben awake dhewe wis ngrusakake anane lindhu kang gedhene ra jamak. Ngrusakake apa bae, ya omah, ya isine omah, ya uwong lan apa bae."

"Leres minka, Bu!"

"Kabeh ora bisa suwala menawa kang gawe urip wis ngrusakake. Ora bandha, ora bandhu, ora nyawa kabeh wis digarisake. Awake dhewe anane mung pasrah. Harak ngono ta, Yu!"

"Lha enggih. Ajeng priipun malih, Bu Endang? Wong pancen ngoten niku," aloke Yu Mento.

Bareng wis meh tekan mesjid, Yu Mento takon marang Yu Sudi.

"Yu Sudi, aku takon. Apa undhanganmu wis kokgawa? Sebab mengkone bakal dienggo jupuk jatah sembako. Nek ora nggawa undhangan ora bakal oleh."

"Undangan apa, Yu?" Yu Sudi wiwit rada sengol.

"Kuwi lho, Yu," semaure Yu Mento sareh. "Wingi sore ki cah-cah takmir mesjid ngedumi undhangan. Mbok kana, ngomah ditiliki dhisik mbokmenawa disinggahke anakmu."

Keprungu kandhane Yu Menta babagan bakal entuk dum-duman sembako lumantar surat undhangan, Yu Sudi semparet terus mulih. Ibut nggone mlaku. Rasah nganggo menga-mengo. Tekan ngomah muring-muring ora karuwan. Anak-anake ditakoni kabeh ra ana sing ngerti. Sangsaya tambah nesu. Takon mrana-mrene kekitrang ra karu-karuwan. Jupuk pit mara neng nggone takmire.

"Sampun dibekta wong RT 01, Yu," sumaure takmir.

Tanpa sranta, Yu Sudi nyengkelak pit, mara nggone RT-ne.

"Pak RT, undhangan sembako kula teng pundi?! Kancane dha didumi, kok kula boten. Niku jenenge rak bedak-bedakke ta. Dadi RT ki kudune ngerti. Sing kudune diwenehi ki sing wonge kekurangan. Ora malah kuwalik. Sing sugih-sugih lan sing mambu sedulur kok malah oleh. Niku

jenenge rak KKN, ta?! Dadi RT ra jegos bae kok ya dipilih karo rakyat! Apa njaluk didhemo?" grenenge Yu Sudi isih karo mangar-mangar lan muni-muni ra karu-karuwan sinambi lunga. Atine rumangsa lega amarga bisa ngunek-unekake RT-ne sing dianggep ora adil marang dheweke.

Pak RT kang ora ngerti pa bengkong mung meneng bae. Karo lenger-lenger, takon ing batin, "Aku ki bengi ngimpi apa?"

Neng dalan, Yu Sudi ketemu karo Gotri. Dheweke uga banjur takon.

"Le, apa kowe ngerti sapa sing ngedum undhangan sembako?"

"O, nganu Lik, nggene njenengan niku ketoke digawa kalih Doni. Niku Lho, anake Pak Dhe Suhar."

Cengkelak. Yu Sudi ngenggokke pite terus ngener neng ngomahe Doni. Bareng wis ketemu banjur nakokake undangan sembako.

"Kowe nggawakake undhanganku nggo jupuk sembako?"

"Boten je, Dhe. Kula boten nggawa undangan."

"Apa, dadi kowe ora nggawa undhangane? Biyangane tenan ki. Kabeh wis dha sentimenten tenan karo aku, iyoh! Tak trima! Ning arep takgoleki nganti ketemu. Dumeh wong ra duwe bae padha ngece karo aku."

Tekan protelon desa, Yu Sudi ketemu Pak Nata.

"Ngapa je, Yu, kok ketoke lagi nesu?" takone Pak Nata.

"Lha pripun ta, Pak? Dumeh kula wog ra duwe malah diiyik-iyik. Onten undhangan ngge njupuk sembako teng mesjid boten disukakke kula. Napa men kula ora oleh ngoten, ta? Harak ngece ta niku? Wong sing ketok-ketok malah dha diundang. Niku pripun Pak nek ngoten niku?"

"Oo, undhangan neng mesjid? Ngene lho, Yu. Sing oleh undhangan kuwi wong-wong sing ora tau mangkat. Nek kowe rak sregep mangkat. Dadi ya ora oleh undhangan. Ngono kuwi lho, Yu! Wis dhong durung?"

"Yen ngaten nggih pun Pak, kula pun ngertos dhodhok selehe. Nuwun nggih, Pak?"

Yu Sudi nyengklak pite bablas neng mesjid. Dum-duman sembako wis diwiwiti. Aku lan Yu Mento uga wis nampa. Kari nunggu Yu Sudi.

Bareng Yu Sudi nampa sembako, dheweke katon seneng atine, ketara ngguya-ngguyu sebab wis lali karo mau anggone muring-muring ngunek-unekake RT-ne sing ora ngerti apa-apa. Bot-bote dadi RT!

Tekan ngomah, buntelan tas kresek ireng banjur dibukak. Jebul isine beras, mi, gula, lenga, lan andhuk!

"*Alhamdulillah,*" pamujine Yu Sudi.

Dhasar ...!!!

Selokambang, 6 Agustus 2006

TRESNA KANG CULIKA

Nining Siswoyo

Wengi kang sepi. Ora ana wong kang kumlebat ing njero omah kono. Sumiliring angin kang semiyut gawe kekesing atine Astuti. Wanodya kang lagi ngalamunake gaweyane kang banget gawe cuwa atine. Dumadakan ora kenyananyana garwane, Prastawa, njedhul saka mburi. Gawe kagete Astuti kang lagi ngalamun.

"Jeng, kok durung sare? Ana apa ta, Jeng? Saiki wis jam setengah loro. Apa durung ngantuk? Sesuk rak sliramu tindak kerja lan kudu ngopeni putramu, ta? Mbok sareha ta, Dik. Ayo, aku ya wis ngantuk. Besuk uga aku mlebu esuk."

"Aku ora bisa turu. Rasane ora ngantuk kok, Mas. Embuh, atiku rasane ora kepenak. Ana pikiran kang ngganjel ana atiku. Lan sejatine aku durung ngandel tenan yen ana kedadeyan kaya ngene," wangsulane Astuti karo dheleg-dheleg mirsani Mas Pras kang salah tingkah ana ngarepe Astuti.

"Mbok aja sok seneng nggugoni kandhane wong liya sing durung karuan bener. Bisa uga kuwi mung kanggo ngobong-obongi sliramu supaya panas marang aku." wangsulane Prastawa kang sakjatine wedi konangan pokale sing ora becik.

"Mas, aku lila menawa sliramu arep ninggalake aku lan putramu. Ngeboti wanita sing mbok tresnani. Aku ikhlas lair batin, Mas. Nanging aja gawe laraning atiku, Mas. Daksuwun Panjenengan blaka marang aku. Aku wis ora kuwat maneh, Mas. Weruh Panjenengan tindak karo wanita liya. Banjur lali neng keluarga. Kamangka saben dinane alasane jaga lan patroli terus. Dadi aku mbok anggep apa ta, Mas? Yen ngene, awake dhewe pisahan wae, Mas. Aku lila," kandhane Astuti nyrocos karo netesake eluh kang orang leren-leren.

"Jeng, aku njaluk pangapura menawa akeh gawe dosa lan nglarani atimu. Nanging karepku ora ngono kuwi. Aku kepengin anggone omah-omah ki awake dhewe tetep langgeng ora ana alangan sawiji apa. Nganti kaken-kaken lan ninen-ninen," Prastawa ngglembuk bojone karo ngrangkul pundhake.

"Ora, Mas. Atiku wis kebacut lara. Aja dadi cuwane atimu, Mas."

Astuti alon ngeculke rangkulane Prastawa. Priya kang brengose njlaprang kuwi mung bisa meneng. Dheweke pancen rumangsa luput. Sajake Astuti wis ora bisa diarhi-arhi maneh. Atine wis kebanjur lara. Arepa diobati, laraning atine ora gampang bisa mari.

Esuke, Astuti sida pepisahan karo bojone. Sadurunge ninggalake omah lan mulih neng dalem wong turwane, dheweke weling marang Prastawa.

"Mas, arepa awake dhewe wis pisah, nanging aja nganti pepisahan iki ndadekake awake dhewe memungsuhan. Mas, sakabehe luputku, aku nyuwun pangapura. Muga aja dadi gerahing penggalih Pajenengan. Aku nyuwun pamit, Mas Pras," ujare Astuti marang Prastawa kang isih slemengeren amarga kepedhotan tresna.

Astuti sakjatine ora tegel ninggalake bojone. Nanging kepriye maneh? Tinimbang nglakoni urip bareng atine kaya diobong, luwih becik nglungari golek katentreman.

"Jeng, apa sliramu tegel tenan marang aku?" pitakone Prastawa memelas.

Astuti ora mangsuli. Dheweke banjur lunga karo nggendhong anake sing isih umur rong taun. Senadyan jroning ati katon abot banget ninggalake bojo kang wis menehi wiji marang dheweke.

Sawise rong sasi ditinggal bojone, Prastawa sangsaya ndadi anggone ngoyak wanita. Saiki dheweke nggandheng Rina sing njaluk tanggung jawabe Prastawa.

"Mas Pras, sak cepete aku kudu kojab jalaran aku wis ngandheg tetung sasi. Mula aku nyuwun tanggung jawabmu," mangkono kandhane Rina marang Prastawa ing sawijining dina.

Prastawa sawetara wektu tumungkul. Bareng wis bisa nata ati, Prastawa aweh wangsulan.

"Iya, aku bakal tanggung jawab. Nanging bisaku mung ijab siri wae. Yen sliramu ora bisa nampa, guguma wae olehmu mbobot."

Keprungu wangsulane Prastawa, genti Rina sing tumungkul. Gandheng wis kebacut klebus, Rina gelem nampa apa sing dikarepake Prastawa.

"Ya, aku manut sliramu, Mas. Dijab siri aku trima. Tinimbang kewirangan," kandhane Rina pasrah.

Prastawa klakon ijab klawan Rina. Lan saiki wis dadi siji ana omahe Prastawa minangka gantine Astuti.

Dasar Prastawa priya bagus lan gagah pideksa, thukmise sangsaya ndadi. Sanajan wis duwe sisihan anyar, dheweke isih tetep mburu wanita kang ayu-ayu rupane. Karepe, kabeh wanita arep dinikah Prastawa kanggo nguja hawa nafsune kang seneng ngumbar asmara.

Kaya ngapa larane atine Rina bareng anake lair ora ditunggori Prastawa, Bapakne. Malah saiki Prastawa yen mulih nganti bengi. Sajake wis ngliuwakake kewajibane minangka kepala rumah tangga.

"Yen mulih kok nganti mbengi ta, Mas?" pitakone Rina nalika Prastawa mulih saka makarya. Mlakune katon gloyoran arepe tiba.

"Wis, rasah kakehan lambe. Aku mulih mbengi ki rak ya golek dhit" wangsulane Prastawa sajak atos.

Rina mung ngehus dhadha. Sajak getun dene gelem dadi bojone Prastawa kang nganti titi wanci iki mung dinikah siri.

"Ah, iki kabeh luputku. Bokmanawa Gusti paring ukum karna marang awakku kang wis ngrebut Prastawa saka sisihane," Rina ngudarasa. Nglokro.

Mula, sapolahtingkahe bojone mung dinengke wae. Saben mulih wis meh jam rolas mbengi.

Prastawa pancen sregep golek tambahan rejeki kanggo seneng-seneng. Yen bengi jaga ana kafe. Ya ana ing kafe kuwi akeh wanita kang gelem diajak seneng-seneng. Malah dheweke ketemu karo Hesti, penyanyi ana ing kafe kono.

Hesti. Wanita kang dadi penyanyi kafe pancen ayu tenan. Mula Prastawa kesengsem karo kenya kang ayu rupane. Prastawa ora numangsa yen dheweke satemene mung dikereti dening Hesti. Kang kaya mangkono ndadekake bale wismane morat-marit. Anak bojone mung dijatah dhuwit sacukupe. Ya mung cukup kanggo ngganjeli weteng.

Kanggo nyeneng-nyenengake Hesti, Prastawa nila makarya nyungsang njungkir. Panibasan sirah digawe sikil, sikil digawe sirah. Asile makarya kedhungsangan ngono kuwi sing 90% diflesebke ing suwalike klambine Hesti.

"Mas Pras, yen Panjenengan seneng karo aku, Panjenengan kudu gelem nuruti apa wae sing dadi panjalukku. Aku gelem dadi bojomu, Mas Pras. Apa Panjenengan kersa? Nanging saiki aku butuh dhuwit. Apa panjenengan kersa nuruti?" Pitakone Hesti karo ngetus-elus pipine Prastawa kang lungguh ana ing cakete.

"Pira?"

"Ora akeh, Mas. Mung satus yuta!"

Prastawa sing wis mabuk "godhong kates" mung ho'o wae marang apa kang dijaluk dening Hesti.

"Aku wenehi apa wae panjalukmu. Kabeh panjalukmu bakal daklaksanani. Ya amarga aku tresna tenan marang sliramu."

"Yen Panjenengan kena dakantepi, aku ya ora tidha-tidha maneh anggonku arep nresnani Panjenengan," wangsulane Hesti karo menjep sajak kalegan amarga apa kang dijuluk bakal dituruti dening Prastawa. Kanthi mangkono, dheweke bisa seneng-seneng karo pacare, Pardy Surantono.

Klakon, amarga tuntutanane Hesti kang abot, mula dheweke kudu bisa golek dhurwit kanthi cara kang cepet. Kepriye carane?

Prastawa entuk dalan. Ana salah sijine kanca ing kafe sing gelem menehi gawe kanthi bayaran kang gedhe banget. Bisa atusan yuta! Durung nganti sesasi anggone bisnis, Prastawa bisa kelakon dadi jutawan. Emane, bojo lan anake mung kari entuk bageyan 1%. Ora luwih! Ewadene sing 99% dienggo seneng-seneng karo Hesti. Kamangka sawise karo Prastawa, Hesti uga banjur seneng-seneng karo Pardy Surantono kang luwih gagah prakosa.

Sawise meh setaun dadi jutawan, Prastawa diglandhang menyang kantor polisi. Lha kok? Prastawa pranyata dadi salah sijine bandar narkoba sing wis pirang-pirang sasi diincer dening polisi. Ya wiwit dina kurwi Prastawa bisa ngrasakake adheme hawa ana ing sel tahanan kantor polisi. Tur maneh, lemut ana njero sel gedhere sak dara-dara. Tobat!

Nanging prastawa sore mau sing gawe atine Prastawa kemropok kaya diobong geni nraka. Hesti mbesuk Prastawa kang lagi ngringkel ana njero sel karo ... nom-noman gagah prakosa! Mesra banget Hesti kelet ana ing bangkekane nom-noman sing pancen bagus.

"Mas, kowe mapan ana ing kene iki wis trep karo apa sing kok-lakoni. Saiki aku ora sudi yen kudu ngoperi kowe. Dene omah lan mobil kang wis dadi duwekku bakal tak dol. Amarga aku wis duwe calon bojo kang luwih enom, bagus, lan sugih, mula lilakna aku ninggalake kutha iki. Karya slamet, lakonana urip neng pakunjaran, ya?" kandhane Hesti sajak ngece. Tangane isih ngrangkul bangkekane Pardy Surantono, calon bojone.

"Hesti, aku kaya ngene iki amarga mung ngaboti sliramu lan nuruti panjalukmu. Kena ngapa saiki sliramu ora setya tuhu marang aku?" pitakone Prastawa saka suwalike ruji-ruji sel kang rapet

"Setya?" Hesti gumuyu kepingkel-pingkel. Pardy Surantono uga melu mesam-mesam.

"Matur nuwun, Mas. Sliramu wis menehi dhurwit lan bandha kang ora sethuhik marang calon bojoku. Muga-muga amal Panjenengan tinampa dering Gusti," pamujine Pardy Surantono kang gawe atine Prastawa sangsaya panas. Kemropok

"Kurang ajar! Minggat ... minggaat!"

Prastawa bengok-bengok nundhung Hesti lan calon bojone. Raine abang mbranang kaya urang disate.

“Aku pancen arep minggat saka kene. Wis, ayo Mas, wong edan kuwi ben ngrasakake turu ing hotel prodeo kene,” kandhane Hesti karo njawil tangane Pardy Surantono.

Nom-noman loro kuwi banjur metu saka ruwangan sel. Metu karo nggawa esem kabungahan. Dene polisi sing njaga sel banjur kumat marang Hesti.

“Terima kasih atas informasinya, Bu. Jika tidak ada informasi dari Ibu, bandar narkoba yang licik dan licin ini tentu masih gentayangan mencari korban untuk menghancurkan generasi muda bangsa!”

Krungu kandhane polisi sing kumat marang Hesti, Prastawa klenger!

MAKALAH:

SAKEPLASAN BAB CRITA CEKAK

A.Y. Suharyono

Salaras karo jenenge, crita cekak mujudake sawijining crita sing cekak. Lire, seratan crita cekak mau yen kawaca sepisan wis entek alias rampung. Dadi, ora ana bacute maneh kaya kang awujud crita sambung. Pengarang kang nedya nulis cerkak mesthi wae anduweni sangu sing cukup, saora-orane bab karya sing arep dianggit. Upamane, pengarang nduweni rancangan arep nulis cerkak sing gegayutan karo kadurjanan. Ironing pikiran kudu wis ana gegambaran yen si anu dadi copet marga kepepet kahanan ekonomi. Dheweke lagi sepisan kuwi nyopet. Gandheng durung pengalaman, jebul sing dadi korban sawijining polwan. Ing kene penulis nyoba ngengreng mungguh kepriye prayogane milah lan milih bab pokok sawijining cerkak, yaiku alur, teknik, lan judhul.

1. Alur

Tumrap penulis pemula, ngarang bisa digawe kanthi runtut. Tegese, bisa runtut saka pambuka prekara, klimaks, antiklimaks, lan panutup. Mung, yen wis kulina, bisa bae aturan mau ora dienggo, kayata miwiti sawijining crita ora kudu saka pambuka, ning saka tengah utawa pungkasaning crita.

Upamane: ing wiwitan crita si anu (tokoh) digebugi dening wong akeh marga konangan anggone nyopet. Ironing dipriksa polisi, pengarang lagi njlentrehake kena apa dheweke nyopet. Sawise iku, crita ing bab kedaden sakawit. Nalika diinterogasi polisi, critane terus mili nganti pungkasan. Mung bae, pengarang kudu waspada. Saben bab aja nggladrah kang tundhone ngentekake papan. Yen kakehan, ironing pambuka, anggone gawe klimaks, anti kimaks, lan panutup dadi katon kesusu lan kurang becik.

Malah, bisa uga alur diwiwiti saka pungkasane crita. Upamane: ing pambuka si tokoh wis neng kunjara. Ironing ngobrol karo penjahat sak sel, si tokoh nyritakake kena apa dheweke diukum. Ing kono, kanthi runtut diisi swasana rumah tangga sing rekasa, anake lara, kamangka dheweke nganggur. Wusana nekad nindakake kadurjanan kang wusanane konangan lan nganti klakon mlebu kunjara. Mangkono sapiturute, alur bisa digawe sageleme manut krentege pengarang. Amrih ana gegambaran gumathok, bisa ditindakake kanthi cara kang prasaja. Upamane: luwih dhisik gawe ringkesan cerkak cukup

watara 4—5 alinea. Saben alinea nyritakake kanthi kronologis nganti alinea kang pungkasan. Sawise iku lagi diiling ing cerkak kang sabenera.

2. Teknis

Gawe cerkak kanggo kalawarti basa Jawa dibutuhake 5—6 polio ukuran spasi rangkep. Dene, yen kanggo koran cukup rong lembar polio. Judhul ditulis ing ndhuwur tengah, dene jeneng pengarang ditulis ing ngisore. Cerkak kaperang dadi loro antarane narasi lan dhialog. Narasi menehi gegambaran utawa swasana, dene dhialog isi rembugan paraga. Ora ana ancer-ancer, narasi kudu dumadi pirang baris. Mung bae minangka pathokan, watara 6—10 baris. Tumrap dhialog ana tatacara mirunggan, diwiwiti kanthi tandha (“) kang papane sangisor alinea. Yen dhialog mau singkat, upamane mung sabaris, uga ditutup kanthi tandha (“). Nanging, yen dhialoge dawa lan purjul saka sabaris, baris ngisore olehe miwiti katrangan saka ngisor alinea lan saka pinggir utawa garis margo.

Supaya naskah sing digawe bisa dititi apik lan orane kanthi cepet dening kalawarti, ana cara sing dienggo, yaiku kanthi sistem kalender. Upamane mengeti Dina Proklamasi 17 Agustus. Saben media massa mesthi butuh naskah sing ana gegayutane karo pengetan mau. Yen nedya ngarang tema kasebut, prayoga sesasi sadurunge wis dikirim. Kanthi mangkono, redhaksi wis bisa ngoreksi naskah mau, layak lan orane diemot. Srana iku, penulis pemula bisa dititi kanthi cepet. Dene, yen tema sing dipilih sifate umum olehe ngoreksi bakal suwe. Akeh dina penting sing kudu dipahargya, kaya dene *hari besar keagamaan* Idul Fitri, Natal, lsp. Semono uga dina gedhe sing sipate nasional. Dadi, sanadyan sistem kalender, bab tema ora ana enteke.

3. Judhul

Judhul utawa irah-irahan minangka ringkesan saka naskah sawutuhe lan ora ana aturan judhul kudu ringkes apa dawa. Ana cacah loro sing bisa ditindakake jroning gawe judhul, digawe dhisik apa ker. Yen digawe dhisik ateges wis ana pranatan sing mesthi, tegese anggone ngripta aja uwal saka sing wis digawe. Tumrap pemula, cara mau luwih gampang sebab pengarang dikudokake dhisiplin. Judhul uga bisa digawe ker utawa sawise naskah rampung. Adat saben sing ngene iki tumrap pengarang sing wis kulina awit diwawas luwih longgar lan bebas jroning ngolah proses kreatif. Yen ana idhe dadakan, langsung bisa ditulis. Sawise temen-temen dadi lagi diwenehi judhul.

Yogyakarta, Juni 2006

MEMBANGUN SEBUAH CERITA

Krishna Miharja

Mengarang Itu Gampang

Mengarang itu gampang, hati senang, dan dapat uang. Mengarang pada dasarnya adalah berkomunikasi. Seperti halnya kita berbicara, ada yang berbicara dan ada yang mendengarkan. Tak berbeda dengan *'ngrasani kancame'*, ada saatnya membangun situasi, ada tokoh, ada saatnya membuat trik-trik, ada saatnya menekankan kejadian yang perlu, ada *'bumbu penyedapnya'*, dan mengakhirinya. Jika komunikasi berbentuk tulisan, rasa-rasanya sama seperti saat kita menulis catatan di buku harian, artinya kita berkomunikasi dengan diri kita sendiri. *Meskipun pilek, bau tubuhmu masih tercium sejak kau pulang tadi siang hingga saat ini.* Sungguh lucu jika si pembaca bukan pemilik buku harian itu sendiri. Kenapa bisa mencium bau sedangkan dalam keadaan pilek? Tentu pembaca hanya akan meraba-raba kejadian sebenarnya. Mungkin, si tokoh baru saja bertemu dengan pacarnya siang harinya, lalu malam harinya dia menulis catatan hariannya. Lalu baju yang siang itu dipakai dolan bersama pacarnya sengaja di gantung di kamar tidurnya hingga bau parfum pacarnya menyebar. Nah, itu yang mengetahui dengan benar hanyalah si penulis sendiri.

Tak ada penganang yang buruk, yang ada hanyalah penganang yang tahu pembacanya

Mengarang Itu Bebas

Dengan mengarang kita bisa membuat suatu dunia yang aturan-aturannya tidak harus menanti anggota DPR bersidang membuat PP-nya. Kita bisa membuat tokoh yang pintarnya *'minta ampun'*, tokoh yang *'bloonya'* selangit, bahkan tokoh yang bisa hidup tanpa perut maupun kepalanya. Kita bisa mencaci maki seenaknya, kita bisa menyanjung dan mengagumi sesuatu, hingga kita bisa membunuh, bisa korupsi, bisa bercinta, tanpa harus dipenjara. Kita bisa menjadi benar-benar *'Sang Pencipta'* untuk dunia yang kita ciptakan itu. Tapi, ketika sebuah karangan harus dibaca oleh orang lain, kita juga harus menghormati kebebasan orang lain. Bukan berarti kita harus tunduk dan patuh dengan konvensi yang ada, tapi bisa saja kita mencoba mencairkan konvensi yang ada agar karya kita *'mengapung'* dalam masyarakatnya.

*Semakin kita dikenal pembaca,
semakin mudah kita bercerita-ria*

Memburu Ide Dasar

Sebuah proses keberangkatan tentu berawal dari sebuah titik, dan titik inilah yang pada waktunya kita anggap sebagai suatu pemicu atau detonator dari sebuah ledakan karya. Orang sering menyebutkan ilham. Mengarang tidak harus 'menunggu ilham', menanti 'wangsit' seperti Mbah Manjan, baru kemudian mencari alat tulis ketika sudah mendapatkannya. Bagi pengarang, kehidupan ini adalah *alas gung liwang-liwang* yang penuh misteri sekaligus penuh emas permata ilham. Tapi, ilham tak begitu saja menghampiri kita. Meski ada 'di mana-mana', seorang pengarang harus memburunya, atau menggantinya, atau siap menangkapnya ketika ilham itu tiba-tiba datang menghampiri. Apapun bentuk ilham itu, harus kita tangkap cepat-cepat, dan konon cara paling aman adalah dengan mencatatnya dalam buku harian atau kertas. Karena ada saja ilham yang bagai jilangkung 'datang tanpa diundang dan pergi tanpa permissi'. Nah, prinsip pemulung perlu juga dimiliki oleh pengarang, apapun yang kira-kira berguna perlu 'kita sikat saja'. Penuhi gudang otak dengan berbagai hal, karena suatu saat nanti kita tak perlu lagi berburu jika saja di gudang kita sudah ada yang kita ingini.

*Pengarang adalah pemburu
sekaligus seorang pemulung*

Mengambil Tema

Jika ilham atau ide atau detonator sudah didapatkan, tak pelaklah kita bagai memiliki sebuah 'bom ransel' di punggung. Tinggal kita memilih waktu dan tempat meledakkannya. Tema adalah area luas yang membuat seorang pengarang harus bisa memilih untuk area peledakan ide-dasar karangannya. Ketepatan dalam memilih sebuah tema untuk ide dasarnya akan membuat efek yang sangat dahsyat. Kesalahan menempatkan ide di dalam area tema yang luas, akan membuat karya kita tak akan terdengar gaungnya, dan berlalu begitu saja. Tema yang selama ini *mem-format* banyak pengarang adalah tema cinta. Dalam matematika, mungkin tema bisa diibaratkan sebagai 'semesta himpunan' atau 'himpunan universal'.

Bau tubuhmu tergantung di dinding kamar. Sebuah ide tertulis di catatan harian. Ide ini bisa diangkat dalam tema cinta oleh si penulis karena si penulis memang sedang asyik pacaran. Tapi bisa saja diangkat dalam tema sosial, karena baju itu dibelinya dengan susah payah setelah penulis bekerja sebulan sebagai '*laden tukang batu*'. Atau bahkan akan lebih runyam lagi jika baju itu baju pinjaman, terjadilah konflik antara harus segera mencuci dan mengembalikan

atau membiarkan tergantung sambil terus mencium bau harum pacarnya. Seorang pengarang harus memilih yang paling tepat agar ledakan idenya benar-benar menggema. Satu yang perlu diingat adalah penguasaan terhadap area tema yang kita pilih. Ketidaktahuan tentang sesuatu yang akan kita tulis akan membuat sebuah cerita benar-benar hambar. Tentu kita tak ingin pembaca tertawa saat membaca tulisan drama kita, atau malah menangis saat membaca tulisan komedi kita.

Pengarang bukan orang buta yang terpaksa bercerita

Topik dan Masalah

Dari tema besar yang kita inginkan, mau tak mau kita harus lebih mempersempit diri pada tahap penulisan berikutnya, dan kita sebut saja 'topik'. Dalam sebuah cerita panjang, kadang seorang pengarang bisa memasukkan beberapa topik ceritanya. Tapi dalam sebuah cerita pendek, lebih arif jika kita pilih satu topik saja. Kemudian, hal yang sangat penting adalah saat seorang pengarang menggandengkan ide-ilhamnya pada masalah yang diciptakannya. Pertimbangan dalam memilih masalah salah satunya adalah nilai keaktualan masalah itu sendiri. Masalah yang basi meski abadi tak lebih menarik bagi pembaca daripada masalah yang aktual, apalagi jika kita bermaksud mempublikasikan tulisan kita lewat koran. Lain soal, jika kita akan menulis untuk dijadikan sebuah buku, maka masalah-masalah yang abadi akan lebih berarti. Penyelesaian sebuah masalah yang diciptakan oleh seorang pengarang kadang akan membosankan jika hanyalah sesuatu yang stereotipe dengan kehidupan sehari-hari atau bahkan klise.

Bau tubuhmu masih menggantung di segenap langit-langit kamar. Jika topiknya adalah jatuh cinta, bisa saja kemudian si tokoh menutup pintunya sambil makan obat pilek serta membayangkan yang memiliki bau tubuh itu. Jika masalahnya selingkuh, bisa saja si tokoh membuka jendela membongkar dindingnya atau malah memberi minum es kepada istrinya agar pilek. Jika masalahnya adalah tokoh yang 'sebel' dengan bau itu, bisa saja diselesaikan dengan yang lebih mengejutkan, misalnya dengan memotong hidungnya sendiri agar tak lagi mencium bau itu.

Masalah dan penyelesaian yang mengejutkan lebih menarik pembaca

Memilih Tokoh

Setelah sebuah masalah kita tentukan, yang paling 'tricky' adalah memilih tokoh yang akan dimainkan. Dalam tahap ini, kita perlu belajar dari penokohan dalam dunia wayang. Bahwa sesosok tokoh dan tokoh lainnya harus tidak senama ataupun sewatak. Contoh bagus adalah tokoh punakawan di dunia pewayangan. Empat punakawan yang ada: Bagong, Petruk, Gareng, dan Semar, memiliki model watak yang sangat berbeda sehingga seorang dalang bisa saja semalam suntuk memainkan empat tokoh itu tanpa kehilangan masalah pembicaraannya. Bayangkan, jika dalam satu 'kelir' hanya ada Wisanggeni, Sadewa, dan Kresna yang hampir mirip model dan wataknya, tentu setengah jam tayang saja seorang dalang akan kelabakan. Bayangkan, jika tokoh yang kita buat adalah semacam Janaka, Puntadewa, dan Abimanyu, tak urung kita tak bisa menceritakan demonstran yang membakar rumah.

Dengan adanya tokoh yang berbeda watak akan lebih banyak mengundang dialog dan permasalahan daripada tokoh yang sewatak. Seperti itu juga sebabnya dalam dunia ketoprak, peran '*dagelan*' atau '*wuhu cumbu*' selalu ada, gunanya untuk menghidupkan tokoh sentral. Seperti itu juga jika kita amati cerita Cina 'Kera Sakti', di sana juga ada tiga tokoh yang benar-benar bisa menghidupkan cerita yakni: Pat Kay yang mata keranjang dan *mbugusi*, Go Kong yang sakti tapi kurang ajar, dan Wu Ching yang jujur dan sedikit goblok. Demikian juga jika kita memilih tokoh dalam cerita pendek, usahakan jangan terlalu banyak, misal tiga tokoh saja: yakni antagonis, protagonis beserta peran pembantunya. Dalam cerita panjang, kita bisa lebih leluasa memunculkan tokoh, meski begitu tetap saja diingat bahwa kesamaan tokoh yang satu dengan lainnya cuma akan memperkeruh otak kita dalam mengatur alur cerita yang kita ingini.

Bagong, Petruk, Gareng dan Semar adalah contoh penokohan yang sangat berhasil

Dengan memilih tokoh yang tepat, kita dapat memainkannya dengan mudah dan tentu akan lebih menarik. Selain itu, ada yang cukup penting, yaitu saat kita memilih nama tokoh. Nama tokoh akan jadi sangat penting jika kita menulis cerita babad, atau cerita sejarah. Misalnya, kita tak akan memilih nama seorang wanita ningrat zaman Majapahit dengan sebutan Siti Aminah. Selain berkaitan dengan zaman kejadiannya, nama tokoh sering juga memiliki sedikit kaitan dengan wataknya. Misalnya, seorang penjahat tentu tak akan kita beri nama Muhammad Bashori, karena nama ini lebih dekat dengan seorang tokoh

agama. Tentu akan lebih klop jika tokoh jahat tersebut diberi nama Gondhes. Meskipun demikian, hal ini juga bukan suatu harga mati. Boleh saja untuk tujuan ironi kita membalik-balikkan nama dengan keadaan keseharian. Selain itu, bentuk tubuh tokoh juga mempengaruhi perwatakan tokohnya, misalnya kita tentu tak akan mencipta tokoh satpam yang tubuhnya kerempeng. Masih ada yang perlu diperhatikan saat kita memilih tokoh, adalah gaya bicara si tokoh juga akan mencerminkan perwatakannya. Cara paling gampang menggambarkan tokoh, salah satunya adalah dengan meng-*image*-kan salah satu teman kita sebagai tokoh dalam cerita yang kita tulis.

Begitulah selintas bahan bangunan cerita yang perlu kita cermati sebelum kita memulai duduk di depan komputer atau mesin ketik. Setelah semua bahan sudah tersedia, tinggalah kemauan kita yang dibutuhkan. Nah, ingat bahwa paspor bagi seorang pengarang adalah karya-karyanya.

Salam Kreatif!

BIODHATA PENGARANG LAN TUTOR

A.Y. Suharyono, lair ing Ngayogyakarta, 28 Juli 1952. Pangripta Jawa kang prodhuktif iki saiki ngasta ing Lembaga Indonesia Perancis ing Ngayogyakarta. Uga mulang Basa lan Sastra Jawa ana ing Taman Dewasa, Jetis. Kabeh majalah Jawa ing Surabaya utawa ing Ngayogyakarta racake wus tau direnggani dering pengarang siji iki, embuh arupa cerkak utawa cerbung. Kepara novel-novele uga akeh kang wus terbit. Kiprahe ing donyaning sastra kawiwitan nalika dadi/nggabung karo Persada Studi Klub asuhane Umbu Landu Paranggi. Pengurus Pagagan lan pengurus SSJY iki saiki lenggah ing Mangkuyudan MJ III/345, Yogyakarta. Yen kepingin sesambungan, nomer HP-ne 08562894372.

Christina Sukini, S.Pd., lair ing Sleman, 9 Desember 1953. Bu Guru kang duwe NIP 131386516 iki mulang ana ing SMPN 3 Depok, Sleman. Dene sing dilenggahi Prayan Wetan RT 6 RW 35, Condongcatur, Depok, Sleman. Nomer telepone (0274) 541678.

C. Sri Hartuti, Dra., lahir ing Kulonprogo, 29 Desember 1949. Gelar Sarjana Muda saka Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa (1971), dene gelar Sarjana saka IKIP Negeri Yogyakarta (1984). Predhikat Guru kasandhang wiwit taun 1972. Makarya ing sandhengah pawiyatan swasta nganti taun 1979. Dene wiwit taun 1980 makarya ing SMP Negeri 2 Yogyakarta. Ing babagan Organisasi rate dadi Ketua MGMP Basa Jawa, kota Yogyakarta (1992-1994, 1994-1996), Ketua MGMP Basa Jawa Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta (1994-2002), lan wiwit taun 1992 kadhawuhan natar lan tugas dadi Instruktur Muatan Lokal Basa Jawa. Jejibahan liyane yakurwi dadi anggota Tim Pengembang Kurikulum Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, Tim Pengembang Kurikulum Kota Yogyakarta, narasumber Kota Yogyakarta (1992), narasumber Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta (1992-2004). Bu Guru sing wis akeh nerbitake buku iki lenggah ana ing Karang Sari Wetan RT 15 A RW 35, Banguntapan, Bantul. Nomer telepone (0274) 7190831.

Endang Sri Suparningsih, S.Pd. (Nining Siswoyo), lair ing Medan, 6 Juni 1962. Guru sing mulang ana ing SMPN 4 Yogyakarta iki lenggah ing Gedongkuning 6 RT 02 RW 33, Banguntapan, Bantul. Nomer telepone (0274) 412466.

Iriyanti, S.Pd., lair ing Yogyakarta, 19 November 1958. Guru Basa lan Sastra Jawa ana ing SMPN 8 Yogyakarta iki lenggah ing Pamukti Baru, Tlogo, Prambanan, Klaten. Nomer telepone (0274) 496996 utawa 081802630631.

Krishna Mihardja, S.Pd., lair ing Ngayogyakarta, 17 September 1957. Lulus saka jurusan Matematika, IKIP Yogyakarta. Wiwit nulis sastra nalika isih dadi mahasiswa. Kabukten, karyane wus kacathet ing antologi puisi mahasiswa ASEAN. Karya-karyane ora mung abasa Jawa, nanging uga abasa Indonesia, kayata cerkak/cerpen, cerbung, guritan/puisi, esai, novelet, lan uga dongeng. Karya-karyane kuwi wus akeh kang diterbitake. Dheweke kalebu pengarang sing prodhuktif sarta inovatif. Sing cetha, pengarang kang karyane wus kapacak ing hudyana nasional lan dhaerah iki uga melu ngembani Pagagan lan dadi anggota SSJY. Dene lenggahe ana ing Pirakbulus, Sidamulya, Godean, Sleman, Yogyakarta. Nomer HP-ne 08122710887.

Pomidi, A.Md., lair ing Sleman, 11 April 1949. Mulang ana ing MtsN Godean. Nomer telepon sekolah (0274) 797389. Saiki lenggah ing Cibuk Lor, Margoluwih, Seyegan, Sleman.

Ris Hartini, lair ing Kulonprogo, 1 April 1950. Guru Basa lan Sastra Jawa ana ing SMPN 12 Yogyakarta iki lenggah ing Jalan Sidokabul, Gang Abimanyu 1, Dagsan, Sorosutan, Umbulharjo, Yogyakarta. Nomer telepone Bu Guru sing duwe hobi berkebun lan njahit iki (0274) 415993.

Siti Atibah, S.Pd., lair ing Klaten, 20 Juli 1958. Bu Guru sing duwe hobi maca lan makarya (apa wae) iki mulang ana ing SMPN 9 Yogyakarta. Asil karyane kepara wis akeh, lan nate dadi peserta terbaik penyusun naskah pembelajaran multi media. Saiki lenggah ana ing Jalan Garuda 50 A Banguntapan. Nomer telepone (0274) 451249 utawa 081328859191.

Siti Kisdiyantini, S.S., lair ing Yogyakarta, 31 Agustus 1972. Mulang ana ing SMP 1 Banguntapan. Saiki lenggah ing Prawirodirjan GM II/1239 Yogyakarta. Nomer telepone (0274) 389019 utawa 08157918933.

Siti Nurul Chayati, Dra., lair ing Yogyakarta, 14 Juli 1958. Mulang ana ing SMP Muhammadiyah 2 Yogyakarta. Saiki lenggah ing Kauman GM I/303 Yogyakarta. Nomer telepone (0274) 386936 utawa 081328077606.

Siti Shobariyah, Dra., lair ing Sleman, 31 Januari 1958. Mulang ana ing SMPN 1 Moyudan. Saiki lenggah ing Krandon, Pandowoharjo, Sleman. Nomer telepone 081328844316.

Slamet Hariyadi, B.A. (Ki Bancak), lair ing Sleman, 28 Agustus 1956. Priyayi kang asring nulis macapat lan guritan iki ngasta ana ing AMPN 5 Yogyakarta. Guru Basa Jawa kang prigel iki saiki lenggah ing Jalan Garuda 12b, Kranggan, Bokoharjo, Prambanan, Sleman.

Slamet Nugroho, S.Pd., lair ing Klaten, 5 Juni 1974. Guru kang duwe NIP 490032017 iki mulang ana ing SMPN 2 Sanigaluh, Kulonprogo. Hobine ing donyane seni lumayan pepak, kayata karawitan, teater, kethoprak, maca puisi /geguritan, ngangggit cerkak, lsp. Wiwit SMA aktif ana ing kegiatan ekstra (teater), ing pawiyatan luhur aktif ana ing UKM Kamasetra (Keluarga Mahasiswa Seni Tradisi). Asring main kethoprak, kalebu sutradara. Kajaba dadi pengrawit/pangiring lomba tari tingkat nasional, uga pengrawit grup tari Ramayana ing Prambanan. Uga nyambi dadi Pranatacara ana ing adicara wiwahan. Bebarengan karo kanca-kancane ngedegage paguyuban SLENK (Suka Langen Endahing Kasusastran) kanggo nglestarekake lan mekarake kasusastraan Jawa ing kalangan generasi mudha. Dene saiki lenggah ana ing Dengok Wetan RT 04 RW IV, Bugisan, Prambanan, Klaten, Jawa Tengah. Nomer HP-ne 081328241547.

Sofwan, Drs., lair ing Magelang, 5 April 1959. Lulusan S-1 jurusan Bahasa Jawa, IKIP Yogyakarta (1985), iki mulang ana ing SMPN 1 Yogyakarta. Saiki lagi ngrampungake tesis S-2 jurusan Linguistik Terapan ana ing UNY. Priya sumeh kang sregep nulis buku-buku pelajaran Basa Jawa kanggo murid SMP (wiwit taun 1991 nganti seprene) iki lenggahe ana ing Ketandan 69 RT 02 RW 38, Banguntapan, Bantul. Nomer telepone (0274) 452192.

Sri Widiastuti, S.Pd., lair ing Yogyakarta, 26 Mei 1961. Guru kang mulang ana ing SMPN 13 Yogyakarta iki duwe hobi maca. Saiki lenggah ing Selokambang, Gatak, Tamantirto, Kasihan, Bantul. Nomer telepone (0274) 386425.

Subinah, S.Pd., lair ing Sleman 10 Oktober 1956. Mulang ana ing SMPN 4 Pakem. Saiki lenggah ing Baratan, Candibinangun, Pakem, Sleman. Nomer telepone (0274) 898031.

Sumirah, S.Pd., lair Boyolali, 8 Juli 1968. Mulang ana ing SMP Marsudi Luhur. Saiki lenggah ing Bangunrejo TR I/1607 Yogyakarta. Nomer telepone (0274) 553909.

Wahya, Drs. Lair ing Sleman, 5 Februari 1956. Mulang ana ing SMP Muhammadiyah 3 Mlati. Saiki lenggah ing Bedingin, Sumberadi, Mlati, Sleman. Nomer telepone (?).

Wahyudi Purnama, Drs., lair ing Yogyakarta, 12 Januari 1968. Guru sing mulang ana ing SMP Taman Siswa, Jetis, iki uga baut ing donyaring seni karawitan. Klakon dadi penata iringan pembonang (1999), sendratari (2000), festival ketoprak (2002, 2004), dolanan anak (2006). Asil karyane kayata TB dolanan anak, naskah dolanan, iringan festival sendratari, kethoprak, lan sapanunggalane. Saiki lenggah ana ing Klurak Baru RT 02 RW 04, Bokoharjo, Prambanan, Sleman. Nomer telepone (0274) 498241 utawa 08157987240.


Wasi Riyanto, lair ing Cawas, Klaten, 17 September 1962. Mulang Basa Jawa ana ing SMPN 1 Ngawen. Lenggah ana ing Hadimulyo, Balak, Cawas, Klaten. Nomer telepone 085643035117.

Wiwik Indriyani, S.Pd., M.Si., lair ing tlatah Boyolali, 15 Oktober 1973. Gelar Sarjana Pendidikan saka Fakultas Bahasa dan Seni IKIP Yogyakarta (1997). Dene gelar Magister Sains (Jurusan Ilmu Lingkungan) saka UNS (2003). Predikat Guru kasandhang wiwit taun 1998 nalika mulang ana ing SMPN 2 Klego, Boyolali. Dene wiwit taun 2004 mulang ana ing SMPN 10 Yogyakarta. Ibu “In” iki uga minangka Tutor Daerah Bidang Seni lan Budhaya ing Boyolali, nalika taun 2000–2001. Jejibahan liya sing isih lumaku wiwit taun 2005 yakuwi minangka Fasilitator ana ing Depdagri, Yogyakarta, mbimbing Karya Tulis Ilmiah Guru-Guru SMP lan SMA Sa-Kabupaten Magelang. Ing babagan organisasi, minangka Sekretaris Bidang Olahraga dan Seni PGRI cabang Umbulharjo (wiwit taun 2004). Panaliten uga akeh kang wus diasilake, kayata Implementasi Pendekatan CTL dalam Pembelajaran Bahasa Jawa sebagai Upaya meningkatkan Aktivitas dan Hasil Belajar Siswa di SMP Negeri 10 Yogyakarta (2005). Wordene prestasi kang kasil dicekel yakuwi Juwara I Guru Berprestasi Tingkat Kabupaten/Kota Yogyakarta (2006). Saiki lenggak ing Demakan Baru TR III/785B, Tegalrejo, Yogyakarta. Nomor HP-ne 08122627962 utawa nomer telepon (0274) 7100504.

—&&&—

SUMUNAR

*ANTOLOGI CRITA CEKAK,
BENGKEL SASTRA JAWA 2006*



**BALAI BAHASA YOGYAKARTA
2006**